ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ АЎЫЛ ҲӘМ СУЎ ХОЖАЛЫГЫ МИНИСТРЛИГИ**

**ТАШКЕНТ МӘМЛЕКЕТЛИК АГРАР УНИВЕРСИТЕТИ НӨКИС ФИЛИАЛЫ**

# ПСИХОЛОГИЯ

## ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ

Дүзиўши: Наўрызова А

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

# Тема: Психология пэни, оның әҳмийети.

1. **Психология пэни, предмети, оның әҳмийети.**
2. **Психика ҳаққында түсиник.**
3. **Психология илим сыпатында.**
4. **Шығыс ойшыларының психологиялық көз-карaслары.**
5. **Психологияның басқа пэнлер менен байланысы.**

**Психология предмети ҳәм оның әҳмийети.** Ҳәр бир адам аспанның көк, тереклердиң жасыл екенлигин көреди, көшеден шығып атырған сеслерди еситеди, затлардың ыссы ямаса суўық екенлигин сезеди, яғный ҳәр бир инсан қоршаған орталықты сезеди ҳәм қабыл етеди. Инсан ойлайды ҳәм сөйлейди, пикир жүритеди. Өтмишти еслеп, келешек ҳаққында әрман етеди. Булар есте сақлаў ҳәм көз алдымызға келтириў жәрдеминде әмелге асырылады. Көплеген қубылыслар инсанды толғандырады, кеўлин көтереди ямаса қапа етип, қандай-да бир сезимлерди пайда етеди. Инсан бир нәрселерге умтылады, гөзлеген мақсетине жетиў ушын талапшаңлық ҳәм ериклик көрсетеди.

Бизиң сезиўимиз, қабыл етиўимиз, есте сақлаўымыз, пикир жүритиў ҳәм сөйлеўимиз, көз алдымызға келтириўимиз, сезимимиз **психикалық процесс** деп аталады.

Айырым ўақытлары психологиялық процесслер қурамалы ҳәм узақ даўам етиўши характерге ийе болып, көтериңки ямаса пэс жеделликте көринеди, белгили бир тәсирлениўлер менен өтеди. Бул **психикалық жағдай** деп аталады.

Оқыўшының сабақ ўақтында дыққатлы ямаса дыққатсыз отырыўы, адамларда болатуғын кеўли көтериңкилик ямаса ашыўлы жағдайлар усыннан.Ҳәр бир инсан өзиниң жеке, турақлы айырмашылықлары, психикалық қәсийетлери менен басқалардан өзгешеленеди. Бир адамда қызығыўшылық (мысалы китап оқыўға ямаса техникаға) күшли болса, басқа бир адам уқыплылығы (математика ямаса музыкаға) менен өзгешеленеди. Ашыўшақ адам ҳаққында оның темпераменти қызғын (жигерли) десек, және бир адамның минези жақсы, жатық деймиз.

Қызығыўшылық, уқып, темперамент, характер-бул **адамның психикалық қәсийетлери**.

Адамлар арасындағы бундай әпиўайы айырмашылықлар ҳаққында түсиник бизде кишкене ўақтымыздан пайда болады ҳәм турмыслық тәжирийбе топланыўы менен артып барады. Психикалық процесслер, психикалық жағдай ҳәм психикалық қәсийетлер бир-бири менен байланыслы ҳәм биргеликте психиканы (айырым ўақытлары оны адамның ишки дүньясы ямаса психикалық өмири, жан дүньясы деп атайды) қурайды. Солай етип, психология предмети ҳәм бир жеке адамның психика ҳәм психикалық қубылысы, сондай-ақ топар ҳәм жәмийетте бақланатуғын психикалық қубылыслар болып есапланады.

Инсан психикасын, оның психикалық ҳәрекетлериниң нызамшылығын үйренетуғын илим **психология** деп аталады. **Психология шахстың (жеке адамның) психикалық процесс, жағдай ҳәм қәсийетлерин сүўретлеп ғана қоймастан, оның пайда болыў себеплерин түсиндиреди.**

Қәлеген илим инсан санасының өз алдына бир òàðàÿû сыпатында өзиниң айрықша үйрениў предметине ийе. Улыўмалық мәнисте психологияның үйрениў предмети психика деп айтыў мүмкин. **Психика**- ҳақыйқатында үйрениўдиң айрықша предмети. Жоқарыда айтып өткенимиздей, ïсихика-мийдиң қәсийети. Ìйи- көплеген қәсийетлерге ийе, бирақ психика-айрықша. Бул қоршаған әтирраптағы ҳақыйқатлықты сәўлелендириўши қәсийет. Сәўлелендириў қәсийети тәбиятта кең берилген, сондада психологиялық сәўлелениў өзиниң спецификалық өзгешеликлерине ийе.

Психология илим сыпатында тек ғана психиканың ҳәр қыйлы қубылысларын үйрениў ҳәм түсиндириўге ғана емес, ал олардың негизин ашыў ҳәм улыўмаластырыў, яғный себебин анықлаў ҳәм олардың келешектеги пайда болыўын болжаў мүмкин болатуғын белгили бир нызамшылықты орнатыў.

Психология- (psyñhe-жан, Logîs-илим) инсан ҳаққындағы тийкарғы илимлердиң бири. Ол Әййемги Грецияда бизиң эрамызға шекемги VII-IX әсирлерде, адамлар жан мәнисин, оның ҳайўанатлар жанынан өзгешелиги, жанның функция ҳәм уқыплары ҳаққында сораўлар áåðå áàñëàғàí ўàқûòòà пайда болған.Психология предметин дүзиў áîéûíøà жумысёàð әййемги грек философы, б.э.ш. IV әсирде жасаған, жанды психологиялық билим предмети сыпатында түсиниўде жаңа дәўирди ашқан Аристотельге тийисли. Физикалық дене яки денесиз идеялар емес, ал дене ҳәм жан айрылмас бир пүтинликти қураған организм оның ушын билим дерегине айланды. Аристотельдиң пикиринше жан өз алдына бир мазмун емес, ал жанлы денени шөлкемлестириў усылы, формасы. Жан (денесиз) жасай алмайды, бирақ ол дене емес, деп ойлаўшылар дурыс пикирлейди-деген еди ол. Оның психологиялық тәлими медико-биологиялық фактлердиң жыйындысынан қурылған. Бирақ бул улыўмаластырыў психологияның тийкарғы принциплериниң, шөлкемлестириў (системалық), раўажланыў ҳәм себеплиликтиң қайта дүзилиўине алып келди.Аристотельди илим сыпатындағы психологияның атасы деп есаплаўға болады. Оның Жан ҳаққындағы жумысы улыўма психологияның биринши курсы, бунда ол

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

с аўдың тарийхын, өзинен алдынғылардың пикирин, оларға өз көз-карасын билдирген, соң ола лық етискенлик ҳәм кемшиликлеринен пайдаланып өз шешимин усынған. Илим сыпатында психологи н мақсети психèêàлық өмирдиң тийкарғы нызамларын үйрениўäåí èáàðàò. Бул нызамларды билиў хәр би заманагөй адам ушын зәрүр. Психологияны үйрениў адамға басқаларды жақсырақ түсиниў, олардың психикалық жағдайын есапқа алыў унамлы ҳәм унамсыз тәреплерин көриў адамлардағы анаў ямаса мынаў жеке өзгешеликлер қалай ҳәм не ушын пайда болатуғынлығын аныќлаў, этираптағылар менен байланысты орнатыўға жәрдем береди.Психологияны терең үйренип атырған хәр бир адам өзиниң күшли ҳәм әззи тәреплерин көре алыўы, өз үстинде ислеў мүмкиншилигин алып, кемшиликлерин сапластырып, жақсы қәсийетлерин жетилистире алады. Психологияны билиў адамларға оқыў ҳәм жумыс процессинде жәрдем береди, яғный жақсырақ түсиниў, есте сақлаў, дыққат ҳәм ойлаў қәбилетин жақсылайды. Психология адамның психологиялық турмысын сәўлелендиретуғын әдебият, тил, тарийх ҳәм басқа да жәмийетлик илимлерди үйрениўде үлкен әхмийетке ийе.

**Психология илим сыпатында**.Илимий ҳәм турмыслық психология бар екенлиги бизге белгили. Психология предмети тири жанның хәр қыйлы ишки ҳәм сыртқы көринислериндеги психикасы, оның бул көринислер ҳәм процесслер арасындағы корреляция, субъекттиң социаллық қатнасындағы психикасының себепши болыўы, оның жеке қәсийетлериниң роли усы ҳәм басқада психиканың ôåíîìåí (сийрек ушырасатуғын, таң қаларлық қубылыс) белгили бир нызамшылыққа бойсынған болып оны ашыў илимий психологиядан талап етиледи. Бул оны физиология, социология ямаса басқа пәнлерден шеклейди.

Енди психология илим сыпатында не үйренетуғынлығын анығырақ көремиз. Заманагөй психология үйренетуғын тийкарғы түсиниклердиң схемалық түри төмендегише.

Бул түсиниклер арқалы психологияда үйренилетуғын қубылыслардың 12 класс атамасы қәлиплеседи. Олар төмендеги кестеде көрсетилген (психологияда үйренилетуғын қубылыслардың көпшилигин тек 1 топарға жатқарыў қыйын). Олар ҳәм жеке ҳәм топарлық болыўы, процесс ҳәм жағдай түринде шығыўы мүмкин. Сол себепли кестениң оң бөлегинде атап өтилген феноменлердиң биразы қайталанады).

**Шығыс ойшыларының психологиялық көз-карaслары:**

**<u>Хоразмий-</u>** Туранның пүткил дүньяға таныќлы алымларынан бири Мухамемед Ибн Мусса Хоразмий болып, ол шама менен 783 жылда туўылып, 850 жылда Бағдадта қайтыс болған. Оның атын тарийхта қалдырған шығармаларынан – бири ҒАл муқабамаҒ бул шығарма Батыс ҳәм Шығыс алымларына алгебра пәни бойынша дәстүр сыпатында хызмет етеди. ҒАлгоритмҒ, ҒАлгебраҒ деген атамалар Хорезмий аты менен байланыслы Хоразмий сезимлик ҳәм ақылый билиўдиң өзине тән өзгешеликлериниң мәнисин, өз-ара байланысын айтып өтеди. Ақылый билиў сезимсиз болмайды. Сезимлик билиў барлықтың сыртқы тәреплери ҳаққында билим бериў өзеги. Ақылый билиў жәрдеминде инсан нәрсе ҳәм ҳәдийселердиң қурамалы ишки дүзилисин, әхмийетин, нызамлықларын билип алады.

Мусса Хоразмийдиң шығармалары жаратқан тәлийматы психологиялық, философиялық көз-қараслары ҳәзирги дәўир ушын үлкен ғәзийине, еркинлигиниң ушын хызмет ететуғын бийбаҳа рухый байлық болып табылады.

**<u>Фаробий -</u>** Пүткил дүньяның үлкен хүрметине ийе уллы алымларының бири Абу Наср Фаробий 873 жылы Фороб аўылында дүньяға келген. Аристотелден кейинги екинши муғаллим, Шығыс Аристотели деген ат пенен танылған. Фаробий билиўде еки басқышты сезимлик ҳәм ақылый билиўди айырады, сезимлик билиў барлықтың сыртқы қәсийетлери ҳаққында билим бериў өзегин, ақылый билиў сезимлик билиўсиз пайда болмайды дейди. Фаробий инсан оның сезиўи ақылы материаллық дүнья раўажланыўының өнимли деп есаплайды.

**<u>Ибн Сина</u>** - Абу Али Ибн Сина (980-1037) ҒШайхур РаисҒ, ҒОлимлар олымыҒ пүткил дүнья пәниниң уллы арбабы. Ибн Сина сезиўди сыртқы ҳәм ишки сезиўлерге бөледи. Сыртқы сезиўлер инсанды сыртқы дүнья менен байланыстырады. Ишки сезиўлер ақыл ойлаўы еслеп қалыўы, үлкен әхмийетке ийе екенлигин айтып өтеди.

Ибн Сина мийди барлық сезиўлерден барыўшы нервлер орайы улыўма инсан нерв системасының орайы екенлиги ҳаққындағы тәлиматтын алды сүреди. Организмде жүз берип атырған процесслер менен соның ишинде нерв системасы менен көплеген эмоционал жағдайлар, стресслер байланыслы. Бириншилерден болып буны Х әсирдиң белгили илимпазы Ибн Сина дәлиллеген. Психиологиялық қубылыслардың физиологиялықлардан ғәрезлилигин изертлей отырып, заманагөй психологияда Ғассоциатив экспериментҒ деп аталған методиканы ислеп шықты. Бул эксперимент адам ушын эмоционал әхмийетли болған сөз ямаса ой, дем алыў, пульс, реакция ўақты ҳәм т. басқаны пайда ететуғынлығын анық көрсетти. Бул фактке белгили шынлық детокторлары да қурылған, бунда соматикалық процесслердеги бурылыў (қыйсайыў), өтирик жуўапларды диагностикалайды.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

И[illegible] Сина сондай-ақ, Ғэкспериментал неврозҒ деп аталған қубылысты изертлеўди алдын ала с[illegible]тер[illegible]жирийбени өткерген.
Еки қойға бирдей от-шөп берилди. Бирақ биринщиси нормал жағдайда, ал екиншиси болса қасына қасқыр байланған жағдайда аўқатланған. Қорқыў бул қойдың минез-қулқына ҳәм ас сиңириўине тәсир етти. Ол биринши қой менен теңдей аўқатланса да, тез арада жүдә азып, өлип қалды. Солай етип, терең соматикалық қозғалыста карама-қарсы эмоционал тәшўишлердиң (аўқатқа талап бир тәрептен, екинши тәрептен-қорқыў) ролин анық көрсеткен.
**<u>Беруний-</u>** Хорезмли алым Абу Райхан Беруний (973-1048) оның психологиялық көз қараслары – билиў процесслери сезиўден басланыўы ҳәм ойлаўға көтериледи белгили нәрселерден белгисиз нәрселер ҳәм ҳәдийселерди билиўге қарай раўажланып барады. Билиў процесслеринде сезимлик билиў-сезиў, қабыл етиў, есте сақлаўға буларсыз табият ҳәдийселерин ҳаққында пикирди пайда етиў мүмкин емес деп келтиреди.
Билиў процессинде бақлаў, салыстырыў үлкен әҳмийетке ийе екенлигин айтады. Инсанның есте сақлаўының жақсы болыўы ҳәмме нәрселерге жақсы тез, ҳәм аңсат есте қалады дейди.
**<u>Навоий-</u>** Алишер Навоий (1441-1501) дүнья жүзи пәнинде өшпес из қалдырған уллы өзбек шайыры, алымы ойшылы болып табылады. Оның философиялық – инсан өзиниң бес сезиў ағзалары арқалы сыртқы дүньяны билип алады. Дурыс анық мағлыўматларға ийе болады, оларды мийде ойлаў жәрдеминде улыўмаластырады, қайта ислейди, кейин ала жуўмақ шығарады дейди.
Психиканың ис-ҳәрекет нызамларын түсиниўде сезиў органлары ҳәм нерв системасы жумысын үйренген физиологлардың жетискенликлери үлкен әҳмийетке ийе. Қабыл алыўдың психофизиологиялары бойынша биринши изертлеўлер XI әсирде араб илимпазы **<u>Ибн аль-Хайсам</u>** тәрепинен басланды, ол көриў арқалы қабыллаў процессинде туўры оптик нәтийжелерге саналы түрде болмаса да қосымша психикалық актлер қосылады, ҳәм нәтийжеде қоршаған әтираптағы затлардың, оның көлеми ҳ.т.б. формасын қабыл алыў пайда болатуғынлығын ашты. Объектлерди толық қабыллаў ушын көзлер ҳәрекети-көриў көшери аўысыўы зәрүр. Усының нәтийжесинде организм автоматик түрде операцияны әмелге асырады.
**Психологияның басқа пәнлер менен байланысы**. Философия, социология, педагогика, биология, физиология, химия, физика. математика ҳ.т.б.

## Тема : Психологияның дүзилиси ҳәм илимий методлары.

## Жоба.

1. Психологияның дүзилиси (тармақлары).
2. Психологияның изертлеў методлары ҳәм илимий принциплери.
3. Психологияның илимий бағдарларыъ

Ҳәзирги заман психологиясы усы илимниң тарийхый раўажланыўы қубылысында бөлинип шыққан, бирақ, бири-бири менен тығыз байланысқан сол илимниң ҳәр қыйлы тараўларының қурамалы системасынан ибарат. Усылардың ишиндеги ең әҳмийетлилери мыналар: егерде адамның психикалық хызметиниң улыўма нызамлылықларын үйренетуғын *улыўма психология*; Психологияның арнаўлы тараўлары бала тәрбиялаў ҳәм оқытыўдың теория ҳәм практикасы менен тығыз байланыслы болып, ҳәр қыйлы жас басқышларында психиканың раўажланыўының өзгешеликлерин, ҳәр қыйлы жастағы балалардың ҳәм мектеп оқыўшыларының психикалық өзгешеликлерин (жас психолгиясының бул тараўы *балалар психологиясы* деп аталады) изертлеўдиң жас психологиясы, жас әўладқа тәлим (тәлим психологиясы) ҳәм тәрбия психологиясы, тәрбия бериўдиң психологиялық нызамлықлары менен шуғылланатуғын педагогикалық психология, изертлеў предмети топарлардың ҳәм коллективлердиң психологиясы. Олар арасындағы өз-ара қатнаслар болған социаллық психология, мийнет хызметиниң ҳәрқыйлы түрлериниң – инженерлик психологиясы, генетикалық психология, психофизиология, дифференциал психология, жас өзгешелиги психологиясы, социаллық психология, педагогикалық психология, медициналық психология, патопсихология, юридикалық психология, психодиагностика ҳәм психотерапияны өз ишине қамтыйды.

**<u>2. Психологиялық изертлеў усыллары.</u>**

Илимий изертлеў методлары- бул илимпазлар соң илимий теориялар дүзиў ҳәм практикалық усыныслар ислеп шығыўда пайдаланылатуғын исенимли мағлыўматларды жыйнаўда жәрдем беретуғын метод ҳәм қураллар. Илимниң күши көбинесе изертлеў методлардың жетискенлигине, олардың қаншелли дәрежеде

исенимлилигине, басқа илимлер усылларында пайда болған жаңалықларды билимниң бул тараўына соншелли тез ҳәм нәтийжели қабыллаўы ҳәм пайдаланыўына байланыслы. Усыларға ерисилген ж[illegible]е алға илгерилеўшилик көзге тасланады.

Жоқарыда айтылғанлар психологияға да тийисли. Оның қубылыслары соншелли дәрежеде қурамалы ҳәм ҳәр қыйлы, үйрениў ушын жүдә қыйын болғанлығы себепли бул илим тарийхы даўамында оның табыслары, жетискенликлери тиккелей изертлеў усылларын қолланыўды жетилистириўге байланыслы еди. Ўақыттың өтиўи менен онда ҳәр қыйлы илимлердиң усыллары интеграцияланды. Бул философия ҳәм социология, математика ҳәм физика, информатика ҳәм кибернетика, физиология ҳәм медицина, биология, тарийх ҳәм тағы басқа билимлер усыллары.

Тәбийий ҳәм анық илимлер усылларын қолланыў нәтийжесинде психология өткен әсирдиң екинши ярымынан баслап өз алдына илим сыпатында ажыратылып шығып, жедел раўажлана баслады. Сол ўақытқа шекем психологиялық билимлерди тийкарынан өзи бақлаў (интроспекция) ой жуўыртыўға тийкарланған талқылаў, басқа адамлардың ҳәрекетлерин бақлаў жоллары менен алынатуғын еди. Усындай турмыслық фактлерди таллаў ҳәм дурыс улыўмаластырыў психология тарийхында өзиниң унамлы ролин ойнады. Олар психологиялық феномен ҳәм адамның минез-қулқы негизин түсиндириўши дәслепки илимий теорияларды дүзиўге тийкар болды. Бирақ бул усыллардың субъективизми, олардың жетерли дәрежеде исенимли болмаўы ҳәм қурамалылығы ақыбетинде психология психикалық ҳәм басқа қубылыслар арасындағы себеп-ақыбет байланысларын дәлиллеўши емес, ал шамалаўшы, экспериментал емес, философиялық илим болып қалды. Соның менен бирге оғыры теоретизацияланғанлығы себепли практикадан үзилип қалды.

Психологиялық қубылысларды санлық баҳалаўға урыныўлары XIX әсирдиң 2-ярымынан баслап әмелге асырылмақта. Бундай урыныўлардың дәслепкилеринен бири адам сезиўиниң күшин, организмге тәсир етиўши физикалық көлемде көрсетилген стимул менен байланыстырыўшы нызамлар топарын ашыў ҳәм формулировкалаў (анық айтылған пикирлеў) болды. Буған Бугер-Вебер, Вебер-Фехнер, Стивенс нызамлары киреди. Олар адамның сезиў ҳәм физикалық стимулы арасындағы байланысты анықлаўға, сонда-ақ сезиўдиң абсолют ҳәм дөренди босағасы  жәрдем беретуғын математикалық формуладан ибарат.

Дифференциал-психологиялық изертлеўди раўажландырыўдың басланғыш этапын да усыған жатқарыўға болады, (XIX әсирдиң ақыры) бунда адамларды бир-биринен айырықша ететуғын улыўма психологиялық қәсийет ҳәм уқыпларды анықлаўда математикалық статистика усыллары қолланыла баслады.

Соң, XX әсирде математикалық модель ҳәм есапларды қолланыў тенденциясы психологияның ҳәр қыйлы тараўларында кең қолланыла баслады. Ҳәзир онысыз хеш бир илимий психологиялық изертлеўлер өткерилмейди.

XIX әсирдиң 80-жыллары психологияда лабораториялық илимий экспериментал изертлеўлерди өткериў ушын арнаўлы техникалық әсбап ҳәм қурылмалар пайда болып ҳәм қолланыла баслады. Бул бағдарда Лейпцигте биринши психологиялық лаборатория жумысын шөлкемлестирген немец илимпазы В.Вунд дәслепкилерден болды. Техникалық әсбап ҳәм үскенелер изертлеўшиге қадағаланыўшы ҳәм басқарыўшы илимий-эксперимент өткериўге, адам тәсирлениўи керек болған физикалық стимулдың тәсирин дозировкалаў (мөлшерлеў), оның реакциясын өлшеў мүмкиншилигин берди. Дәслеп олар әпиўайы, әдетте механикалық әсбаплар еди. XX әсирдиң басында оған электр әсбаплар қосылды, ҳәзирги күнде заманагөй радио, видео, электрон ҳәм ЭВМ аппаратуралары қолланылады.

Изертлеўлердиң математизация ҳәм технизацияланыўы менен бирге илимий мағлыўмат жыйнаўдың бақлаў, өзи бақлаў ҳәм сораў-жуўап сыяқлы дәстүрий усыллары өз әҳмийетин жойтпады. Олардың сақланып қалыў себеплери бир неше. Биринშиден психологияда үйренилип атырған қубылыслар қурамалы ҳәм уникал, оларды барлық ўақытта да басқа илимлерден алынған усыллар менен изертлеп болмайды. Психология шуғылланатуғын нәзик қубылысларды изертлеўге көпшилик ўақытта тәбийий ҳәм анық илимлердиң усыллары жарамайды. Үскенелер көре алмаған нәрсени бақлаў арқалы анықлаў мүмкин.

Бирақ, бақлаў, әсиресе өзи бақлаў ҳәр дайым исенимлилик ҳәм дурыслылыққа тексериўди талап етеди. Илажы болған жерде бул мағлыўматларды объектив, әсиресе математикалық есап усыллары менен тексериў керек. Төменде дәслепки, яғный соң анықлаў ҳәм қайта толықтырыўды талап ететуғын мағлыўматларды топлаўда қолланылатуғын тийкарғы усыллар көрсетилген.

**1.Бақлаў-сыртқы-сырттан бақлаў, ишки-өзи бақлаў.**
**2.Сораў-жуўап аўызша, жазба, еркин,**
**3.Тестлар тест-сораў-жуўап, тест-тапсырма,**
**4.Эксперимент тәбийий, лабораториялық.**

**Бақлаўдың бир неше варианты бар.** *Сыртқы бақлаў*- бул сыртынан тиккелей бақлаў арқалы психология ҳәм адамның минез-қулқы ҳаққында мағлыўмат жыйнаў усылы. *Ишки бақлаў* ямаса ишки бақлаў психолог-изертлеўши өзин қызықтырған қубылысты санасында қалайынша елеслететуғын болса сол турысында үйрениў мәселесин мақсет еткенде қолланылады. Психолог тийисли қубылысларды иштен қабыл ете отырып оларды (мысалы, өз образларын, сезимлерин, ойларын, уайымларын) бақлайды ямаса оның тапсырмасы менен интроспектрлаў өткерип атырған басқа адамлардың усындай мағлыўматларынан пайдаланады. Интроспекцияның ҳәзирги күндеде өз әҳмийетин сақлап қалдырған жетискенликлеринен бири бул туўрыдан-туўры тиккелей бақлаў уқыплылығы. Бирақ бул усылдың кемшилиги де бар, бул алынған мағлыўматлардың субъективлиги, оларды тексериў ямаса нәтийжелерди тәкирарлаў мүмкиншилигиниң болмаўында.

**Сораў-жуўапта (опрос)** адам өзине берилип атырған бир неше сораўларға жуўап бериў усылы қолланылады. Буның бир неше түрлери болып, олардың ҳәр бириниң өзине тән жетискенликлери ҳәм кемшиликлери бар. Оларды көрип шығамыз.

**Аўызша сораў-жуўапты** жуўап бериўши адамның сол ўақыттағы өзин услап тутыўы ҳәм реакциясын бақлаў керек болғанда қолланылады. Сораў-жуўаптың бул түри жазбаға қарағанда адам психологиясына тереңирек кириў мүмкиншилигин береди, бирақ ол арнаўлы таярлық, оқыў ҳәм әлбетте изертлеўди өткериў ушын көп ўақытты талап етеди. Аўызша сораў-жуўап өткергенде жуўап бериўшиниң жуўаплары ҳәм сораў бериўши адамның шахсына ҳәм жуўап бериўшиниң жеке өзгешеликлерине байланыслы.

**Жазба сораў-жуўап** көбирек адамды қамтыў мүмкиншилигин береди. Оның кең тарқалған формасы-анкета. Бирақ оның кемшилиги, анкетаны қоллана отырып жуўап бериўшиниң реакциясын алдыннан билип, демек оны өзгертип те болмайды.

**Еркин сораў-жуўап**-аўызша ҳәм жазба сораў-жуўаптың бир түри, бунда берилип атырған сораўлар ҳәм мүмкин болған жуўаплардың дизими алдыннан шекленбеген. Бундай усылдағы сораў-жуўапта изертлеў тактикасын, берилип атырған сораўлар мазмунын өзгертиў ҳәм оларға стандарт болмаған жуўаплар алыў мүмкин. Өз гезегинде стандартластырылған сораў-жуўапта сораў ҳәм күтилип атырған жуўаплар алдыннан белгили, сонлықтан еркин сораў-жуўапқа салыстырғанда ўақыт ҳәм материаллық жақтан тежемли.

**Тестлар** психодиагностикалық изертлеўдиң арнаўлы усылы есапланады, оларды қоллана отырып үйренип атырылған қубылыстың анық санлық ҳәм сапалық сыпатламасын алыўға болады. Тесттың изертлеўдиң басқа усылларынан өзгешелиги соннан ибарат бунда басланғыш мағлыўматларды жыйнаў ҳәм қайта ислеўдиң анық процедурасы, сондай-ақ олардың соңғылықлы интерпретациясы ҳәр қыйлы. Тестлар жәрдеминде ҳәр қыйлы адамлардың психологиясын өз-ара салыстырыў, дифференцияланған ҳәм салыстырмалы баҳалар бериў мүмкин.

**Тестлар варианты-**сораў-жуўап тесты ҳәм тапсырма тест. *Тест-сораў*-жуўапта сораўлар алдыннан ойланған, ықшам сайлап алынған ҳәм тексерилген системаға тийкарланған болып, оларға қайтарылған жуўап бойынша сыналып атырған адамның психологиялық қәсийетлери ҳаққында пикир айтыўға болады.

*Тапсырма-тестта* адамның не ислеп атырғанына қарай оның минез-қулқы ҳәм психологиясына баҳа береди. Бундай типтеги тестта сыналыўшыға арнаўлы тапсырмалар түркими бериледи, оларды орынлап болған соң, онда үйренилип атырылған қәсийетлердиң бар ямаса жоқ екенлиги, оның раўажланыў дәрежеси ҳаққында пикир жүритеди. Сораў-жуўап тесты ҳәм тест-тапсырма ҳәр қыйлы жастағы ҳәм мәдениаттағы, билим дәрежеси, кәсиби, турмыслық тәжирийбеси ҳәр қыйлы болған адамларға қолланыўға болады. Бул оның унамлы тәрепи. Ал, кемшилиги болса соннан ибарат, бунда сыналып атырған адам өз қәлеўи бойынша, әсиресе егер ол тесттың қалай қурылғанлығы, оның нәтийжелери бойынша оның психологиясы ҳәм минез-қулқы қалай баҳаланатуғынлығын билсе саналы түрде тест нәтийжелерине тәсир етиўи мүмкин. (Бул кемшилик, өзи қадағалаўға тийкарланған, яғный сөз ҳәм қылықлар менен саналы түрде қадағалаўға болатуғын изертлеўдиң барлық усылларына тийисли).

Сондай-ақ, тест-сораў-жуўап ҳәм тест-тапсырма сыналып атырған адам өзинде сондай психологиялық қәсийет ҳәм характеристиканың бар екенлигин билмеген, аңламаған ямаса саналы түрде мойынлағысы келмеген жағдайларда қолланылмайды. Мысалы, көплеген кери қәсийетлер ҳәм өзин услап-тутыў себеплери.

Эксперименттиң еки түри бар- *тәбийий ҳәм лабораториялық.*

**Лабороториялық тәжирийбе** арнаўлы түрде шөлкемлестирилге ҳәм белгили мәниде жасалмалы шараятларда жүргизиледи, ол арнаўлы үскенелерде, ал гейде техникалық қуралларды қолланыўды талап етеди.

Тәбийий тәжирийбе өзинде бақлаў методының ҳәм лабораториялық тәжирийбениң унамлы тәреплерин бириктиреди. Тәбийий эксперимент сыналып атырған адамлар (атап айтқанда балалар) өзлери психологиялық жақтан изертленип атырғанын сезбейтуғын етип

шөлкемлестириледи -бул олардың минез-қулқының тәбийий болыўын тәмийинлейди. Тәбийий экспериментте алынған мағлыўматлар адамлардың реал психологиясы, индивидтиң т[illegible]к минез-қулқына сай бирақ, изертлеўшиде үйренилип атырған қәсийетке хәр қыйлы факторлардың тәсирин қатаң қадағалаў мүмкиншилиги болмағаннан кейин барлық ўақытта да анық емес. Лабораториялық эксперимент болса керисинше, анық жеңип шығады, бирақ тәбийилыкта-турмысқа сайлықта шегинеди.

Заманагөй психологияның тийкарғы принциплери ҳәм оның дәрежелери.**Психологияның үш әҳмийетли тийкарғы принциплери бар-**детерменизм принципи, системалық принцип ҳәм раўажланыў принципи.Детерменизм принципи **дегенде- себеп-ақыбетлик қатнасықлар нызамшылығына байланыслы барлық психикалық қәсийетлер түсиниледи, яғный бизиң жанымызда жүз берип атырған нәрселер қандайда бир себепке ийе, ол анықланыўы ҳәм үйренилиўи, сондай-ақ не ушын анаў ямаса мынаў ақыбеттиң пайда болғанлығын түсиндиреди. Бул байланыслар хәр қыйлы тийкарлар менен түсиндириледи ҳәм психология тарийхында оны түсиндириўдиң бирнеше усылы бар. Детерменизмниң соңғы психологиялық деп атаў мүмкин болған түри, психиканың раўажланыўы белгили мақсет пенен түсинилиўи ҳәм бағдарланыўынан келип шығады. Бирақ антик дәўирдеги мақсет түсиниги психика ушын (идея ямаса форма) сыртқы болған болса, ҳәзирги ўақытта мақсет жан мазмунына, конкрет тири жанның психикасына преюдиция ҳәм оның реал турмыста-сөйлесиўде, қатнаста, дөретиўшиликте өзин көрсетиўге умтылыўын анықлайды. Психологиялық детерменизм-қоршаған орталық тек ғана адам жасайтуғын аймақ болып қалмастан шахстың қәлиплесиў процессин өзгертетуғын әҳмийетли билим ҳәм толғанысларды өзине жәмлеген мәдeният сыпатында да келип шығады. Солай етип мәдeният психиканың раўажланыў процессине тәсир ететуғын, жәмийет ағзасы сыпатында, руўхый байлық ҳәм қәсийетлар ийеси сыпатында өзин аңлаўға жәрдем бериўши әҳмийетли факторлардың бири болады.Психологиялық детерменизмде-жанда жүз берип атырған процесслер қоршаған орталыққа тек ғана көнлигиў емес, ал егер адамның потенциал уқыпларын ашыўға тосқынлық етсе оған қарсы да шығады деп түсиниледи.** Системалық принципи- **психика, психологиялық тараўдың хәр қыйлы тәреплери арасындағы байланыслардың тийкарғы түрлерин сүўретлейди ҳәм түсиндиреди. Ол, айырым психологиялық қубылыслар иштен бир-бири менен байланыслы пүтинликти пайда етип, усының нәтийжесинде жаңа қәсийетлер ашты деп шамалайды. Психологиялық қубылыслар арасындағы байланысларды дәслепки изертлеўлер психиканы бир неше элементлерден-сезиў, көз алдына келтириў ҳәм сезимлерден қуралған сенсор мозайка сыпатында көрсетти. Белгили нызамлар бойынша, биринши гезекте ассоциация нызамы бойынша бул элементлер өз-ара байланысады. Байланыстың бундай түри** элементаризм **атамасын алған. Психика түсинигинде системалылық оның пүтинлигин аңлаўға, холизм идеясына қарсылық етпейди, өйткени хәр бир психикалық система (биринши гезекте әлбетте, инсан психикасы) уникал ҳәм пүтин.** Раўажланыў принципи**- бунда психика раўажланады деп айтылады, сонлықтан оны үйрениўдиң ең адекват усылы, усы генезистиң нызамшылықларын оның түрлерин ҳәм басқышларын изертлеў деп айтады. Сонлықтан да ең кең тарқалған психологиялық усыллардың бири бул-генетикалық. Психикалыққа раўажланыўдың қайсы түри тән екенлигин анықлай отырып, бул принцип психиканың раўажланыўының еки түри-филогенетикалық ҳәм онтогенетикалық түрлери бар екенлигин тастыйықлайды, яғный адамзаттың қәлиплесиў процессинде ҳәм бала өмири процессинде психиканың раўажланыўы. Изертлеўдиң көрсетиўинше раўажланыўдың бул еки түри өз-ара белгили бир маслылыққа ийе. Психикалық раўажланыўдың хәр қыйлы тәреплери де анықланады-ҳәм шахстың раўажланыўы, ҳәм интеллекттиң раўажланыўы, ҳәм социаллық раўажланыў. Бул В.Штерн, Ж.Пиаж, Л.С.Выготский. П.П.Блонский ҳ.т.б. лардың изертлеў предмети болды.**

Заманагөй психологияның тийкарғы бағдарлары, бихевиоризм, терең психология, гештальтпсихология ҳ.т.б. **Сол ўақытта пайда болған мектеплердиң дерлик барлығы тез арада жабылды, оларды өзгертиў объектив жағдайларға байланыслы болған. Олар жаңа болғаны менен тартысыўда пайда болған ески, ассоциатив психология менен байланыслы**

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**еди. Соның менен бирге олардың пайда болыўы ҳәм жаңа изертлеўлер нәтийжелериниң талқылаўда пайда болған дискуссиялар, психология ушын психикалықты түсиниўде жаңа қатнас керек екенлигин көрсетти ҳәм XX әсирдеги психология илиминиң келбетин белгилеп берген сол мектеплердиң пайда болўына алып келди.**

1920-жылға келип психология өз алдына мектеплерге бөлинеди, олар психика қурылысы ҳәм мазмуны ҳаққында ҳәр қыйлы өз концепцияларын алға сүрип, сол ўақытта үш тийкарғы бағдар пайда болған бихевиоризм, гештальтпсихология ҳәм тереҥ психология, олардың ҳәр бири психологияның жеке предмети ҳәм психологиялық изертлеўдиң өз усылына ийе еди.

**Бихевиоризм** ушын психологиялық илим предмети-минез-қулық болды, бул оның қәлиплесиўине тәсир етиўши яғный стимул ҳәм реакция арасындағы байланысты пайда ететуғын факторларды экспериментал үйрениў жолы арқалы изертлеў.

**Гештальтпсихология** психологиялық майданнан турыўшы пүтинлик структураны изертледи, бунда (биринши гезекте сана майданы) бул гештальтларды үйрениўде физикалық майданды үйрениў усылы анологиясы менен ислеп шығылған жаңа усыллар қолланылған.

**Тереҥ психология**-өз предмети етип тереҥ, психиканың санасыз қурылысын алған, үйрениў усылы психоанализ болған.

Соҥ XX әсирдиң 2-ярымында жаңа-гуманистикалық ҳәм когнитив психология мектеплери пайда болды.

## Мий ҳәм психика. Психиканың раўажланыўы.

### Жоба:

**1. Адам нерв системасының дүзилиси, хызмети ҳәм қәсийетлери.**
**2. Мий ҳәм психика.**
**3. Психиканың ҳайўанатлар дүньясында раўажланыўы.**
**4. Адам санасы ҳәм оның жәмийетлик тәбийаты.**
**5. Санасызлық түсиниги.**

**1. Адам нерв системасының дүзилиси, хызмети ҳәм қәсийетлери.**

Психика нерв системасының қәсийети (функциясы) болса, психикалық ис-ҳәрекетти дурыс түсиниў ушын инсан ҳәм ҳайўан психикасының материаллық тийкары болған жоқары нерв системасының өзгешеликлерин билиў керек.

Адамлардың мийи ҳайўанлардың мийине салыстырғанда қурамалырақ дүзилген. Оның салмағы да үлкенирек. Маймылдың мийи 400-500 грамм болса, адамның мийиниң салмағы орташа 1400 грамм. Мий адам денесиниң 2 процент салмағын қурай отырып, организмге келип түсетуғын кислородтың 18 процентин пайдаланатуғынлығын есапқа алсақ, организмниң ис-ҳәрекетинде мий функциясының қаншелли қурамалы екенлигин көриў мүмкин.

Мийдиң жоқарғы бөлимлери-үлкен ярым шар-ҳәр қыйлы ҳайўанларда қандай роль атқаратуғынлығы төмендеги фактлерде көринеди. Балықтың ярым шары урықларын алып таслаған соң оның минез-қулқы азғана өзгереди. Егер кептердиң ярым шарын алып тасласаң, ол ушыўды билмейди, аўқат излеўди де тоқтатады. Ярым шарынан айырылған ийт те дерлик мешел болып қалады. Демек, мийиниң бул бөлиминен айырылған адам улыўма жасай алмайды.

**Мийдиң рефлектор ҳәрекети.** Қоршаған орталық турақлы түрде нерв системасына, мийге тәсир етеди (сезиў органлары арқалы). Организм бул тәсир етиўлерди қабыл алады ҳәм оған жуўап реакция қайтарады. Бул процесс ***рефлекс*** деп аталады. (латын тилинен алынғанда *сәўлелениў*).

Бунан 300 жыл илгери француз илимпазы Декарт тәрепинен алға сүрилген рефлекс идеясын уллы рус физиологы И.М.Сеченов раўажландырды. ҒБас мийиниң рефлекслериҒ атлы китабында Сеченов адамның барлық минез-қулқы рефлекторлық актлердиң қурамалы системасы болып саналатуғынлығын көрсетти. Бул И.П.Павлов мийнетлеринде рефлекторлық теорияның еледе раўажланыўы ушын мүмкиншилик ашты. Ол жоқарыдағы типтеги келтирилген рефлекслерди шәртсиз деп атады. Өйткени олар, егер организмге сыртқы ямаса ишки (организмде пайда болған) қоздырыўшы тәсир етсе ерксиз (шәртсиз) пайда болады. Бул рефлекслер туўма болып есапланады. Оларға инстинктлер киреди, мысалы, аўқатлық (дүньяға келе сала бала аш болғанын сезеди ҳәм сорыў ҳәрекетин ислей баслайды), аўырыў сезиў, қорғаныў (адамға қарай қолыңды көтерсең, ол ерксиз түрде өзин қорғаў ҳәрекетин ислейди).

Бирақ шәртсиз рефлекслерден басқа белгили бир жағдайда пайда болатуғын рефлекслер де бар. Оларды Павлов шәртли деп атаған. Мысал келтиремиз. Егер бала ашшы дәриниң ақ порошогын бир неше

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

м...тебе көрген ҳәм оны соң балаға берген болса, енди бала сол дәрини көриўден, оны аўзына с...ма... ...рып дәриниң ашшылығын аўзында сезеди.

Шәртли рефлекслер туўма есапланбайды, олар турмыс процессинде ҳәм организмниң жумыс барысында ислеп шығылады. Демек, шәртли рефлекс өмирде тек ғана арттырылып ғана қалмастан, ўақыттың өтиўи менен жоғалыўы да мүмкин. Сонлықтан Павлов оны <u>ўақытшалық нерв байланысы</u> деп те атаған.

Көпшилик шәртли рефлекслер үлкен ярым шар қабығында пайда болады ҳәм егер ол ҳайўанда алып тасланса, ол барлық турмыслық тәжирийбесин жоғалтады. Онда шәртсиз рефлекслердиң барлығы сақланып қалса да ҳайўан шарасыз болып қалады.

Жоқарыда айтып өткенимиздей адам мийдиң үлкен ярым шарысыз улыўма жасай алмайды.

Мийге келип түсиўши сигналлар, предмет ҳәм қубылысларды пайда етеди, сезиў органына тәсир етиў нәтийжесинде сезиў, қабыл алыў, көз алдына келтириў пайда болады, Павлов **биринши сигнал системасы** деп атаған, ол адамда ҳәм ҳайўанда болады.

Бирақ адамда Павловтың жазыўынша, нерв системасы механизмине айрықша қосымта болып өткен. Бул қосымта- адам сөйлесиўи. ҒСөз-биринши сигналдың сигналы болып, ҳақыйқатлықтың, екинши, арнаўлы бизиң сигналлық системамызды құрадыҒ

*Буны әпиўайы мысалда көремиз.* Тәнепистиң соңында қоңыраў қағылады ҳәм балалар классқа киреди. Қоңыраў даўысы олар ушын-биринши сигналлық система. Бирақ үлкен тәнепис ўақтында балалар мектептен узағырақта ойнаўы ҳәм қоңыраў сестин еситпеўи мүмкин. Ал, усы ўақытта бир бала келип ҒҚоңыраў болдыҒ десе барлығы классқа жуўырады, бунда сөз қоңыраў сестиниң орнын басты. Оқыўшының сөзи бул-**екинши сигналлық** система.

Ямаса, мысалы, педагог оқыўшыларға өсимлик-пақал, жапырақ ҳәм тамырдан турады деп айтты. Соң ол балаларға өсимликтиң сүўретин көрсетеди. Бул жағдайда үйрениў процессинде тек ғана екинши емес, ал биринши сигналлық система (сүўретти көриў арқалы қабыллаў) қолланылған.

Еки сигналлық система да тығыз байланыста болады. Егер екинши сигналлық система сигналлары (сөзлер) биринши сигналлық системада тирениши болмаса (ол арқалы алынған нәрсени сәўлелендирмесе), олар түсиниксиз болып қалады. Мысалы, шет тилиндеги сөз бизлер ушын ҳеш нәрсени аңлатпайды, өйткени сөздиң артында конкрет мазмун жоқ. Бирақ тек биринши сигналлардың өзи де дүнья ҳаққында толық ҳәм терең билимди бермейди. Тек екинши сигналлық система (сөйлесиў) арқалы адамзат айырым фактлерди улыўмаластырып, өзи ушын әҳмийетли болған нызамшылықларды белгилей отырып, өз мағлыўматларын кеңейтириўди үйренди. Екинши сигналлық система жәрдеминде адамлар өз билимин тереңлестиреди ҳәм сақлап қалады.

**<u>Психика дүзилиси ҳаққында:</u>**

Психикалық илимниң раўажланыўын анализлей отырып Уотсон психиканың ишки мазмуны, сананың мазмунын изертлеўдиң туўры ҳәм объектив усыллары жоқ деген жуўмаққа келди. Сонлықтан ол психология предметин оны өзгертип, қайта көрип шығыў зәрүрлиги ҳаққында пикирди алға сүрди. Адамның психикалық сферасы менен байланыслы болады ҳәм бир ўақытта объектив бақлаўға ҳәм экспериментал изертлеўге болады. Әйне усындай А.Бэн, Г.Спенсер, И.М.Сеченов ҳәм басқа илимпазлар.

Гештальтпсихология ўәкиллери психологиялық илим предмети психика мазмуны деп есаплаған. Бирақ, психология предметин дерлик қол тийгизбестен қалдырып, гештальтпсихология сана ҳәм когнитив процесслер дүзилисиниң ески түсинигин бираз өзгертеди. Бул мектептиң баслы идеясы-психиканың тийкарында сананың айрықша элементлери жатырған жоқ, бирақ бул бөleклердиң қәсийетлериниң пүтинлик суммасы. Солай етип, психиканың раўажланыўы көз алдына келтириў ҳәм түсиникке айырым элементлерди өз-ара байланыстыратуғын жаңа ассоциатив байланыслардың қәлиплесиўине тийкарланады деген ески түсиник бийкар етилди. Буның орнына жаңа идея алға сүрилди-үйрениўдиң өзгериўи, қоршаған дүньяны қабыл алыў ҳәм ондағы минез-қулық характерин белгилеп беретуғын пүтинлик гештальтлардың өзгериў процесси менен байланыслы.

Адлерге психиканың раўажланыўының жаңа механизми-компенсацияны, яғный Фрейд тәрепинен киритилген идентификация механизми менен теңдей психиканың раўажланыў процесси динамикасын түсиндириўде жетекши болған жаңалық ашылыў да тийисли. Бунда идентификация (теңлестириўшилик) тийкарынан еликлеў ушын үлги таңлаўды түсиндиреди. Ал компенсация болса адамның жеделлигин, оның өз кемшиликлерин жеңиўге умтылыўын атап өтеди. Тереңлик психология өз предмети етип психиканың терең, санасыз дүзилисин алған, оның үйрениўиниң усылы психоанализ болған.

**<u>Ҳайўанат дүньясында психиканың раўажланыўы</u>** қоршаған орталықты сәўлелендириўдиң ҳәм оның өзгерислерине масласыўдың жетилискен формасын бериўши қурамалы психикалық процесслердиң пайда болыўы менен байланыслы. Ҳайўанларда сезиўдиң раўажланыўы менен қабыл алыў (предметлердиң олардың қәсийетлери менен сәўлелениўи) пайда болды. Жоқары омыртқалыларда түсиник пайда болады (затлар образы, сол ўақытта қабыл етилмеген, усылай етип маймыл ҳәзир ғана көрген, жасырылған бананды излейди). Ҳайўанлардың есте сақлаўы жетилиседи (оның басланғыш

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

формалары хайўанат дүньясының эпиўайы ўәкиллеринде де бар). Омыртқалыларда *ойлаў урықлары* бар, бирақ адамның ойлаў ис-ҳәрекетинен эпиўайырақ.

Психиканың раўажланыўы ушын ҳайўанның қоршаған орталықтан ғәрезли болған турмыс тәризи үлкен әҳмийетке ийе. Ҳаўада ушыўшы қуслар, суўда жүзиўши балықлар жерде жүретуғын ҳайўанларға салыстырғанда кемирек раўажланған психикаға ийе (бул олардың жасаў орталығына байланыслы). Бирақ қуслар жақсы көриў қәбилетине ийе, олар алыстан-ақ жеўге мүмкин болған нәрселерди көре алады.

Психикалық раўажланыў дәрежеси ҳайўанның минез-қулық формасы- **инстинкт** (тәбийи сезим), **көникпе**, **интеллектуаллық ҳәрекет** пенен белгиленеди.

**Ҳайўанлардың инстинкти**. Инстинкт деп аталыўшы ҳәм бәрҳама илим тарийхында бирнеше қыйыншылық ҳәм тартысыўларды пайда еткен ис-ҳәрекетлер формаларына бизлер бүгин тоқтаймыз.

**Инстинклер**- *бул ҳайўанатлардың қурамалы тәбийи ис-ҳәрекетлери болып, олардың жәрдеми менен ҳайўанатлар өз талапларын қанаатландырады.* Физиологиялық жағынан инстинктлер шәртсиз рефлекслердиң қурамалы дизбеклеринен ибарат болып, рефлекстиң бир ушы ендиги рефлекстиң қоздырыўшысы болады.

Инстинкт дегенде, айырым авторлар формулировка ететуғын Ғмақсеттиң санасы болмағанда, мақсетке муўапық ис-ҳәрекетҒ деп түсинилген. Яғный айтқанда, бунда гәп ҳайўанлар арнаўлы үйретиўсиз қоршаған орталық жағдайларына көнлиге баслайды. Ис-ҳәрекеттиң бул формасы омрытқасызлардың раўажланыўының дәслепки басқышында көбирек, мысалы, насекомаларда ис-ҳәрекетиниң бул формалары тийкарғы ҳәм көпшилик жағдайда жалғыз болады, басқа ҳайўанларда- төменги омрытқалыларда- көбирек ушырасатуғын болып қалады ҳәм ўақыттың өтиўи менен ғана турмыслық үйрениў процессинде пайда болады, қурамалы жеке өзгериўшең ис-ҳәрекет формаларына өз орнын босатып береди.

Бундай инстинктлердиң бир неше мысалында тоқтап өтемиз, соң заманагөй изертлеўшилер қалайынша ис-ҳәрекеттиң бундай формалары тийкарында жатырған механизмлерди түсиндирмекши болып атырғанлығын көрсетиўге урынамыз.

Ҳәммеге белгили, сүйир шыбын ўақты келгенде өз мәйекшелерин суў үстине қояды. Егер ол мәйекшелерин суўға емес, ал қурғақ жерге қойса олар өлип қалған болар еди. Сүйир шыбын буны ҳеш қандай алдын ала үйрениўсиз ислейди. Көплеген қоңызлардың куртлары өз көлеминен бир неше есе үлкен болған жипек пилле ислейди, бунда ең қызығы пиллениң үлкенлиги ертеңги күни оннан шығатуғын қоңыздың көлемине тең болады. Ҳәрре мәйек қойыўдың таң қаларлық техникасын әмелге асырады. Олардың ишинде өз мәйегин гүбелек курт денесине қоятуғынлары бар. Бул мәйеклер узақ ўақыт сақланыўы ҳәм оннан шыққан куртлар аўқатланыў мүмкиншилигине ийе болыўы ушын ҳәрре таң қаларлық операцияны әмелге асырады. Ол гүбелек курттың үстине шығып, ништери менен оның ҳәрекет ганглиясына шанышады. Гүбелек курт өлмейди, бирақ ҳәрекетсизленип қалады, солай етип мәйектен куртлар шыққан ўақтында-олар ушын аўқат яғный гүбелек курттың денеси таяр болады.

Бундай қурамалы ис-ҳәрекеттиң барлық шөлкемлесиўлери өз мақсетине бағдарланғанлығы менен таң қалдырады. Ҳәрре, гүбелек курттың қай жеринде ҳәрекет ганглиялары бар екенлигин есаплай алады ҳәм есабына сүйене отырып, өз шағыўын әмелге асырады деп ойлаў мүмкин.

Максимал үнемли жобада өз пал уяларын дүзиўши ҳәррелер (изертлеўши-геометрлар ақ мумнан исленген пал уяның буннан тежемли формасын ойлап табыў мүмкин емес екенлигин есаплап шыққан) буны қандай да бир есап пенен ислейди деп ойлаў мүмкин. Жапырақты кесип оннан труба (найша) таярлайтуғын курттың бир түри ҳаққында да усындай пикирде болыўы мүмкин. Себеби ол буны таң қаларлық геометриялық есап пенен ислейди, буны тек ғана жапырақты кесиўдиң ең үнемли формасын есаплап шыққан математик ислеўи мүмкин.

*Мен эпиўайы ҳайўанлар- насекомалардың қурамалы, бир қарағанда олардың ис-ҳәрекетлериниң ақыллы тәсирин пайда ететуғын ҳәрекетинен тек бир неше мысаллар келтирдим.*

Бираз ҳайўанлардың ис-ҳәрекетлерин бақлай отырып, олар жүдә ақыллы ҳәрекетлер ислеўге мүмкиншилик беретуғын жоқары раўажланған психикаға ийе деп ойлаў мүмкин.

Ҳайўанлардың бундай ақыллы ис-ҳәрекетлери бойынша көплеген мысаллар келтириў мүмкин. Бирақ бул ақыл емес. Бул туўма есапланатуғын ҳәм сыртқы тәсир нәтийжесинде әўладтан әўладқа тәрбияланып келетуғын ҳәм тәбийи ириклениў жолы менен беккемленетуғын ҳәрекетлер, яғный инстинктлер. Инстинкт тийкарында, мийрас болып өтетуғын ҳәрекетлер сыпатында шәртсиз рефлекслер жатады. Сонлықтан инстинктлер ҳайўанның жеке тәжирийбесинде азғана өзгереди. Инстинктив ис-ҳәрекет омыртқасыз, балық, қус ҳәм басқа да ҳайўанатлардың психикалық ис-ҳәрекетиниң тийкарғы формасы есапланады. Инстинкт адамларда да бар, бирақ адамларда бул ҳәрекетлер интеллектке-ақылға бойсынады.

**Ҳайўанлардың көникпелери**. Ис-ҳәрекеттиң бул жеке- өзгериўшең формасы қалай мүмкин ҳәм ол қандай нызамшылықлар менен әмелге асырылады. Мен бүгинги лекцияны ис-ҳәрекеттиң бул қурамалырақ жеке- өзгериўшең формасының анализине бағышлайман.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**Көнлигиў-**_бул жеке турмыста қолға киригизилген ҳәм шынығыўлардың нәтийжесинде беккемленген қылықтың усылы болады._ Көнлигиўдиң тийкарын шәртли рефлекслер системасы қурайды.

Ис-ҳәрекеттиң жеке- өзгериўшең формасы насекомаларда да бар, ҳәм олар оқытылыўы ҳәм қайта оқытылыўы мүмкин, ҳәм бул аўыл хожалығында үлкен табыслар менен қолланылмақта. Мысалы, ҳәррени өсимликтиң жаңа түрине үйретиў керек болса, бул мүмкин екенлиги белгили. Буның ушын жаңа өсимлик ҳәрреде реакцияның туўма системасы бар болған өсимликтиң ийисине ийе суйықлық жағамыз. Ҳәрре ески ийис бар жаңа өсимликке қона баслаған соң бул ийис алып тасланады, ҳәм рефлекторлы түрде ҳәрре бул ийиси болмаған жаңа өсимликке қона баслайды.

Демек, ҳәррени қайта үйретиў мүмкин, бирақ бул жүдә әсте болатуғын ҳәм тийисли турақлылыққа ийе болмаған процесс. А.Н.Леонтьев хызметкерлери америкалы сомик пенен өткерген тәжирийбесинде де көриўге болады.

Аквариумға сийледен жасалған экран менен тосық исленген, аўқатқа баратырған балықлар оған соқлығысқан. Ўақыттың өтиўи менен олар бул экранды айланып өтип үйренген, арадан бираз ўақыт өтип, бул сийле алып тасланған соң да балықлар усы жерге келгенде айланып, енди керексиз болған айланшықты ислеп жүзетуғын болған.

Ҳайўанлардың көплеген ис-ҳәрекет формалары әўладтан өткен емес, ал өмирде, жеке тәжирийбеде арттырылған есапланады. Бундай ҳәрекетлердиң қайталаныўы нәтийжесинде әсте-ақырын тәрбияланған ҳәрекетлер көникпе деп аталады. Олардың физиологиялық тийкары шәртли рефлекс болады.

Ҳайўан нерв системасының раўажланыўы бойынша қаншелли жоқары турса, ол соншелли қурамалырақ көникпелерди ийелеўи мүмкин. Көникпе инстинктқа салыстырғанда минез-қулықтың ийкемлесиўши формасына ийе. Ол сыртқа жағдай тәсиринде өзгериўи мүмкин. Көникпе әсте-ақырын, дурыс орынланған ҳәрекетти көп мәртебе қайталаў нәтийжесинде пайда болады.

**Ҳайўанның интелектуал ис-ҳәрекети**. Ҳайўанат дүньясының жоқары ўәкиллери (қурғақлықта жасаўшыларда-адам тәризли маймыллар, суўда жасаўшылардан-дельфинлер) интеллектуал ис-ҳәрекет деп атаў мүмкин болған қурамалы ҳәрекетлерди орынлайды.

Ҳайўанат бурын өз тәжрийбесинде болған қылық формасын табыўы тийис. Бундай жағдайларда жоқары ҳайўанлар (адам тәризли маймыллар, дельфин) **ақылға уғрас қылық деп аталған қылықты ислеўге-** _ойлаў хызметиниң затлардың арасындағы байланысларды анықлаўға тийкарланған ең әпиўайы формаларын әмелге асырыўға уқыплы болады._

Бул ис-ҳәрекет формасының тийкары неде деген сораў пайда болады. Бул ис-ҳәрекет қандай формада көринеди, оның шегаралары неден ибарат.

Бүгинги лекцияны усы мәселелерди көрип шығыўға бағышлаўға рухсат етиң. Ҳайўанлардың жеке ис-ҳәрекет интеллектуал ис-ҳәрекетниң қурамалы формасының тийкарын не қурайды. Интеллектуал ис-ҳәрекеттиң тийкарын, сыртқы дүнья предметлери арасындағы қурамалы қатнас.

Бир неше мысаллар келтириўге рухсат етиң. Немец психологы Келер таўықлар менен өткерген сәўлелениўдиң элементар формаларын анализлеўден баслаймыз.

Таўықтың алдына еки квадрат қойылған-биринши квадрат ақшыл күлрең, екиншиси тойғын күлрең болған. Еки квадраттың да ишинде дәнлер болып, олардың биринширсиндеги дәнлер еркин, яғный шоқып алыў мүмкин болса, екинши квадраттағы дәнлер желим менен түбине жабыстырылып, шоқығанда илинбейтуғын болған. Ўақыттың өтиўи менен таўық ашық реңдеги квадраттан дән жеген соң енди ол еки квадраттың тек ғана ашық реңлисине баратуғын болып үйренген.

Усы жерде сораў келип шығады, таўық квадраттың реңине қарай барды ма, ямаса ол екиншисинен ақшылрақ болғаны ушын соған қарай барды ма.

Бул сораўға жуўап бериў ушын Келер таўыққа басқа- алдыңғы тәжирийбеде дәнлер астына желимленген ҳәм оннанда тойғын реңдеги еки квадратты усынды. Алдыңғы тойғын күлрең квадрат енди бунда қасындағысынан ақшылрақ еди. Енди таўық қайсы квадратқа қарай барды деп ойлайсыз, әлбетте ол тазадан пайда болған квадратқа қарамастан, бурын кери болған, яғный дәнлер желим менен жабыстырып, шоқығанда илинбейтуғын болған квадратқа қарай жүрди. Демек ол абсолют реңге емес, ал еки квадрат арасындағы қатнасқа тәсирленди. Өз шамалаўларын анық тастыйықлаў ушын Келер үшинши тәжирийбени өткерди, ол биринши тәжирийбеде оң (положительный) болған ақшыл күлрең квадраттың қасына оннанда ақ болған және бир квадратты қойды, таўық сонша ўақыттан берли өзи дән жеген квадратқа қарамастан жаңадан пайда болған ақшыл квадратқа қарай жүрди.

Демек таўық реңге емес, ал реңлер арасындағы қатнасқа тәсирленеди.

Физиолог-профессор Л.В.Крушинский әмелге асырған ҳәм экстраполяцион рефлекси менен тәжирийбе деп аталыўшы мысалды келтиремен.

Биз сөз етип отырған тәжирийбеде көрсетилип атырған аппарат еки иши көринбейтуғын найша дан ибарат. Олардың биреўине ҳайўанның көз алдында жемтик-гөш бөлеги ямаса дәнди жип пенен тартып салады. Бул жемтик жабық труба бойлап тартып жүргизиледи. Ҳайўан жемтиктиң трубаға киргизилгенин, екинши тәрепинен шыққанын, аз ғана жер ашық жерден тартып өтилип және екинши

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

трубаға кирип кеткенин көреди. Ҳайўан бундай жағдайда өзин қалай тутады. Тәжирийбелердиң көрсетиўинше, раўажланыў дәрежеси ҳәр қыйлы болған ҳайўанлар бирдей ҳәрекет етпейди. Раўажланыўдың төменги дәрежесинде болғанлары (мысалы тауықлар) жемтик қасынан өтип кеткенине қарамастан, саңлақ арқалы өтип атырған жемтикке тасланады оны алыўға урынады, яғный тек ғана тиккелей тәсирлениўге жуўап қайтарады. Олардан парқы болған, жоқары дәрежедеги турған ҳайўанлар басқаша реакция көрсетеди, олар саңлақ арқалы өтип атырған жемтикке қарайды ҳәм трубаның ақырына барып жемтиктиң трубаның ашық болған ақырында пайда болыўын күтеди.

Қуслардың ишинде, жабайылары, сондай-ақ пышық ҳәм ийт усындай ислейди.

**Филогенезде психиканың раўажланыўы.** Онтогенезде психиканың раўажланыўын изертлеўде пайда болатуғын биринши сораў, бул психикалық өмирди психикалыққа шекем айыратуғын объектив критерия (белги) ҳаққындағы сораў. Субъектив түрде бул белги сезимлилик, яғный **сезиўшиликтиң** бар болыўы есапланады. Бирақ сезиў ҳәттеки ең әпиўайы ҳайўанларда да болатуғынлығы изертлеўшилерге сырттан бақлаўдан басқа жол қалдырмайды, өйткени бул тири жанлардың рефлекциясы жоқ. Демек, ис-ҳәрекеттиң өзгешеликлеринен келип шығып қозыў ҳәм сезимлиликти айырыў керек. **Қозыў**- бул өмирлик әҳмийетли стимулға қәлеген тири жанның (психикаға ийе ҳәм психикаға ийе болмаған) реакциясы. Мысалы, әпиўайы инфузория олар ушын өмир дәреги болған жақтылыққа қарай сүзеди, өсимликлер қуяшқа қарай ашылады. **Сезимлилик-**бул сезип тәсирлениўге уқыплылық ҳәм ол тек психикаға ийе организмлерде болады.

Сезиўдиң пайда болыўы бул жәнлик **сенсор** (сенсорика-сезим) деп аталған психиканың раўажланыўының ***биринши басқышында*** турғанлығын билдиреди. Бул басқышта әпиўайылар-амебалар, инфузорийлер, куртлар, балықлар, насекомалар турады. Олардың көпшилигиниң минез-қулқы дерлик әпиўайы, ал психикалық өмири болса тек ғана сезиў менен яғный предметтиң айырым сапа ҳәм қәсийетлериниң сәўлелениўи менен шекленеди.

**Перцептив** (перцепция-қабыл алыў) атамасын алған ***екинши басқышта***, минез-қулық бираз қурамаласады. Психикалықтың сферасы да кеңейеди- сезиўден басқа, қабыл алыў, яғный предмет образының пүтинлик сәўлелениўи уқыплығы раўажланады. Сонлықтан тири жанлар предмет ҳәм жағдай образларын сәўлелендире алады, қыйын жағдайларда жақсы бағдарланады, аўқат таўып, қыйыншылықтан жасырына алады. Көпшилик ҳайўанлар психикасының раўажланыўының әйне усы басқышында. Олардың минез-қулқының қурамаласыўы көнликпе, үйрениўге уқыплылықтың пайда болыўы нәтийжесинде жүз береди. Көнликпе болса бул басқышта қабыл алыўдан басқа және яд, биринши гезекте ҳәрекетке яд (моторлық) пайда болыўы нәтийжесинде қәлиплеседи. Ҳайўанлар әҳмийетлирек болған эмоционал уўайымларды да сақлап қалады ҳәм бул өз ис-ҳәркетин ретлестириўге жәрдем береди.

Сүт емизиўшилер, психиканың раўажланыўының ***үшинши басқышында*** болып олар тек ғана сезиў, қабыл алыў, яд емес, ал ойлаўға да ийе. Сонлықтан да бул басқыш интеллект басқышы атамасын алған. Бул жерде пайда болыўшы ойлаў-көргизбели- ҳәрекетли, предметлер менен манипуляциялаў (көз бояў, алдаў) зәрүрлиги менен байланыслы. Усының нәтийжесинде ҳайўанларда жағдайдың әпиўайы схемасы пайда болады, бунда тек ғана предметлер емес, ал олар арасындағы байланыс ҳәм қатнаслар сәўлеленеди. Сонлықтан жоқарғы ҳайўанлар ис-ҳәрекети қурамалы системасын дүзиўи, әпиўайы мәселелерди шешиўи мүмкин. Бирақ олар санаға ийе емес. Ретлестириў, не ҳаққында ойлап, уўайымлап атырғанлығы, қыйын жағдайдан шығыўдың қандай жолын тапқанлығы ҳаққында өзине ҳәм әтираптағыларға есап бере алмайды.

Ҳайўанларда психиканың қәлиплесиў нызамы барлық ўақытта тек ғана қоршаған орталыққа масласыў зәрүрлиги менен байланыслы, биологиялық болып қалады.

Адамның психикасының қәлиплесиўине болса басқа да факторлар (мысалы мәдений) тәсир етеди. Сонлықтан да, адам психикасының раўажланыўы тек ғана биологиялық емес, ал социомәдений факторлар менен байланыслы.

Психиканың ең жоқарғы формасы- **адам санасының** раўажланыўы.

*Жаманлықты аңлаў-демек дәрҳал оның менен гүресиўди баслаў.*

*М.Кольцов.*

Психологияда **сана** сүўретленген психикалық функциялардың улыўма сапасы болған сәўлелениўдиң айрықша формасы сыпатында көриледи. Барлық психикалық функциялардың олардың өз-ара ҳәрекетинде раўажланыўы, адамда сыртқы дүньяның ишки сәўлелениўин қандай да бир мәнисте моделин қәлиплестиреди. Бул моделдиң адам ис-ҳәрекетине бағдарлаўшы тәсири ол тәрепинен сана сыпатында сәўлеленеди.

Сананы пайдаланыў адамға мийнетинен ол бул процесстиң басында нәзерде тутқан алдына қойған нәтийжесин алыўға мүмкиншилик береди. Ҳайўанлардан парықлы рәўиште адам тек ғана биологиялық талап пенен белгиленетуғын түрлик тәжирийбе менен енгизилген минез-қулық бағдарламасын әмелге асырмайды, ал нийет ҳәм мақсетлерин алға сүриў жолы менен өз бағдарламасын ислеп шығады.

Адам ис-ҳәрекетиниң аңлы, мақсетке бағдарланған ҳәм еркин ретлестириў онда сыртқы дүньяның ишки модели қәлиплесип атырғанлығы нәтийжесинде ғана мүмкин.
**Реал дүньяның сәўлелениўи сыпатында, тек ғана адамға тән болған ҳәм онда жәмәәтлик мийнет процессинде раўажланатуғын психиканың ең жоқарғы формасы-<u>сана</u> деп аталады.** Адам санасының ҳайўанатлар психикасынан ең әҳмийетли айырмашылығы сонда аң-сезимниң де, яғный тек сыртқы дүньяны емес, ал өзин-өзи, өзиниң типик ҳәм жеке өзгешеликлерин билип алыў уқыбының да бар екенлигинде болады. Бул өзин-өзи жетилистириў, өзин-өзи бақлаў ҳәм өзин-өзи тәрбиялаў мүмкиншилигин ашып береди.

Солай етип, *сананы сөйлеўдиң, тилдиң жәрдемин менен ҳақыйқатлықтың объектлерин сәўлелендириўдиң жоқары формасы деп белгилеўге болады.*

**<u>Санасызлық</u>**. Санасызлық минез-қулықтың ретлесиўине тәсир етиўши, сананың тиккелей қатнасыўы менен өтиўши барлық факторларды бирлестиреди.
Ҳәр бир адамның ишки дүньясын қураўшы билим, *қатнаслар, ууайымлар* оның тәрепинен аңланбайды ҳәм ол пайда еткен талап өзине де, этираптағыларға да түсиниксиз болған минез-қулық себепшиси болады. Ерксиз ретлесиў, тек белгили бир мақсетке ерискеннен аң-сезимниң басқарыўдағы сыяқлы басымның пәсеиўи жүз бериўи мәнисинде ғана мақсетке бағдарланған деп есапланыўы мүмкин. Фрейд ерксиз талаплар көплеген жасырын басымлар ошағы тийкарында жатырғанлығын ҳәм олар масласыўдың психологиялық қыйыншылықларын ҳәттеки кеселликлер пайда етиўи мүмкин екенлигин көрсетти.
Фрейд, санасызлық- бул дыққат аўдарылмай атырған процесслер ғана емес, ал сана тәрепинен бастырылып тасланған, сана буған қарсы күшли тосқынлықты алға сүретуғын *ууайымлар* деп есаплады.
Инсан көплеген социаллық қәәәғәі åòèў ҳәм шеклеўлер- *табу менен конфликтке* түсиўи мүмкин. Конфликт жағдайында онда ишки басым күшейип, мий қабығында қозыўдың изоляцияланған ошағы пайда болыўы мүмкин. Қозыўды түсириў ушын биринши гезекте конфликттиң өзин ҳәм оның себеплерин àңëàў керек, бирақ аңлаў аўыр ууайымларсыз мүмкин емес ҳәм адам аңлаўға тосқынлық етеди. Мысалы, терең жек көриўшилèк, ҳәттеки қарсыласын өлтириў тилеги қызғаншақ адам тәрепинен жасырылады ҳәм онда ишки басым ошағының ïàéäà áîëûўûíûң ñåááàè áîëûўû ìүìêèí. Бундай қурамалы ууайымлар олардың аңлаўы қыйын ҳәм қәлемеген болғанлығы себепли тоқтатылады ҳәм сапластырылады яғный, аңланыўшы тараўынан шығарып тасланады. Бирақ бул қозыў ошағының бузылыўын аңлатпайды. Узақ ўақытқа шекем олар тоқтатылған жағдайда сақланыўы ҳәм белгили бир жағдайда, тийисли тәсир ақыбетинде олар актуалласыўы ҳәм сана ҳәм аң-сезим жарақатлаўшы реал фактор болыўы мүмкин. Бундай кемситилген ошақ жүдә тереңге жасырылыўы мүмкин, бирақ ол қолайсыз жағдайда көриниўи ҳәм адамның жағдайына жарақатлаўшы тәсир етиўи, ҳәттеки психикалық кеселликтиң раўажланыўына алып келиўи мүмкин. Бундай аўыр тәсир етиўди болдырмаў ушын жарақатлаўшы факторды аңлаў ҳәм оны ишки дүньяның басқа факторлары ҳәм баҳалары дүзилисине киритиў керек.
Санасызлық- ҳәр бир адамның психикалық ис-ҳәрекетиниң øәðòëè қураўшы бөлеги. Қәлеген психикалық акт ерксиз сыпатында басланады ҳәм тек кейин ғана àңëàíààû, бирақ егер аңлаў жолында тосқынлық ушыратса, àңëàíááғàí болып қалыўы мүмкин. Изертлеўшилерäèң øàìàëàўûíøà, саналық түсиник өз ишине предметлик түсиникти ҳәм тийисли сөзлик билдириўди алады, ал ерксиз, тек ғана предметлик көрсетиўден турады. Ериксизди ҒБилиўҒ процесси предметлик көрсетиўди сөзлик формаға аўдарыў менен байланыслы. Ïсихоанализ-бул яд терапиясы. Ол өз ишине-ошағын излеў (оның еске түсириўи), оның àøûëûўû (мағлыўматты сөзлик формаға айландырыў), қайта баҳалаў (көрсетпе системасын өзгертиў), жаңа әҳмийетлиликке муўапық óўàéûìëàў, умытыў (қозыў ошағын сапластырыў)äû àëààû.

## Тема: Шахс хызмет ҳәм қарым-қатнас процеси.

## Жоба:

1. **Шахс түсиниги.**
2. **Хызмет ҳаққында түсиник ҳәм оның түрлери.**
3. **Қарым-қатнас түсиниги ҳәм оның түрлери.**
4. **Топарлар түсиниги ҳәм олардың түрлери.**

**<u>Психологияда жеке шахс ҳаққында улыўма түсиник.</u>** ҒЖеке шахсҒ термининде сүўретленетуғын шынлық, усы терминниң этимологиясының өзинде көринеди. ҒЖеке шахсҒ сөзи (латын тилинен) әўел

б ган антик театрда ҳәрекет етиўши адамлардың белгили бир типлери менен бекитилген (Ғқызған ақҒ ахарман, ҳ.т.бҒ) актер маскаларына (нықабына) (ҒличинаҒ (перде) сөзин салыстырың) тий и болған.

Соң бул сөз актердың өзин ҳәм оның ролин аңлата баслаған. Римлилерде персона сөзи шәртли түрде оның белгили бир социаллық функциясын, ролин (әке шахсы, патша шахсы, қазы шахсы ҳ.т.б) көрсеткен ҳалда қолланылған. Яғный айтқанда, жеке шахстың дәслепки мәниси-адамның белгили бир функциясы ямаса социаллық роли.

Ўақыттың өтиўи менен жеке шахс түсиниги белгили бир дәрежеде сол конкрет тил ушын спецификалық болған және де көбирек мәнилик әҳмийет, өзгешелик ҳәм диапазон ҳәртүрлилиги менен толықтырылып барылған.

Ïñèõîëîãèÿда ҒàäàìҒ òүñèíèãèíåí òûñқàðû àíàғóðëûì òàð ìəíèäåãè æåêå àäàì äåãåí òүñèíèê қîëëàíûëàäû. **Æåêå àäàì äåãåíèìèç**-áóë òàï ñîë àäàìíûң өçè, áèðàқ, îë òåê æəìèéåòëèê, ñîöèàëëûқ òèðè æàí ðåòèíäå қàðàëàäû. Æåêå àäàì äåãåíäå áèç îíûң áèîëîãèÿëûқ, òəáèéèé òəðåïëåðèí åñàïқà àëìàéìûç.

Áóíäàé æàғäàéäà ñîöèàëëûқ êөç-қàðàñòàí æåòêèëèêëèè äəðåæåñè íəçåðäå òóòûëàäû- íəðåñòå ÿìàñà ðóўõûé àўûðûў àäàì æåêå àäàì äåï åñàïëàíà àëìàéäû.

Ïñèõîëîãèÿäà àäàì ҳəì æåêå àäàì äåãåí òүñèíèêëåð ìåíåí áèð қàòàðäà æåêå ìèíåçëèè àäàì äåãåí òүñèíèê òå қîëëàíûëàäû. ҳəð áèð àäàìíûң өìèð æîëû, îíûң òóðìûñ ҳəì õûçìåò, òəëèì-òəðáèÿ àëûў øəðàÿòëàðû өçèíå òəí æəíå òəêèðàðëàíáàéòóғûí áîëàäû, ñîíûқòàí äà áèð-áèðèíå ïүòêèëëåé óñàï êåòåòóғûí åêè æåêå àäàì æîқ ҳəì áîëûўû ìүìêèí åìåñ. Òàï ìèíå óñû àäàìíûң æåêå êåëáåòè æåêå қəñèéåòëèè àäàì äåï àòàëàäû. Áóë өçèíå òəí ïñèõîëîãèÿëûқ өçãåøåëèêëåðäèң òəêèðàðëàíáàéòóғûí áèðèêïåñè ðåòèíäåãè êîíêðåò âàðèàíòòàғû æåêå àäàì áîëàäû.

<u>Жеке адамның ең әҳмийетли үш минезлемесин атап өтемиз.</u>

- **Биринштиден,** *жеке адам қәсийетлериниң турақлылығы*. Жеке адамның психикалық ҳәрекетлери қаншама сәнли, өзгериўшең болғаны менен оның психикалық дүзилиси белгили дәрежеде турақлы екенлиги аттан анық көринеди, ал бул нәрсе атап айтқанда усы жеке адамның минез-қулқын анаў ямаса мынаў жағдайда алдын болжап көриниўге имканият береди.
- **Екинштиден,** *жеке адамның бирлиги*. Жеке адам бир пүтин нәрседен ибарат болады, онда ҳәрбир қәсийет басқалары менен тығыз байланысқан ҳәм сонлықтан да жеке адамның ҳәрбир қәсийети өз әҳмийетине, көбинесе жеке адамның басқа қәсийетлери менен өз-ара байланысыўына қарай пүткиллей ҳәрқыйлы әҳмийетке ийе болады.
- **Үшинштиден**, жеке адамның активлиги. Активлилик дөгереке әтираптағы дүньяны билип алыўға, өзгертиўге, қайта дүзиўге, өз-ара басының тәбиятына, өзиниң психикалық дүзилисин (өзин-өзи тәрбиялаўды) өзгертиўге бағдарланған көп түрли ҳәм ҳәр тәрепleme хызметте көринеди.

**Жеке адам-**оғада қурамалы бир пүтин нәрсе болады. Бирақ мине усы қурамалы бир пүтин нәрсениң үш тийкарғы тәрепин ямаса, психологлардың айтатуғыны сыяқлы, үш бөлегин ажыратып шығарыўға болады.

- Бул жеке ***адамның бағдарланыўшылығы***, оның дөгерек- әтираптағы дүньяға болған қатнасларының системасы. Буған жеке адамның минез-қулқының мотивлери (жеке адамда анаў ямаса мынаў минез-қулыққа, яки хызметке қуштарландыратуғын себеплерди мотивлер деп атайды), атап айтқанда оның талаплары, сезимлери, мәплери жатады.
- Бул жеке ***адамның мүмкиншиликги***, оның хызметиниң (атап айтқанда уқыбының) табыслы болып шығыўының алдын ала психологиялық шәртлери.
- Жеке адамның минез-қулқының стили, психологиялық өзгешеликлери (темпераменти ҳәм характери) болады. Басқаша етип айтқанда, жеке адам қандай ҳәрекет ететуғыны ҳәм ол неге басқаша емес, ал усылайынша ҳәрекет ететуғыны менен сыпатланады.

<u>**Жеке шахстың ең әҳмийетли сыпатламаларының бири-өзин, өз ис-ҳәрекетин баҳалаў**</u>, топардағы өз орнын ҳәм топардың басқа ағзаларына өз қатнасын нәзерде тутатуғын-өзине баҳа бериў. Адамның жеделлиги ҳәм өзин жетилистириўге умтылыўы усыған байланыслы. Ол адамның өз-өзине талабынан жәмийетлик талапта көринетуғын сыртқы баҳаның әсте-ақырын интериоризациясы жолы менен раўажланады.

Қатнасқа талап балаларда басқышпа-басқыш раўажланады. Дәслеп-бул үлкенлер тәрепинен дыққатқа умтылыў, соң-олар менен бирге ислесиўге, кейин ала бала олар менен бир нәрселерди биргеликте ислегиси келип қалмастан, олардың ҳүрметин сезгиси келеди, ҳәм соң бир бирин түсиниўге зәрүрлик пайда болады. Баланың ата-анасы менен қандай қатнас орнататуғынлығы, бул қатнаста оның орны қандай болатуғынлығынан оның өзине болған қатнасы байланыслы. Ата-аналар себепсиз өз баласының реал ҳәм ойлап табылған жетискенликлерин мақтаныш етиўи балада көтериңки умтылыўшылық дәрежесиниң қәлиплесиўине алып келеди. Соның менен бирге ата-ананың баласының мүмкиншиликлерине исенбеўи, баланың негатизмин бастырып таслаў балада өз әззилигин, жетилиспегенлигин сезиўге алып келеди.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Өзине унамлы баҳа бериўди раўажландырыў ушын, бала ҳәзирги ўақытта қандай, жақсы ямаса жаман (бүгин қазан-табақ жуўды ма ямаса кесаны сындырып қойды ма) екенлигинен қаттый нәзер муҳаббат пенен қоршалған болыўы керек. Бәрҳа ата-ана муҳаббатын сезиў балада жеке баҳалылығы сезимин пайда етеди, бунда ата-ана оның конкрет бир ис-ҳәрекетлерине ҳақ нийетли баҳасын бериўди тоқтатпайды. Бирақ ата-ана хош көрмейтуғын қылығын балаға берилген улыўма баҳа менен байланыстырыўы керек емес. Мысалы, егер бала өтирик сөйлесе оны жазалаў керек, бирақ оған алдаўықшысаң деп айтыўдың кереги жоқ. Ата-аналардың айтқан негатив гәпи баланың санасында беккемленеди ҳәм өзине баҳа бериўди өзгертеди.

Киши мектеп жасындағы балаларда өзине баҳа бериў әтираптағылардың пикир ҳәм баҳаларына тийкарланады ҳәм критикалық анализсиз, таяр түринде қабылланады. Бундай сыртқы тәсирлер өспиримлик жасына шекем жүдә әҳмийетли.

Өзин унамлы баҳалаўшы өспиримлердиң таярбияланған шаңарақтаға авмосфераны үйренгенде, бунда бала менен ата-анасы арасында тығыз байланыс бар екенлиги анықланған. Ата-аналар балаларының машқалаларына терең қызығыўшылық билдирген, олардың шешиўинде қатнасқан ҳәм өз балаларын тек ғана қызығыўшылық ҳәм баўырманлыққа емес, ал ҳүрметке ылайықлы деп есаплайтуғынлығын көрсеткен. Ата-ананың бундай қатнасы баланы өзин унамлы деп көриўге ийтермелеген деп шамалаў мүмкин.

Балалар, әдетте мектепке унамлы қатнас пенен келеди. Ўақыттың өтиўи менен, уқыплылығы аз ямаса әззи таярланған балаларда жаман баҳа алыў сыяқлы ашшы тәжирийбе топланады, сонда мотивация өзгереди-мектеп ҳәм оқыўға қатнас кери болады, унамсызға айланады, оқыўдағы өсип баратырған қыйыншылықлар өзине берилетуғын баҳаны да төменлетеди.

Өзин баҳалаўдың төменлеўиниң алдын алыў ушын Н.А.Менчинская төмен оқыйтуғын балалар кишкене балаларға оқытыўшылық қылыўын мақсетке муўапық деп есаплайды. Сонда балада билим алыўдағы кемшиликлери толықтырыў нийети пайда болады, ал бул тараўдағы табыс оның өзин баҳалаўының нормалласыўына тәсир етеди. Өзин адекват баҳалаўдың бузылыўы мектепке барыўға жақсы таярлық көрген балаларда да болады. Көрилген жақсы таярлық пенен бала киши классларда қыйналмастан жақсы баҳаларға оқыйды. Аңсат табысқа ерисиў арқалы ол бәрха мақтаўға еситиўге үйренип, умтылыўшылықтың жоқары дәрежеси ҳәм өзин жоқары баҳалаў пайда болады. Жоқары классларға өткен соң, бул оқыўшылар, мийнет уқыпларына ийе болмағанлығы себепли өз жолдасларынан үстинлигин жоғалта баслайды, ҳәм ақыбетинде олардың өзин баҳалаўы бирден түсип кетеди.

Өзин дурыс баҳалаўдың қәлиплесиўиниң мақсетиниң ғәрезлилигине дыққат аўдарыў керек. Американлы психологлар Розенталь ҳәм Якобсон эксперимент қойды-оқыў жылының басында айырым оқыўшылардан (Ғкеш гүллеўшиҒ) үлкен табысларды тек жыл ақырына барып күтиў мүмкин деп устазларды исендирди. Ҳақыйқаттан да, Ғкеш гүллеўшиҒ деп белгиленген оқыўшылар тосаттан алға шығып алды. Бул эксперименттен кейин өткерилген тексериўдиң көрсетиўинше, Ғкеш гүллеўшиҒ оқыўшылар өз табысларын басқа балаларға салыстырғанда ҳақыйқаттан да жақсылаған. Бундай жақсылаўлар бир қанша дәрежеге шекем устазлардың күтиўи менен белгиленди, олар өзлери билмеген ҳалда, Ғкеш гүллеўшиҒлерге қатнаста белгили бир көрсетпени әмелге асырған, буны олар қарым-қатнаста, жүзиниң, даўыс тонының, манерасының айырықша көринислеринде, улыўма оқыўшыға унамлы қатнасын билдириўши барлық нәрседе билдирген. Мысалы, егер устаз оқыўшының жоқары интеллектуал потенциалға ийе екенлигин сезсе, оннан жуўапты көбиреке, мақуллаўшы жүз бенен күтеди. Бундай экспериментлерди анализлеўден мәлим болыўынша, егер устаз оқыўшы менен қатнаста шыдамсызлық етсе, бийпәрўа тыңласа, балада өзин баҳалаўдың пәсейиўине ҳәм үлгериўиниң реал төменлеўине алып келеди екен.

Баланың өзине баҳа бериўинде үлгериўшилиги үлкен роль атқарады. Жаман оқыйтуғын балаларда класслaслары менен қатнасының бузылыўы ҳәм минез-қулқының деформациясы бақланады. Олардың айырымлары, өзлерине бийпәрўалықты сезсе де бар күши менен балаларға умтылады, олардың дыққатын өзине қаратқысы келеди. Бирақ төмен оқыйтуғын балалардың көпшилиги пассив позицияны ийелейди, жалғызлық сезеди. Бундай балалар индемес, конфликтли болып, мектептен тысқарыдан қатнас излейди.

Өспиримниң тек бир ҳәрекетине берилген ҳәттеки ең жаман баҳада оның зейнине оншелли аўыр киймейди, өйткени оның өз баҳалаўына қатнасы жоқ. Бул оның жеке шахсының кемситилиўи сыпатында қабылланбайды. Бирақ оны улыўма баҳалаўда ҳәттеки жеңил критиканың өзи баланы аўыр жарақатлайды, өйткени бул унамсыз қатнас сыпатында қабылланады.

Умтылыўшылық дәрежеси не ушын адам табыстан соң қуўанбайтуғынлығы ҳәм сәтсизликлерден соң қапа болмайтуғынлығын түсиниў мүмкиншилигин береди. Бундай таң қаларлық реакция усы ўақытта бар болған умтылыўшылық дәрежеси менен түсиндириледи. Егер үлкен табысларға нийиет етилген болса қуўаныўдың кереги жоқ, ал егер табыс күтилмеген болса онда қапа болыўға да себеп жоқ.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

Умтылыўшылық дәрежеси адамның өз уқыпларына байланыслы ҳәм белгили бир репутацияны ж[illegible]ыйўға, өзи ушын әҳмийетли болған адамлар топарында ҳүрметке ерисиўге умтылыўда көринеди. Б[illegible]н [illegible]я жәмийет ушын пайдалы ҳәрекетлер-дөретиўшилик ҳәм мийнетте айрықша жетискенликлер-ямаса бул тараўда ҳеш қандай күш жумсамастан-кийиниў, шаш түрмеги, минез-қулық стилиндеги экстравагантлық пенен ерисиў мүмкин.

Өзин ҳүрметлеў дәрежеси табыс ҳәм умтылыўшылық дәрежесиниң өз-ара қатнасына байланыслы. Умтылыўшылық қаншелли жоқары болса, адам өзин қанаатланған сезиўи ушын табыслар да соншелли жоқары болыўы керек. Әдетте, өзин пәс ҳәм адекват баҳалаўшы адамларда өз ис-ҳәрекетлери нәтийжелеринен узақ ўақыт қанаатланбаў, оның нәтийжелилигин пәсейтеди.

Умтылыўшылықтың жоқары бирақ жүдә бәлент болмаған дәрежеси адамның минез-қулқына унамлы тәсир етеди. Өйткени ол узақ ўақыт даўам етиўши сәтсизлик ҳәм өзин тән алыўдың болмаўыны қарсы тура алатуғын өз мүмкиншиликлерине терең исеним, өзине исенимди береди. (Буннан кейин Ғөзин ҳүрметлеўҒ ҳәм Ғөзин баҳалаўҒ терминлери синоним сыпатында қолланылады).

**<u>Хызмет ҳаққында түсиник</u>**. Өткен бапта инсан өз талапларын қàíаатланаâûðûў мақсетинде жеделлик көрсетеди деп айтқан едик. Бирақ бул қанаатланыў барлық ўақыттада тек өзлериниң органикалық талапларының тиккелей тәсири астында ҳәрекет етиўши ҳайўанлардағы сыяқлы, тиккелей характерге ийе емес. Инсанда болса, ҳәттеки аўқатқа болған талап сыяқлы тәбийий талап та адамзат тәрепинен тәрбиялап шығылған, жәмийетлик тәжирийбе тәсиринде әмелге асырылады.

*ҒАшлық бул ашлық, бирақ пискен гөшти пышақ ҳәм вилка менен жеў, шийки гөшти қол, тырнақ ҳәм тис жәрдеминде жеўдеги ашлықтан парық қыладыҒ.*

Егерде адам тек уйықлап қалған болмаса, оның нормаль түрдеги жағдайы- бул актив түрдеги, оның нормаль түрдеги жағдайы- бул актив түрдеги, жигерлилик жағдайы болады. Адам тири екен, ол мудамы ҳәрекет етеди, бир нәрсе ислейди, бир нәрсе менен шуғылланады, ойнайды, мийнет етеди, оқыйды, спорт пенен шуғылланады, адамлар менен қатнас жасайды ҳ.т.б. Қулласы, ол активлилик сыртқы (ис-ҳәрекет операциялары, булшық етлердиң күш салыўы ямаса) ишки активлилик (бул психикалық активлилик болып ол қылт етпей жатқан адамды ойланғанда, китап оқығанда бир нәрсени ядына түсиргенде ҳ.т.б. бақланады) көрсетеди. Бирақ сыртқы ҳәм ишки активлиликте тек шәртли түрде ғана айрып таныўға болады. Пикирдиң жумысы ҳәтте адам көзге көринерлик активлилик жасалмаған жағдайда да сөйлеўди тәмийинлейтуғын микроҳәрекетлер (оларды есапқа алыўға болады) менен байланыслы болады, өйткени, нормаль түрдеги егерде адамның ойлаўы сөйлеў формасында болады. Сонлықтанда адамның ҳәрқандай хызмети бәрқулла сыртқы ҳәрекет, булшық етлердиң ҳәрекети менен байланыслы болады.

**Хызмет- бул адамның зәрүрликлерин ҳәм мәплерин қанаатландырыў менен байланыслы болған өз алдына саналы түрде қойған мақсетлерине ерисиўге, оған жәмийет ҳәм мәмлекет тәрепинен қойылатуғын талапларды орынлаўға бағдарланған активлиги болады.**

Ҳайўанлар әмелге асырып атырған ҳәрекетлерге бул терминди қолланып болмайды. Адамның ис-ҳәрекетиниң ҳайўанлардың ис-ҳәректинен өзгешелиги соннан ибарат, ҳайўанлар тәбиятқа масласады, ал адам болса өзиниң ис-ҳәрекети процессинде өз талапларын қанаатландырыў ушын қоршаған орталықты өзгертип жибереди.

Адам ис-ҳәрекетиниң нәтийжеси қандай да бир жәмийетлик ямаса саналы характерге ийе белгили өним болады. Адам өзи ислегениниң көпшилик бөлеген өзи ушын емес, жәмийет ушын ислейди.

Хызметсиз адамның турмысы мүмкин болмай қалады. Хызмет процесинде адам дөгерек әтираптағы дүньяны билип алады. Хызмет адам турмысының материаллық шараятларын дөретеди. Хызмет процесинде рухый өнимлер: илим, әдебият, музыка. Адамның хызмети оның өзин жигерлилигин, характерин уқыпларын қәлиплестиреди ҳәм өзгертеди.

Адамның хызмети ҳайўанатлардың қылығы ҳәтте анағурлым қурамалы болса да олардың қылығына принципиаль түрде айырылып турады.

- Бириншиден, адамның хызмети саналы характерге ийе болады, адам оған ерисиўдиң мақсети ҳәм усылларын аңғырады, нәтийжесин алдын ала болжай биледи.
- Екиншиден адамның хызмети мийнет қуралларын соғыў, жумсаў ҳәм сақлаў менен байланыслы болады.
- Үшиншиден, адамның хызмети жәмсийетлилик характерге ийе болады, ол коллективтиң өзинде ҳәм коллектив ушын әмелге асырылады.

Адам хызметиниң зәрүрли шәртлери- бул психикалық процесслер болады. Олар, бир жағынан адамның ҳәрқандай хызметиниң булжымайтуғын минезлемеси болады, бала ойнап, мектеп оқыўшысы оқып, адам мийнет етип атырса да-хызметтиң барлық түри барқулла дыққат, зейин, илгирлик, яд, ойлаў, қыял етиў менен ажыралмас байланыслы болады, ал оларсыз адамның ҳешқандай хызмети әмелге асыўы мүмкин емес. Екинши жағынан психикалық процесслер хызметте жүзеге келеди, қәлиплеседи ҳәм тәртипке

сылынады. Психикалық процесслердиң ҳәм адам хызметиниң арасындағы өз-ара байланыс усылай шынымда әмелге асырылады.
**Хызметтиң стуктурасы**. Әдетте хызметти оның структурасы (составы) көз-қарасында алып қарайды. Бәринен де бурын хызметтиң мақсетлерин ҳәм себеплерин айырып шығарады.
Адамның ҳәрқандай хызмети ол өз алдына қоятуғын мақсетлери, ўазыйпалары менен белгиленеди. Мақсет жоқ жерде хызмет те болмайды. Хызмет адамды анаў ямаса мынаў мақсетти өз алдына қойыўға және оған ерисиў ушын хызметти шөлкемлестириўге ийтермелеген белгили бир мотивлерден, себеплерден келип шығады.
*Мәқсет дегенимиз- бул адам соның ушын ҳәрекет ететуғын нәрсе болады: мотив дегенимиз- бул адам не себептен хызмет етип атырғанлығы болады.* Мине усы көз-қарасыңызды мед. интитутағы оқыўыңызға алып қараңыз. Сизиң мақсетиңиз қандай, бул оны табыслы түрде тамамлаў ҳәм шыпакерлик кәсипти ийелип алыў. Ал сиз не себептен оқый басладыңыз, не себептен мед. институты тамамлаўды өз алдыңызға мақсет етип қойдыңыз. Дәрҳал сизиң ядыңызға сизди усы шешимге ийтермелеген мотивлер түседи.
Әдетте адамның хызмети тек ғана қандай да бир мотив ҳәм бир ғана мақсет пенен емес, ал ең жақын және барған сайын улыўмасып ҳәм узақласа беретуғын мақсетлер менен мотивлердиң пүтин бир системасы менен белгиленеди.Мәселен сиз мине усы сабақлықты үйренип отырсыз. Ең жақын мақсет- усы баптың мазмунын өздлестири алыў болады. Ал оның изин ала анағурлым алыс мақсет- психологияны жақсы билип алыў турады. Адамның тек ғана ең жақын перспективаларды емес, ал алысларын да көре билиўи әҳмийетли болады- бул нәрсе оған қыйыншылықларға қарсы гүрес жүргизиўде, ҳәм тосқынлықларды жеңип шығыўды күш бағышлайды, ал аралық нәтийже ерисиў адамды алған бағыттан қайтармайды.
Хызметти мотивация дәрежесине қарай да мотивлер жәмийетлик ямаса аттан анық тар жеке характерге ийе болыўына қарай да баҳаланады. Жақсы тәрбия көрген адамда жәмийетлик мотивлер жеке мәниге ийе болады, оның өзиниң де жеке иси болып қалады.
Күшли сезимлердиң, көбинесе күшли тәсийир жасайтуғын қоздырыўшылардың усындай жете аңғарылмағанлығы, түсинилмеген ҳәрекетлерди *импульсив* ҳәрекетлер деп атайды.
Ҳәрекетлерди практикалық ҳәм ақыл ҳәрекетлери деп айырады. Олар өз-ара тығыз байланысқан болады. Практикалық ҳәрекетлер (затларды манипуляциялаў, конструктивлик ҳәрекетлер, мектеп қасында исленетуғын ҳәрекетлер) билип алыў хызметинде (зейин илгирликте ҳәм ойлаўда) үлкен әҳмийетке тең.
Адамның ҳәрекетлери *сөйлеў хызметинен ажыралмаған* ҳалда болады. Сөйлеў хызмети, сөз (соның ишинде ишки сөйлеў иштен айтыўда) адамның минез-қулқын ҳәм хызметин тәртипке салады, оған өз ҳәрекетлерин аңғарыўда, ҳәрекеттиң ўазыйпаларын сөз бенен билдириўде ҳәм оның планын белгилеўде, ҳәрекеттиң характерин өзгертиўде, жол қойылған қәтелерди дүзетиўде жәрдем береди.
**Ҳәрқандай хызмет мына төмендеги компонентлерди** (состав бөлеклерди, звеноларды, басқышларды) ажыратып шығарыўға болады: *мәқсетти алға қойыў* (конкрет ўазыйпаны анық түсинип алыў) басқышы, *жумысты планслатырыў басқышы:* ҳәрекет жасаўдың ең ақылға уғрас усылын таңлап алыў, егерде зәрүр болып қалған жағдайда ағымдағы қадағалаў ҳәм хызметти қайта қурыў менен бир ўақытта жүргизилетуғын *хызметти орынлаў, әмелге асырыў басқышы*: буннан соң егерде олар бар болса нәтийжелерди тексериў, қәтелерди дүзетиў, алынған нәтийжелерди планластырылған нәтийжелер менен *салыстырыў, жумыстың жуўмағын шығарыў ҳәм оны баҳалаў жүргизиледи.*

**Хызметтиң түрлери**. Адамлардың хызмети көп түрли болады, бирақ сонда да оны негизги үш түрли: оқыў, мийнет ҳәм ойын түрлерине бөлиўге болады. Гейде хызметтиң өзине тән түри ретинде спорт хызметин, сондай-ақ өз-ара қатнасты айырып шығарады.
Хызметтиң негиги түри ретиндеги мийнеттиң соңғы нәтийжеси жәмийетлик пайдалы өнимди дөретиў болады.
Жоқары жәмийетлик қунлылықтағы жаңа, оригинал түрдеги өнимди бериўши техникалық ойлап табыўшылық көркем музыкалық, әдебий шығарманы дөретиў, ҳ.т. б хызмет творчестволық хызмет депте аталады. Әлбетте, творчестволық хызмет уқыплардың, оғада тыянақлы, терең билимлердиң, иске қуштарлық пенен қызығыўшылықтың бар болыўын талап етеди. Буннан тысқары творчестволық хызмет раўажланған қыял етиўди талап етеди.
**<u>Тәлим алыў-</u>** бул кең түрде билимли болыў ҳәм буннан былайғы мийнет хызмети ушын зәрүрли билимлерди, уқыпларды ҳәм көнлигиўлерди ийелеп алыўға бағдарланған хызмет болады.
Тәлим алыў, биринширден, раўажландырғыш болады. Нәтийжеде мектеп оқыўшысы тек билимлерге ҳәм уқыпларға ғана ийе болып қалмастан, онда актив түрдеги, өз бетинше творчестволық ойлаў раўажланады, ой-өриси кеңейеди, бақлаўшылығы қәлиплеседи, яды ҳәм дыққаты жетьилисип барады.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Б[illegible]иншиден, тəлим алыў тəрбиялаўшылық характерине ийе болады, тəлим алыў процесинде жеке[illegible]лар [illegible]липлеседи, бир мақсетке бағдарланыўшылық, қатаңлық, өз-ара жəрдем бериў сыяқлы ба[illegible]ы қəсийетлер жүзеге келеди.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**<u>Мийнет хызмети</u>**. Мектептеги мийнет тəлими баланы мийнет етиўге психологиялық жақтан таярлайды. Ол мийнеттиң адам турмысындағы əҳмийетин түсинип, мийнет қуўанышын билип алады, онда мийнет етиў тилеги ҳəм уқыбы, ҳүрмет етиўге тəрбиялайды.

**<u>Балалар ойыны</u>**. Балалар турмысында айырықша үлкен əҳмийетке ийе болады. Ойын- тəрбиялаў қуралы. Ойын коллективти дөретеди. Ойындағы улыўма қысыныспалар, тынышсызланыўлар балаларды бириктиреди. Оында жолдаслық сезими, бири-бирин өз-ара қуўатлаў тəрбияланады.

Хызметтиң түрлерин анализ жасаўды жуўмақлай отырып, адам хызметиниң барлық түрлери анаў ямаса мынаў дəрежеде сөйлеў менен байланыслы екенин атап көрсетиў лазым. Биринщиден хызметти саналы түрде тəртипке салыў ҳəм басқарыў, ойлаў, демек, сөйлеў хызмети арқалы əмелге асырылады ( басқаша етип айтқанда бул жерде хызмет екинши бир сигнал арқалы тəртипке салынады). Екиншиден, адамның хызмети, қəде болғанындай-ақ, коллективлик характерге ийе болады ҳəм сөз (тил) адамлардың өз-ара қатнасының, байланысының (коммуникациясының) қуралы болып хызмет етеди.

**<u>Психологияда қатнас түсиниги.</u>** Адамлар арасындағы қарым-қатнас ҳəм оның нызамлықлары адамлар турмыс тəрзиниң барлық тараўларында басқа адамлар менен болатуғын өз-ара қатнасықлардың ең əҳмийетли шəртлеринен бири болып есапланады. Адамның ақылы, ерки, сезим мəденияты, тəрбия көргенлиги, ийбелилиги ҳəм сол сыяқлы барлық қəсийетлер қарым-қатнас арқалы қəлиплескен. Соның менен бирге уйқызызлық, бас аўырыў, неврозлар, инсультлар, инфарктлр ҳəм басқа да түрли кеселликлер, сондай ақ ишимликке, наркотик затларға өш болыў, ҳəттеки өз жанына қаст қылыў, булардың барлығы сол қарым-қатнас нəтийжеси есапланады. Əпсаналарда айтылыўынша, дана Эзоп өзиниң хожейининиң «Маған биринши, дүньядағы ең мазалы тағамды келтир ҳəм оннан соң ең биймаза, жағымсыз тағамды келтир», -деп буйырғанында, ол екеўинеде қайнатылған тилди əкелген екен. Демек, тил, қарым-қатнас, сөйлесиў инсан өмиринде оннан қандай пайдаланыў, оны қандай ислетиў, қандай шөлкемлестириўине қарап, оның ушын ең əзиз, ең қəдирли болыўы ямаса керисинше ең қорқынышлы, қайғылы болыўы да мүмкин.

Инсаният раўажланыўының ҳəзирги басқышында адамлардың күнделикли қарым-қатнасының тезлесиўи, халық тығызлығының артып барыўы, адамлардың турмыс жағдайының тез пəт пенен өзгериўи, олардың күшейип барыўы сыяқлы жағдайлар бүгинги күнде қарым-қатнас мəдениятының жоқары дəрежеде болыўын талап етеди.

**Қарым-қатнас мəденияты.** Қарым-қатнас мəдениятына биринщиден, өзин-өзи билиў ҳəм басқа адамларды түсине алыў қəбилийети, яғный олардың психологялық қəсийетлерин дурыс баҳалай алыў, екиншиден, олардың минез-қулқына ҳəм жағдайларына сай мунасебетте болыў, үшиншиден ҳəр бир адамға оның индивидуал қəсийетлерине ең мақул келетуғын қарым-қатнас түри, усылы ҳəм стиллерин таңлап билиў киреди. Қарым-қатнас мəдениятын раўажландырыў ушын адамға балалықтан баслап басқа адамларға ҳүрмет ҳəм шын кеўлден мүнəсебетте болыў, олардың дəртине шерик болыў, ғамхорлық қылыў қəбилийетлерин қəлиплестирип барыў керек болады. Қарым -қатнас ең биринши адамның адам тəрепинен қабыл етилиўинен басланады, онда дəслепки өзара баҳалаў əмелге асырылады, дəслепки сезимлер, интеллектуал мүнəсебетлер пайда болады ҳəм буннан соң тийисли қарым -қатнас түри əмелге асырылады.

Психологияда белгиленген, қатнас қурамалы ҳəм ҳəр тəреплеме процессти қурайды, ол билимлендириў, бунда айырым тəреплерди айырып көрсетиў, яғный оның дүзилисин сүўретлеў мүмкин. Қатнас дүзилиси минезлемесинде үш бир-бири менен байланыслы тəреплерди атап көрсетеди.

- **коммуникатив.**
- **интерактив**
- **перцептив.**

Қатнастың бул тəреплери функция сыпатында белгиленеди, бунда қатнас адамлардың биргеликтеги турмысында əмелге асырылады.

Қатнастың **коммуникатив тəрепи**, ямаса коммуникация, сөйлесиўши индивидлер арасындағы информация бөлисиўден ибарат. **Интерактив тəрепи** сөйлесиўши индивидлер арасындағы қатнасты, яғный тек ғана билим, идеялар емес, ал ҳəрекетлер менен алмасыўды шөлкемлестириўден ибарат. Қатнастың **перцитив тəрепи** партнерлардың сөйлесиўи бойынша ҳəм усы тийкарда бир-бирин түсиниўди орнатыўда бир-бирин қабыллаў процессин аңлатады.

Реал шынлықта бул тəреплердиң ҳəр бири басқалардан бөлек өмир сүрмейди ҳəм тек ғана таллаўда оларды айырыў мүмкин. Қатнастың атап өтилген барлық тəреплери киши топарларда сөйлесиўди шөлкемлестириў жағдайларында, яғный адамлар арасында тиккелей байланыс жағдайында көринеди ҳəм айырылады.

Психологияда қарым-қатнастың улыўма белгиленген анықламасы жоқ. Әдетте, қатнастың тийкарғы тәреплерине (функцияларына) көрсетиўши сүўретлеўши анықлама қолланылады. **Қатнас**- бул бир уақыттың өзинде индивидлердиң ҳәм бирге ҳәрекет етиў ҳәм информациялық процесс, ҳәм адамлардың бир-бри менен қатнас, ҳәм олардың бир-бирине тәсир етиўи, ҳәм бир-бирин түсиниў ҳәм бирге бастан кешириў процесси сыпатында шығыўы мүмкин болған көп қырлы ҳәм қурамалы процессҒ.

***Коммуникация ҳәққында айтқанда***, бул сөздиң тар мәнисинде, бунда адамлар биргеликтеги ис-ҳәрекетлеринде бир-бири менен ҳәр қыйлы түсиниклер, идеялар, қызығыўшылықлар, кейпиятлар, сезимлер менен бөлиседи. Бирақ қатнас я хабар бериў, я мағлыўмат алмасыўға тең бола алмайды. Қатнас процессинде мағлыўмат тек ғана жеткерилип қалмастан, қәлиплеседи, анықланады, раўажланады. Сонлықтан-да, коммуникатив хабар-бул барлық ўақытта сәўбетлесип атырған адамлар ушын улыўма болған ҳәм олардың улыўмалығын пайда ететуғын жаңа мағлыўмат ислеп шығыў процесси.

Қатнастың дәслепки шәрти биринши гезекте индивидтиң болыўы факты, ол өзиниң арасында қандай-да бир контакт дүзиўге шамасы келеди.

Қатнас психологиясын изертлеўди белгиленген қатнас элементлерин үйрениў арқалы усынылған моделге бағдарланып өткериў мүмкин. Бул позициядан юридикалық қатнас та анализлениўи мүмкин. Юридикалық қатнастың нәтийжелилиги коммуникатор, яғный юрист өзгешелигисиз, оның абыройы, компетентлиги, қатнасты қурыў усылысыз түсинип болмайды. Екинши тәрептен, аудиторияның-жасы, социаллық-психологиялық, жеке-психологиялық өзгешелиги, әсиресе әҳмийетли. Қатнас мазмуны (мағлыўмат, текст ҳ.т.б.) еки полюсты бириктириўши есапланады. Өз гезегинде, белгиленген элементлердиң ҳәр бирин баҳалаў ушын өз критерия ҳәм көрсеткишлерин усыныў мүмкин.

Қәлеген мағлыўматты белгилер (знак) системасы арқалы жеткериў мүмкин. Психологияда **вербал коммуникация** (белги системасы сыпатында сөз қолланылады) ҳәм **ҳәр қыйлы сөзлик болмаған белгилер системасын қолланыўшы вербал емес коммуникация** белгиленеди.

**<u>Сөйлесиў-</u>** коммуникацияның ең универсал қуралы есапланады. Сөйлесиў-бул адамның басқа адам менен тәбийий тил арқалы қатнас жасаў процесси.

Тил жәмийетлик-тарийхый ҳәм социаллық. Ҳәр қыйлы жәмийетлик жағдайлар, ҳәр қыйлы раўажланыў жоллары ҳәр қыйлы лексика, ҳәр қыйлы тил дүзилисин пайда етеди. Сонлықтан да қарым-қатнас нәтийжелилиги улыўмаластырыўлар ушын улыўма тилди шамалайды. Билимлендириў, улыўма мәденият ҳәм сөйлесў мәденияты сыяқлы факторлар да әҳмийетли.

Психологияда ҳәм **психолингвистикада** сөйлесиўди басқаларға арналған сыртқы, ҳәм өзи ушын арналға ишкиге бөледи. Өз гезегинде, сыртқы сөйлесиў аўызша ҳәм жазба болыўы мүмкин. *Аўызша сөйлесиў монологиялық ҳәм диалогиялық* болып бөлинеди. *Монологиялық сөйлесиў* гүўалардың көрсетпеси, оператив доклад ҳ.т.б формасында болады. Атап өтилген түрлердиң ҳәр бири өзиниң социаллық-пихологиялық өзгешелигине ийе.

Қатнастың әҳмийетли усылы *диалог*, яғный сәўбетлес тәрепинен қоллап-қуўатланып отырған, биргеликте талқыланып атырған ҳәм қандай да бир мәселени шешиўге қаратылған сөйлесиў есапланады. Диалогтың толықлығы, кеңлиги ҳәм бөлеклениўи ҳәр қыйлы болыўы мүмкин. Сөйлесиўде адамлар бир бирин Ғярым сөзденҒ түсинетуғын дәрежеде қысқа болыўы мүмкин. Бул олардың не ҳаққында гәп кетип атырғанлығын қаншелли жақсы түсиниўинде, сәўбетлеслердиң қаншелли жақын, бир-бирин түсиниўге болған умтылыўшылығы қаншелли күшли екенлигине байланыслы. Мысалы, сәўбетлеслер арасында ишки контакттың болмаўы, сәўбет предметине қатнастың ҳәр қыйлылығы, сөйлесиўдиң шын мәнисин түсиниўде қыйншылық пайда етип, сөздиң толық ҳәм кең дүзилиўин талап етеди.

Қатнас процессинде жийи диалогтың фактический, информациялық, дискуссиялық ҳәм ишки сырын айтыў типи ушырасады.

**Фактический диалог**-бул тек ғана диалогты, сәўбетти услап турыў ушын сөзлик высказываниелер менен алмасыў. Айырым мәдениятларда фатический қарым-қатнас ритуал характерине ийе, өйткени индивидке өз қәўимлеслерине байланыслылық сезимин пайда етеди. **Информациялық диалог**-бул ҳәр қыйлы қәсийеттеги мағлыўматлар менен бөлисиў. Жийи юриспруденцияда орын алады (мағлыўмат, шығыў ҳәм кейинги талқылаў формасында).

**Диалогтың дискуссиялық** типи анаў ямаса мынаў факт, ўақыя ҳ.т.б түсиник бериў айырмашылықлары пайда болғанда ҳәр қыйлы көз-қараслар соқлығысыўында жүзеге келеди. Дискутантлар айырықша усыл менен бир-бирине тәсир етеди. Минез-қулықтың белгили бир өзгерисине ерисиўге урынады.

**Ишки сырын айтыў диалогы**-ең исенимли қатнас-адам өзиниң терең сезимлери ҳәм бастан кешириўлери менен бөлисиўди қәлегенде пайда болады. Бул интим қатнас болып, индивидтиң бир бирин қабыллаўы, өмирдиң баҳалылықлары ҳәм улыўма мәнисин бөлисиўге тийкарланған.

**Вербал сөйлесиў** универсал есапланған менен, ол қатнастың сөзсиз, ямаса вербал емес қураллары менен толықтырылады. Психологияда вербал емес қарым-қатнастың төрт түрин айырады- ***кинесика, паралингвистика, проксемику, визуал қатнас***. Қатнастың ҳәр бир формасы өз белгилик системасын қолланады.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**Кинесика-** *жест, мимика, пантомимиканы* өз ишине алатуғын қатнас қуралы системасы. Кинестик система денениң хәр қыйлы бөлимлериниң (қол-жестикуляция, бет-мимика, поза-пантомимика) улыўма моторикасының анық қабылланыўшы қәсийетлери сыпатында турады. Денениң хәр қыйлы бөлимлериниң улыўма моторикасы адамның эмоционал реакциясын көрсетеди. Коммуникация жағдайына оптико-кинетикалық системаның қосылыўы қатнасқа нюанс береди. Бул нюанслар хәр қыйлы миллет мәдениятларында сол бир жестты қолланыў хәр қыйлы мәнини билдириўи мүмкин. Мысал басты ийзеў рус хәм болгарларда бир-бирине қарама-қарсы мәнини билдиреди, русларда аўа, болгарларда яқ дегени. Әтирапта жүз берип атырғанларды дурыс түсиниў ушын көркем хәрекетлер айырым текстлерге билиў керек болған өз алдына Ғтексттиң жасырын мәнисинҒ усынады. Хәрекет тили сыртқы хәрекетте ишки мазмунды ашады. ҒБул тил-деп жазған еди Л.Рубинштейн-сөйлесиўдиң нәзик қуралына ийе. Бизиң көпшилик хәрекетлеримиз-бул тутас бир метафоралар. Адам басқалардан жоқарырақ болыў ушын көкирегин керисе, ямаса бас адамлар алдында басын ийсе ол өз персонасы менен аўыспалы мәни беретуғын образды сүўретлейди Ғ.

Белгилердиң ***паралингвистикалық хәм экстралингвистикалық*** системасы сондай ақ вербал коммуникацияға ҒқосымшаҒны көрсетеди. Паралингвистикалық система-бул вокализация, яғный даўыс сапасы, оның диапазоны, тоны системасы. Экстралингвистикалық система-сөйлесиўге пауза, басқа да қосындылар, мысалы жөтелиў, жылаў, күлиў, сөйлесиўдиң өзиниң темпин киритиў.

**Проксемика-**қарым-қатнастың кеңислик хәм ўақытлық шөлкемлесиўи нормалары менен шуғылланыўшы психологияның айырықша тараўы. Процессти шөлкемлестириўдиң кеңислик хәм ўақты айрықша белгилик системасы сыпатында шығады, мәнилик нагрузкаға ийе, коммуникатив жағдай компоненти есапланады. Солай етип, партнерлардың бир-бирине жүзлесип жайласыўы контакттың пайда болыўына тәсир етеди, сөйлеўшиге дыққатты билдиреди, арқадан бақырыў кери тәртиптеги мәниге ийе болыўы мүмкин. Қатнасты шөлкемлестириўдиң айырым кеңислик формаларының сәўбеттеги еки адам ушын да, массалық аудиторияда да үстинлиги экспериментал дәлилленген.

Бул тараўдағы бир қатар изертлеўлер коммуникатив жағдайлардың кеңислик хәм ўақытлық константының өзине тән топламын үйрениў менен байланыслы. Бул бөлекленген топламлар ҒхронотипҒ деп аталған. Мысалы, Ғвагон жолаўшысыҒ деп аталатуғын хронотип сүўретленген. Қатнас жағдайы өзгешелиги бунда айырым ўақытлары күтилмеген тәсир етиў нәтийжелерин пайда етеди-мысалы, егер бул Ғвагондағы жолаўшыҒ болса барлық ўақытта да түсиндирип болмайтуғын биринши ушырасқан адамыңа ашылысыў.

**Визуал қатнас**-бул дәслепки үйрениў, интим қатнас пенен байланыстырған көз бенен контакт. Бирақ хәзирги ўақытта бундай изертлеўлер спектры бираз кеңирек-көз хәрекети менен көрсетилетуғын белгилер. Қатнас жағдайдың кеңирек диапазонына киритиледи. Бундай қатнас юристлерди жумысқа алыўда әхмийетли мәниске ийе болып, бундай талқылаўлар семинар сабақларында талқыланады.

**Қатнас өз-ара байланыс сыпатында** Қатнастың интерактив тәрепи адамлардың биргеликте жумысларды шөлкемлестириўинде көринеди. Бул ис-хәрекет бойынша билим хәм идеялар менен бөлисиў ерисилген өз-ара түсиниў биргеликтеги ис-хәрекет.

Бул ис-хәрекетте бир ўақыттың өзинде көплеген адамлардың қатнасыўы, хәр ким оған өз үлесин қосыўы керек екенлигин билдиреди. Бул өз ара байланыс биргеликтеги ис-хәрекетти шөлкемлестириў сыпатында өзинше түсиниў мүмкиншилигин береди.

Психологияда барлық мүмкин болған түрлер еки қарама-қарсы түрлерге бөлинеди- **кооперация** (биргеликте ислеў) хәм **конкуренция** (конфликт). Кооперация биргеликтеги ис-хәрекет, топарлық мақсетке ерисиўди шөлкемлестириўге мүмкиншилик беретуғын биргеликтеги хәрекет. **Конфликт**-бул бирге хәрекет етиў субъектлериниң бир-бирине қарама-қарсы бағдарланған мақсетлер, қызығыўшылықлар, позициялар, көз-қараслардың соқлығысыўы. Дәстүрий түрде конфликт өз ара байланысының негатив типи сыпатында қаралады. Хәзирги ўақытта психологияда конфликттиң позитив тәреплерин анықлаўшы көплеген изерлеўлер өткерилген. Олардың улыўма лозунгы ҒКонфликт-бундай әжайып мүмкиншиликҒ.

**Топарлар түсиниги хәм олардың түрлери.** Педагог өз жумысы даўамында тек ғана хәр бир оқыўшы менен бөлек-бөлек жумыс алып бармастан, сондай-ақ өз қурамына оқыўшыларды бирлестирген, түрли-түрли топарлар - класс коллективи, оқыўшылар ислеп шығарыў бригадасы, шаңарақ хәм айырым жағдайларда өспиримди өз тәсирине тартқан көше бийзарылары ямаса класстың өзинде қандайда бир жетекши дөгерегинде бирлескен балалар тодасы менен оқытыўшы топарлар хәм коллективлердиң тийкарғы социал-психологиялық нызамлықларын билиўи шәрт.

**Топар**- бул мәлим белгиге, мәселен, класслық бирдейликке, биргеликте хызмет көрсетиўдиң мүмкинлигине хәм сол сыяқлылар тийкарында жыртылып туратуғын инсанлар бирлиги есапланады.

Топарлардың түрлериде соған сай тәризде болып, киши хәм үлкен топарларға бөлинеди - өз нәўбетинде олар да реал, шәртли формал (рәсмий) хәмде формал емес (нәрәсмий) топарларға,

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

раўажланыў дәрежеси хәр түрли болған, яғный раўажланған хәмде жетерли дәрежеде раўажланбаған ямаса кем раўажланған топарларға (бирлеспелерге, аралас топарларға) бөлинеди.

**<u>Үлкен топарлар</u>** улыўма мәкан хәм заманда өмир сүрип атырған бир қанша адамларды өз ишине алатуғын социал улыўмалықты пайда ететуғын топарлар түринде болыўы мүмкин. Бул түрдеги үлкен топарларға кәрхананың мийнет жәмәәти ямаса оқытыўшылар бир-бири менен хәмме ўақыт өзара байланыста болмасада, бирақ бир баслыққа бойсынатуғын, бир партияға, бир шөлкемге киретуғын, мектеп турмысына тийисли барлық улыўмалық есапланған қағыйдаларға бойсынатуғын үлкен бир мектептиң педагоглар жәмәәти киритилген болыўы мүмкин. Үлкен топарлар айырым белгилери (класслық, жынысый, миллий, жасы хәм т. б. белгилери) не қарай ажыратылатуғын хәмде бирлестирилетуғын ***шәртли*** топарлар түринде болыўыда мүмкин. Үлкен шәртли топарға киргизилген адамлар хеш қашан бир-биреўи менен ушыраспаған болсада, бирақ бундай топарға киргизилген ушын тийкар болған белгилерге қарата улыўма социал хәм психологиялық көриниске ийе болады. Сондай-ақ, өспиримлер түрли қалаларда хәм аўылларда жасаўына байланыслы болмаған халда бир үлкен шәртли топарға бирлестириледи, мүмкин, олар хәр түрли миллет тиллеринде сөйлесиўлери, хеш қашан бир-бирлери менен бир жерге топланбаған болыўлары мүмкин х.т.б. Олардың улыўма социал (орта мектеп оқыўшылары), жас (12-15 жасар ўақты), психологиялық (раўажланып киятырған үлкейиў сезими, өспиримлик дәўиринде өзлигин көрсетиўи х.т.б.) көринислери тийкарғы белгилерине қарай бир-бирине уқсас болады. Үлкен шәртли топарларды үйрениў (Жас психологиясында, социал психологияда хәм басқаларда) олардың улыўмалық қәсийетлери хәр түрли болғанлықлары себепли топарларда жумыс алып барыўдың илимий тийкарланған стратегиясы хәм тактикасын ислеп шығыў имканиятын береди. Шәртли (жас) топар сыпатында өспиримлердиң өзлигиниң раўажланыўының улыўмалық нызамлықларын билген халда педагог мектепте хәм мектептен тысқары мекемелерде тәрбиялық жумысларды өз ўақтында хәм нәтийжели түрде алып барады.

**<u>Киши топарлар</u>** - хәмме ўақытта тиккелей байланыста болып турыўшы топар болып, оған кириўши адамлардың өзара биргеликтеги реал хәрекет хәм олар ортасындағы реал өзара мүнәсебетлер менен байланыслы болып табылады. Бул топарлар рәсмий (формал) болыўы, яғный юридикалық тәрептен ислеп шығылған хуқық хәм ўазыйпаларға, норматив тийкарында орнатылған структураға, тайынлап ямаса сайлап қойылған басшыға ийе болыўы мүмкин. Социал мийнет бөлистирилиўи шараятларында бул топарлар социал тәрептен көрсетилип берилген хызметти орынлаўы менен байланысқан. Мектеплердеги класста камолат топары әне сондай рәсмий топар есапланады, оқыўшылардың социал тәрептен зәрүр болған хызметин жолға қойыўда олардың роли хәм әхмийети жүдә үлкен.

Сондай ақ юридикалық тәрептен көрсетип берилген статусқа ийе болмаған, бирақ шөлкемлескен шахслараралық мүнәсебетлер (дослық, аўызбиршилик, бирдей пикирлеўшилер, исеним х.т.б.) системасы менен көринетуғын расмий емес (көбинше оларды формал емес деп атайды) топарлар да айрықша ажыралып турады. Олар айрықша ажыралып туратуғын улыўмалық (мәселен, түрли мектеплер хәм кәсип-өнер билим журтларының мотоцикл спортына қызыўшылары улыўмалығы негизинде бирлескен бир нешше оқыўшысы) сыпатында жүзеге келиўи хәм рәсмий топарлар ишинде жетерли дәрежеде турақлы көриниске ийе болыўы (класстағы дослық, қәдирданлыққа айланыўы) мүмкин. Ақыбетте рәсмий топар өзиниң барлық көринислерин сақлап қалған халда рәсмий емес топарлардың барлық пәзийлетлери (беккем дослық қатнасықлары, топар ағзаларының өзара аўызбиршилиги х.т.б.) не де ийе болыўлары мүмкин. Солай етип, рәсмий хәм рәсмий емес топарлар ортасындағы шегаралар шәртли хәм салыстырмалы есапланады. Оқыўшылардың бул түрдеги рәсмий емес топарларын пайда етиў оқытыўшының алып барыўы лазым болған тәрбиялық жумысының зәрүрли ўазыйпасы болып табылады. Бундай топарлардың барлығы мектеп оқыўшылары киретуғын сол рәсмий топарларды беккемлеген хәм олардың хызметин байытқан болар еди.

Хәр қандай (үлкен хәм киши) топарлардағы қатнас хәм хызмет әне сол топарларға киретуғын адамлардың турмыс тәризин белгилеп беретуғын хәмде олардың қәдириятларын, идеалларын, дүньяқарасын қәлиплестиретуғын социал мүнәсебетлер менен белгиленеди хәм бағдарлап турады. «Индивид» -бул социал тири жан. Соның ушын оның өмир сүриўи қандай көриністе болмасын хәм егер ол хәтте басқалар менен биргеликте кеширетуғын туўрыдан-туўры коллективлик өмир кешириў түринде жүз бермеген жағдайда да жәмийетлик турмыстың көриниси болып табылады.

Топарлар раўажланыўының дәрежеси ямаса статусы оларды тәрийплеўдиң ең әхмийетли негизи есапланады. Топарлық раўажланыў дәрежеси - шахслараралық мүнәсебетлердиң раўажланғанлығының белгиси, топарлар раўажланыў процессиниң нәтийжеси болып табылады. Топардың бул түрдеги өлшеў (параметри) турмыс кешириў дәўири, коммуникациялар муғдары (топар ағзаларының белгили ўақыт аралығында бир-бирлерине қабарласқан саны), хәкмият хәм бойсыныў мүнәсебетлери х.т.б. лар топарлардың қәлиплескенлигиниң өлшеми сыпатында хызмет қылады. Психологияда топардың хызметин, ондағы шахслараралық мүнәсебетлер характерин белгилейтуғын қәдириятларды топар тәризинде

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

раўажланыў дәрежесин анықлаў ушын тийкар сыпатында қабыл қылған. Раўажланыў дәрежесине қарай топарлардың - коллективлер, жәмийетлик бағдардағы шөлкемлер, аралас топарлар, жәмийетлик бағдарға қарама-қарсы шөлкемлер ҳәм бирлеспелердиң психологиялық топары әне сол тийкарда пайда болады. Топар сыпатында раўажланыўдың жоқарғы дәрежеси коллективлерге тән хызметте ҳәм шахслараpa мүнәсебетлерде көзге көринеди.

Топарға кириўши адамлар бир-бирлерине салыстырғанда ҳәм топар бәнт болған хызметке салыстырғанда бир қыйлы көз-қараста тура алмайды. Топардың ҳәр бир ағзасы өзиниң исшеңлиги ҳәм шахсый пәзийлетлерине, өз статусына, яғный оның топарда тутқан орны ҳаққында мағлыўмат беретуғын етип, бекитилип қойылған ҳуқықлары ҳәм ўазыйпаларына, оның хызметлери ҳәм пәзийлетлери топар тәрепинен тән алыныўы, яки болмаса тән алынбаслығын сәўлелендиретуғын, тутқан орнына байланыслы топардағы шахслараpa мүнәсебетлер системасында белгили абыройға ийе болады.

Оқыўшылардың бир-бири менен спортқа тийисли болған барлық тараўларда атағы шыққан абыройлы адам сыпатында мүнәсебетте болады: биреўи менен нәзик мәселелер ҳаққында жүдә жақсы ҳәм шын кеўили менен сәўбетлесиўи мүмкин. Басқасы менен болса, улыўма ҳеш нәрсе ҳаққында сөйлесип болмайды; биреўине болса тап өзиңе исенгендей исениў мүмкин, басқасына болса ҳеш исенип болмайды. Булардың ҳәммеси ҳәр бир оқыўшы белгили статусқа ҳәм абыройға ийе болған мектеп класында топардың жетерли дәрежеде ҳәр түрли бөлеклерге бөлиниўине алып келеди.

Психологияда топар ишиндеги бөлиниўдиң еки тийкарғы системасы- социометрик ҳәм референтометрик абзал көриў ҳәм таңлаўлар айрықша ажыралып турады.

Жақсы оқыўшы болыўы мүмкин, бирақ досларына жақпаўы, класстағы ең тәртипсизлер сапында болыўы, бирақ жәнеде көпшилик адамлар ушын әзиз болып қалыўы да мүмкин. Жақсы көриў -ишки сезимлерге бола абзал көриў- топардағы бөлиниўинде жүдә әҳмийетли фактор есапланады.

Американлық психолог Ж. Морено топарларда шахслараpa абзал көриўшиликти анықлаў усылын ҳәм ишки сезимлерге берилип абзал көриўлерди көрсетип бериў техникасын усынды. Буны ол социометрия деп атады. Социометрия жәрдеминде шахслараpa биргеликтеги ҳәрекет процессинде топар ағзаларында пайда болатуғын абзал көриўдиң, парықсызлық ямаса жақтырмаслықтың муғдар дәрежесин анықлаў мүмкин. Социометрия топар ағзаларының бир-бирлерин жақсы көриў ямаса жаман көриўин анықлаўда кең қолланылады.

Топар ағзаларының өзлери бундай қатнасларды аңлай алмаслықлары ҳәм олардың бар ямаса жоқ екенлиги ҳаққында өзлерине билинбеслиги мүмкин. Социометрия методы жүдә тез әмелге асатуғын болып, оның нәтийжелери математик усыл менен қайта исленеди ҳәм жазба түрде көрсетип бериўи мүмкин. Социометрик усылдың тийкарында «Сен ким менен бирге болыўды қәлер едиң?« деген туўрыдан -туўры сораў турады. Ол адамлар ортасындағы өзара мүнәсебетлердиң қәлеген түрине қойылыўы мүмкин: сен ким менен бир партада бирге отырғың келеди ҳ.т.б.

## Тема. Дыққат.

## Жоба:

1. **Дыққат ҳаққында түсиник әҳмийети.**
2. **Дыққаттың физиологиялық тийкарлары.**
3. **Дыққаттың қәсийетлери.**
4. **Дыққаттың түрлери.**

**Дыққат туўралы түсиник.** Адамға мудамы оғада көп ҳәрқыйлы қоздырыўшылар тәсир жасап турады. Адамның санасы усы барлық объектлерди бир ўақытта жеткиликли дәрежеде анық қамтый алмайды. Қандай да бир нәрсе айқын сана шеңберинде болады, қандай да бир нәрсе толық түсинилмей қалады, қандайда бир нәрсе оғада гүңгирт болады, ал көплеген нәрселер пүткиллей сезилмей қалады. Дөгерек этираптағы оғада көп объектлерден- затлардан ҳәм қубылыслардан- адам өзи ушын қызықларын, өзиниң зәрүрлигине, турақлылық планларына сәйкес келетуғынларын ажыратып алады. Адамның ҳәрқандай хызмети объектти ажыратып шығарыўды ҳәм пүткил ойын, дыққатын оған жәмлеўди талап етеди.

**Басқа ҳәмме нәрселерге алаң болмастан, сананы белгили бир объектлерге ямаса белгили бир хызметке бағдарлаўды ҳәм жәмлеўди дыққат деп атайды.** Дыққат бәрқулла оғада көп басқа нәрселерден қандай да бир нәрсени ажыратып алыў болады. Бир объекттиң оғада көп басқа объектлерден ажыратып шығарылыўда дыққаттың таңлап алыўшылығы деп аталған нәрсе көринеди: бир нәрсеге дыққат аўдарыў бир ўақыттың өзинде басқасына кеўил бөлиў болады.

Мектеп оқыўшыларының психикалық хызмети шөлкемлестириў қалайынша өзгерип турадыЎ

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Б[illegible] дәслеп психикалық хызмет жолға дөгерек-этираптағы жерге бағдарланған ҳәм жәмленген еди. [illegible]яхатшылар тап солардың өзин аттан-анық қабыл етип атырған еди- олардың пүткил дыққаты [illegible]к усыны қабыл етиў менен бәнт еди. Бирақ, оннан соң дыққат улыўма өсимликлерге, оннан соң от-ше[illegible] өсимликлерине аўып кетти.

Бағдарлаўшылық рефлекси ямаса И.П. Павловтың атағаны сыяқлы Ғбул неҒ деген рефлекс дыққаттың дәслепки формасы ретинде барлық жаңа күтилмеген, биймәлим нәрседен тәсирлениў болады. Сабақта оқыўшылар муғаллимди қызығыўшылық пенен тыңлайды. Қапы шыйқылдайды ҳәм ярым ашылады, ҳәмме ериксиз түрде қапыға жалт қарайды. ҒБул неҒ

Дыққат дегенимиздиң өзи, мәселен, тап қабыл етиў, ядта сақлаў, ойлаў ямаса қыял етиў сыяқлы психикалық процесс емес. Биз қабыл етиўмиз ядта сақлаўымыз, ойлаўымыз мүмкин, бирақ, Ғдыққат пенен бәнтҒ бола алмаймыз. Дыққат- бул адам активлилигиниң айрықша формасы, ҳәрқандай хызметтиң зәрүрли шәрти болады. Бала ойнаса да, оқыўшы оқысада, илимпаз ойласа да, жазыўшы бир нәрсе дөретсе де олардың хызмети табыслы болыўының булжымайтуғын шәрти- жақсы раўажланған дыққат болады. Дыққат дурыс шөлкемлестирилмесе, оқыў материалын толық қамтый алмайды. Оқыўшы қаншама талантлы болсада оның дыққаты жаман шөлкемлестирилген, ол көбинесе ықлассыз ҳәм умытшақ болса, оның билимлериде бәрқулла олқы болады.

Адамның дыққаты бағдарланған объекттиң характерине қарай сыртқы ҳәм ишки дыққатты айырып шығарады. Сыртқы дыққат дегенимиз- бул дөгерек этираптағы затларға ҳәм қубылысларға бағдарланған дыққат болады. Ишки дыққат дегенимиз- бул өз пикирлерине, сезимлерине ҳәм толғанысларына бағдарланған дыққат болады. Бундай етип бөлиў, әлбетте, белгили дәрежеде шәртли болады, өйткени биз бир қатар жағдайларда қандай да бир затты ямаса қубылысты қабыл етиўге байланыслы оны түсинип алыўға, оның туп маңызына жетиўге умтылған ўақытта дыққатты бир жерге жәмлеп пикир жүритемиз.

Дыққат объектти ең жақсы қабыл етиў ушын жасалатуғын бир қатар ийкемлестириў ҳәрекетлеринде жүз беретуғын сыртқы көриниске ийе болады. Адам спецификалық түр-турбатқа енеди, тигилип қарайды, берилип тыңлайды, артықмаш ҳәрекетлер иркилип қалады, тыңысы пәсеңлейди- бир нәрсеге қатты ишки дыққат аўдарған ўақытта адам қылт етпестен, демин Ғишине тартыпҒ қалады, нәзери хешнәрсени илмегендей болып, алысларға тигиледи, усының нәтийжесинде ол дөгерек-этирапқа алаң болмайды.

Керисинше жағдайлар сийрек гезлеседи- оқыўшы сырттан қарағанда ықлассыз болып көринседе ол терең турақлы дыққатқа ийе болады. Сонлықтан да дыққаттың сыртқы көринисине қарай пикир жүритиўден гөре оқыўшылардың хызметин мудамы ҳәм үзиликсиз қадағалап барыўды әмелге асырыў зәрүр болады. Буның ушын сырттан қарағанда дыққатлыдай болып көринетуғын базыбир оқыўшыны шақырыў ҳәм оннан муғаллим жаңа айтып бергенин тәкирарлаўды өтиниш етиў пайдалы болады.

**Дыққаттың физиологиялық негизлери.** Бул өз-ара байланыслылық сизлерге мәлим болғанындай ақ И.П. Павлов тәрепинен анықланған нерв процесслери индукциясының нызамы тийкарында жүз береди, ал оған муўапық мий қабығының бир участкаларында жүз беретуғын қоздырыўшылық процесслери мийдиң басқа участкаларындағы иркиў процесслерин келтирип шығарады. Егерде адам дыққатын қандай да бир затқа жәмлеген болса, тап усының өзи сол зат ярым шарлардың қабығының тийисли участкасында қоздырыўшылықты келтирип шығарады, қабықтың басқа участкалары болса, иркилип қалады, нәтийжеде адам усы заттан басқа хешнәрсени көрмейди, дегенди билдиреди. Ҳақыйқатлықтың гә бир, гә екинши объекти адамның мийинде қоздырыўшылықты келтирип шығатуғынлықтан ярым шарлардың қабығында қоздырылған орай онда-олай-былай аўмасып жүрген сыяқлы түсиник пайда болады, ал усыннан дыққаттың бир заттан екиншисине аўмасып турыўы келип шығады.

**Дыққат ҳәм жеке адам.** Егерде адамда бәрқулла дыққатлы болыў әдети қәлиплескен болса, онда дыққат оның беккемленген, мудамы өзгешелиги болып қалады да, дыққатлылық деп аталады. Дыққатлылық- жеке адамның әҳмийетли сапасы болады. Дыққатлы адам бақлаўшылығы менен айырылып турады, ол дөгерек-этираптағы нәрселерди анағурлым толық ҳәм анық қабыл етип алады, жеке адамның мине усы қәсийетине ийе болмаған адамға қарағанда анағурлым табыслы тәлим алады ҳәм мийнет етеди.

**<u>Дыққаттың түрлери.</u>** Дыққат еркин емес (алдын ойланбаған) ҳәм еркин (алдын ойланған) болыўы мүмкин. Еркин емес дыққат оның өзине тән формаларында ҳайўанатларға да тән болады. Еркин дыққат- дыққаттың спецификалық инсанныйлық формасы болады, ол тарийхый жақтан адамның мийнет хызметинде пайда болды.

**Адамның хешқандай нийетсиз алдын ала қойылған мақсетсиз пайда болатуғынын күш жумсаўды талап етпейтуғын дыққат еркин емес дыққат деп аталады.** Еркин емес дыққат, бириншиден сыртқы себеплердиң- бизге тәсир жасайтуғын қоздырыўшылардың өзгешеликлериниң нәтийжесинде ҳәм екиншиден, ишки түткилердиң, жеке адамның бағдарланыўшылығының нәтийжесинде пайда болады. Адамға тәсир жасаўшы қоздырыўшылардың өзгешеликлерине төмендегилер жатады:

**1.** ***Қоздырыўшының күши ҳәм күтилмегенлиги***. Қатты сес, жақтының қатты жарқ етиўи, қатты ийис бәрқулла дыққатты өзине тартады.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

2. *Қоздырыўшының жаңа, айырықша қарама-қарсылықлы болыўы*. Оқыўшылар еле көрмеген жаң... ...рклы әдетте тыс жеңил машинадыққатын ериксиз өзине тартады.
3. ***Объекттиң жылжымалылығы***, сондай-ақ қоздырыўшы ҳәрекетиниң басланыўы ямаса, керисинше токтап қалыўы.

**Саналы түрде қойылған мақсеттиң нәтийжесинде пайда болатуғын ҳәм белгили дәрежеде ерикти жумсаўды талап ететуғын дыққатты еркин ямаса алдын ойланған дыққат деп атайды**. Бундай жағдайда ең қолайлы қоздырыўшылыққа ийе болған участканы екинши сигнал системасынан келетуғын сигналлар қуўатлап турады.

Оқыўшылардың турақлы еркин дыққатты тәмийин етиў бир қатар шәртлерден ғәрезли болады.

*1. Усы хызметти орынлаўда парызын ҳәм миннетин түсиниў.*
*2. Орынланып атырған хызметтиң конкрет ўазыйпасын анық түсиниў.*
*3. Үйрениўшиликли жумыс шәртлери.*
*4. Жанапай қызығыўшылықлардың пайда болыўы.*
*5. Хызмет ушын қолайлы шәртлерди дүзиў, яғный унамсыз тәсийир жасайтуғын басқа қоздырыўшыларды (телевизиялық көрсетиўлерди, қатты музыканы, шаўқымды) сапластырыў.*

**Дыққаттың қәсийетлери.** Тийисли қәсийетти дыққаттың ***жәмленгенлиги*** деп аталады. Бирақ тек, усы ғана әҳмийетли емес ғой. Адам дыққатын қаншама узақ ўақыт даўамында тәмийинлей алатуғынлығы да яғный дыққаттың ***турақлығы*** әҳмийетли болады. Дыққаттың кеңлиги көз-қарасынан да ол затларды ҳәм қубылысларды қаншама кең түрде қамтыйтуғыны жағынан да баҳалаў әҳмийетли болады. Усыған муўапық дыққаттың ***көлеми*** ҳәм ***бөлистириў*** сыяқлы еки қәсийети айырып шығады. Ең соңында дыққат қаншама епшил, ол бир объектен екиншисине қаншама тез ***аўысатуғынын*** билиў әҳмийетли болады.

## Тема. Сезиў ҳәм қабыл етиў.

## Жоба:

1. **Сезиў ҳаққында түсиник.**
2. **Сезиўлердиң классификациясы.**
3. **Сезиўниң нызамлылықлары.**
4. **Қабыл етиў ҳаққында түсиник.**
5. **Қабыл етиўдиң түрлери ҳәм қәсийетлери.**

Сезиў барлық психикалық қубылыслардың ишинде ең әпиўайысы есапланады. Ол адам басында субъектив болған ямаса ерксиз, бирақ тәсир етиўши оның ис-ҳәрекетине өним қайта ислеў, орайлық нерв системасы әҳмийетли қоздырыўшы, ишки ямаса сыртқы орталықта пайда болыўшы. Нерв системасына ийе барлық тири жәнликлер сезиў уқыбына ийе. Саналы сезиўлерге келетуғын болсақ ол тек бас мийи ҳәм бас мийи қабығына ийе тири жанларда ғана бар. Мысалы адам уйқыда, наркозда, сананың наўқаслы бузылыўларында ол дүньяны саналы қабыллаў мүмкиншилигине ийе болмайды.

Сезиў өз сапасы ҳәм көп қыйлылығында қоршаған орталықтың қәсийетлерин адам ушын әҳмийетли ҳәр қыйлылығын сәўлелендиреди. Сезиў органлары ямаса адам анализаторлары туўылғаннан баслап стимул-қоздырыўшы (физикалық, химиялық, механикалық ҳәм басқа тәсирлер) формасындағы энергияның ҳәр қыйлы түрлерин қабыллаў ҳәм қайта ислеўге масласқан.

Мийде дөгерек әтирaптағы дүньяның сәўлелениўи қалайынша жүз береди. Мий мудамы өзин қоршап турған дүньяда ҳәм организмниң өзинде не болып атырғаны туўралы сигналларды, дөгерек-әтирaптағы орталықтың затлары менен қубылыслары туўралы мағлыўматларды алып турады. Дөгерек әтирaптағы дүньяның затлары менен қубылыслары ҳәрқыйлы қәсийетлерин сапалары менен ажыралып турады ҳәм мий усы затларды ҳәм қубылысларды олардың қәсийетлерин және сапаларын сәўлелендирместен турып сәўлелендире алмайды. Сезиў ең әпиўайы билип алыў психикалық процесси болады.

**Сезиў- бул дөгерек әтирaптағы дүньның затларының ҳәм қубылысларының усы пайытта адамның мийине тәсир жасап турған айырым қәсийетлериниң мий қабығында сәўлелениўи болады.**

Мий информацияны сыртқы дүньядан, организниң өзинен де алып турғанлықтан, **анализаторлар сыртқы ҳәм ишки** болады. Сыртқы анализаторларда рецепторлар денениң үстиңги бетине шығарылған болады. Ишки анализаторлар ишки органларда ҳәм тканларда орналасқан рецепторларына ийе болады.

**Сезиўдиң түрлери.**

Бәринен де бурын сыртқы дүньядағы затлардың ҳәм қубылыслардың қәсийетлериниң сәўлелениўи болатуғын сезиўлердиң **бес түрден ибарат топарын- көриў, еситиў, дәм, ийис сезиў ҳәм тери сезиўлерден** айырып шығарыўы лазым. Екинши топарды сезиўлердиң **органикалық, теңбе-теңлик**

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

с…йўлер, ҳәрекетке келтириўши сезиўлер деп аталатуғын, организмниң жағдайын сәўлелендире…ғын …ı түри қурайды. Үшинши топарды сезиўлердиң еки **тийгизип сезиў ҳәм ауырыўды сезиў түр…и** қурайды, олар я бирнеше сезиўлердиң жыйынтығынан (тийгизип сезиў) я ҳәрқыйлы түрде жүзеге кел… (ауырыўды сезиўлер) сезиўлерден ибарат болады. Ишки органлардан түсетуғын сигналлар әдетте онша билинбейди, ауырыў сезиминен басқасы көбинесе аңланбайды, бирақ орайлық нерв системасы тәрепинен қабылланады ҳәм қайта исленеди. Бундай сезимлер интероцептив деп аталады. Ишки органлардан мағлыўматлар, оған ишки орталық жағдайы, яғный онда биологиялық пайдалы ямаса зыянлы затлардың бар ямаса жоқ екенлиги, дене температурасы, онда бар суйықлықтың химиялық қурамы, басы ҳәм т.б. ҳаққында хабарлай отырып, тынымсыз түрде мийге келип түседи. Адамда сондай-ақ, ўақыт, тезлетиў, вибрация, белгили бир турмыслық әҳмийетке ийе сийрек гезлесетуғын қубылыслар ҳаққында мағлыўматларды қамтыйтуғын сезиўдиң бир-неше спецификалық түрлери бар. Заманагөй мағлыўматларға қарағанда адамның мийи оған түсип турған мағлыўматлар тәсиринде тынымсыз жетилисип туратуғын генотипик шәртлескен ҳәм бир өмирге алынған (жетискен) программа бойынша ислеўши қурамалы, өзи оқытатуғын есаплаў ҳәм соның менен бир ўақытта сәйкес машина болып саналады. Бул мағлыўматты қайта ислей отырып адамның мийи шешим қабыллайды, буйрық (команда) береди ҳәм олардың орынланыўын қадағалайды.

**Көриў сезиўлери**- жақтыны ҳәм реңли сезиўлер- адамның сыртқы дүньяны билип алыўында жетекши рольди атқарады.

**Еситиў сезиўлери**- сес дерегинен жан-жаққа тарап кететуғын ҳаўа, бөлекшелериниң узын бойынша өзгерип турыўы еситиў анализаторының қоздырыўшысы болады.

**Дәм сезиўлери**- түкирикти ямаса суўда ериген затлардың дәм рецепторларынан тәсир жасаўдан келип шығады.

**Ийис сезиўлер**- мурын бослығында орналасқан ийисшил клеткалар ийис сезиў органлары болады.

**Тери сезиўлери**- еки түрин- тактиллик (бир нәрсенин тийгенин сезиў) ҳәм температуралық (ыссының ҳәм суўықты сезиў) сезиўлер деп айырып шығады.

**Органикалық сезиўлер**- ашлықты, шөлди, тоқлықты, жүрек айныўды, буўлыққанлықты ҳ.т.б. сезиў жатады.

**Теңбе-теңликти сезиўлер.** Бастың ҳәрекети ҳәм жағдайы туўралы хабар берип туратуғын ишки қулақтың вестибулярлық аппараты теңбе теңликти сезиў органы болады.

**Ҳәрекет етиўди сезиўлер**- бул дене бөлеклериниң ҳәрекетин ҳәм жағдайын сезиў болады.

**Тийип сезиўлер**- затларда қурамалап көрген, яғный оларға ҳәрекет етип турған қолды тийгизген ўақытта тери ҳәм ҳәрекет етиўши сезиўлердиң жыйынтығынан биригиўинен ибарат болады.

**Ауырыўды сезиўлер**-ҳәрқыйлы (териниң үстиңги бетинде ҳәм ишки органларда және булшық етлерде орналасқан арнаўла рецепторлары ҒауырыўҒ ноқатларыҒ бар) тәбиятқа ийе болады.

**Сезиўлердиң улыўма нызамлықлары.**

Қоздырыўшының ең дәслеп билинер-билинбес сезиўди пайда ететуғын ең киши муғдарын сезиўдиң **абсолют босағасы деп атайды**. Анализатордың тәсирленгишлигин, оның ҳәлсиз қоздырыўшыларды аңғарыў уқыбын баҳалаў зәрүрлиги жийи-жийи пайда болады. Буның ушын усы **анализатордың абсолют тәсирленгишлиги деген түсиниктен** пайдаланылады. Анализаторды байқай алатуғын қоздырыўшылар қаншама ҳәлсиз болған сайын олар соншама тәсирленгиш бола береди. Басқаша етип айтқанда сезиў абсолют босағасы қаншама пәс болған сайын, анализатордың абсолют тәсирленгишлиги тәбийий түрде соншама жоқары бола береди.

Адам сезиўдин билинер билинбес өзгериўин байқаўы ушын қоздырыўшының күши қаншама бөлекке артыўы тийис екенлигин көрсететуғын белгили дәрежедеги муғдарды **айырмашылық босағасы** деп атайды.

Анализаторлардың тәсирленгишлигиниң олардың ҳәрекет етиўши қоздырыўшыларға ийкемлесиўиниң тәсирийри астында өзгериўин **адаптация ямаса ийкемлесиў** деп аталады.

ҚАБЫЛ ЕТИЎ. Сыртқы қубылыслар бизиң органымызға тәсир ете отырып, сезиў түринде субъектив эффект пайда етеди. Сезиў уқыбы биз ҳәм басқа барлық тири жанға туўылғаннан берилген. Дүньяны образлар түринде қабыл етиў уқыбы тек адам ҳәм жоқары ҳайўанларға тән, бул оларда турмыслық тәжирийбеде қәлиплеседи ҳәм жетилиседи.

Адамның анализаторларына тәсир жасайтуғын затлардың ҳәм қубылыслардың мий қабығында сәўлелениўин **<u>қабыл етиў</u>** деп аталады. Сезиў процесинен айырмашылық адам қабыл еткен ўақытта затлардың ҳәм қубылыслардың айырым қәсийетлерин емес, ал дөгерек әтираптағы дүньяның затларын ҳәм қубылысларын бир пүтин ҳалында билип алатуғынында болады. Мәселен, биз қара реңдеги, қаттылықтың ҳәм туўры мүйешликтиң жыйындысын емес, ал класс доскасын қабыл етемиз. Биз қабыл ете отырып, сезимлер топарын айырып шығарып ҳәм оларды бир пүтин образға бириктирип қоймастан,

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

а усы образын түсинип аламыз, оны түсинемиз, буның ушын өзимиздиң еткендеги тәжрийбе зди
планамыз.

Қабыл етиўдиң тийкарын нервлик байланыслардың қурамалы системасы қурайды. Дәслеп бийтаныс затты қабыл ете отырып (мәселен, лимонды) бала оның дөңгелек формасын ҳәм сары реңин (көриў анализаторы арқалы), оның өзине тән хош ийисти сезиў анализаторы арқалы, жумсақ, гедир-будыр үстиңги бетин (тери ҳәм ҳәрекет етиўши анализаторлар арқалы), оның түршик дәмин (дәм сезиў анализаторы арқалы) сезеди. Солай етип, зат усы жағдайда лимон, қурамалы, комплекс түрдеги қоздырыўшы болады. Басқаша етип айтқанда, **қабыл етиўдиң тийкарын анализаторлар аралық байланыслар деп аталатуғын байланыслар, ҳәрқыйлы анализаторлар арасындағы байланыслар қурайды.**

**Қабыл етиўдиң түрлери.** Қабыл етиў процессинде барлық анализаторлар биргеликли роль атқара бермейди. Қабыл етиўде қайсы анализатор тийкарғы роль атқаратуғынына қарай қабыл етиўдиң ҳәрқыйлы түрлерин айырып шығарады. Көриў, еситиў, тийип сезиў қабыл етиў сыяқлы түрлери ең көп тарақлған болады.Қабыл етиўдиң қурамалы түрлери қабыл етиўдиң ҳәрқыйлы түрлериниң жыйындысынан, биригиўинен ибарат болады. Мәселен, оқыў текстин оны даўыслап оқыған ўақытта қабыл етиў көриў ҳәм еситиў қабыл етиўлериниң биригип кетиўи болады.

**Адамның оның жеке келбетиниң өзгешеликлеринен ғәрезли болатуғын қабыл етилип атырған нәрсеге белгили бир қатнасы қабыл етиўдиң таңлаўшылығында көринеди.** Қабыл етиўдиң таңлаўшылығы- бул басқа объектлерге қарағанда тек бир объектлердиң басым көпшилигин айырып шығарыўы болады. Ҳәр бир қәнийге затлардағы ҳәм қубылыслардан тийкарынан алғанда өзин қызықтыратуғын, өзи үйрентуғын нәрсени қабыл етиўге умтылады, ол өзи қызыққан затлардағы ҳәм қубылыслардағы майда-шүйделерди аңғармайды. Сонлықтанда ҳәрқыйлы қәнигеликлерге ийе болған адамларда кәсиплик қабыл етиў туўралы айтады.

Қабыл еткен ўақытта адамның дыққат орайында турған нәрсени **қабыл етиў объекти,** ал қалған барлық нәрсени **фон** деп атайды. Адамлар көп көшеде өз достыңыз бенен сөйлесип турып, сиз аламан арасында өз достыңызды аттан-анық көресиз, ал барлық адамлар топары сиз ушын тек фон болып қалады. Егер сол жерде қандай да бир ўақыя болса, сизиң дыққатыңыз соған аўысып кетеди ҳәм сиз енди сөйлесип турған адамыңызды азырақ, ал дөгерке әтирраптағыңызды көбирек қабыл етесиз. (1 сүўрет).



а б в г

Айырым сезиўлер спецификалық анализаторларға ҒбайланғанҒ есабы, ҳәм сезиў пайда болыўы ушын олардың периферик органлары- рецепторларына стимулдың тәсир етиўи жеткиликли болады. Қабыл етиў процесси нәтийжесинде қурылатуғын образ өз-ара қатнасты, бир ўақытта бир неше анализаторлардың муўапықласқан жумысын белгилейди. Картинаны көриў процессинде нәзер көбирек тоқтаған элементлерди дыққат пенен үйренгенимизде, көз ҳәрекети дерлик адам ойлаўы процессин сәўлелендиретуғыны мәлим болады. Адам бетине нәзер таслаған ўақытта бақлаўшы көбирек көз, ерин ҳәм мурынға дыққат аўдаратуғынлығы анық. Адамның көзи ҳәм ерни ҳақыйқаттанда беттиң ең тәсирли ҳәм шаққан элементи есапланып, олардың характери ҳәм ҳәрекети бойынша биз адам психологиясы ҳәм оның жағдайы ҳаққында сөз етемиз. Олар бақлаўшыға адамның кейпияты, оның характери, қоршаған адамларға қатнасы ҳ.т.блар ҳаққында көп нәрселерди билдириўи мүмкин.

Сезиў бизлердиң өзимизде, предметлердиң қабылланатуғын қәсийетлери, олардың образлары болса кеңисликте шекленген. Бул, сезиўден айырмашылығы болған, қабыллаў ушын характерли процесс- **объективация** деп аталады.

Қабыл етиўдиң оның раўажланған формасында сезиўден және бир айырмашылығы соннан ибарат, сезиў пайда болыўының жуўмағы қандай да бир сезиў (мысалы, жарықлықты, даўысты, дузлыны, даўыс бәлентлигин, теңсалмақлылықты сезиў) болады, ал қабыл етиў нәтийжесинде предмет, қубылыс, процесс пенен инсан санасына аўдарылатуғын ҳәр қыйлы бир-бири менен байланыслы сезимлер комплексин өз ишине қамтыўшы образ пайда болады. Қандай да бир предмет қабылланыўы ушын оған қатнаста оның изертлениўине, дүзилиси ҳәм образды анықлаўға бағдарланған қандай да бир дус келетуғын (қарама-қарсы) жеделликти әмелге асырыў керек. Сезим пайда болыўы ушын әдетте буның кереги жоқ.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Көбинесе контурлы ҳәм штрихлы сүўретлерди, сондай-ақ реал предметлердиң тийисли элементлерин қабыллағанда адамда көриў иллюзиясы (елес) пайда болыўы мүмкин. Бундай иллюзиялар көплеп белгили. Бул- шелпиуйиш сыяқлы таралыўшы сызықлар фонында берилген шеңбер контурының бурмаланыўы ҳәм концентрик шеңбер фонында квадрат сүўретиниң бурмаланыўы менен байланыслы иллюзиялар (елес).

Қабыл етиў сферасында иллюзияның бар болыўы ҳәр қыйлы, бул қабыллаўшы системаның жағдайынан, сондай-ақ қабылланып атырған материалдың шөлкемлесиў өзгешелигинен бағынышлы себеплерден болыўы мүмкин болып, соңғы ўақытлары баспа сөзде көплеп жәрияланып атырған Ушыўшы объектлерди ҒкөриўҒ сыяқлы көплеген қәтелер түсиндириледи. Контурларды қабыллаў усылы ҳәм жазықлық типиндеги мәнили фигуралар мазмуны менен бирге адамды күнделикли қоршаған әтираптың ақ-қара перцептив динамикалық картинасын пайда ететуғын кеңислик, ўақыт ҳәм ҳәрекетти қабыллаў механизмине қысқаша тоқтап өтемиз. Кеңисликти қабыллаў предметтиң форма, муғдар, аралық, предметлер аралығын курайды.

Предметлер формасын қабыл етиўде факторлардың үш тийкарғы топары қатнасады-

1.Бас мийи қабығының нерв клеткаларының уқыбы соннан ибарат ол белгили бир мазмунлылық, бағдарланыў, конфигурация ҳәм узынлыққа ийе сүўрет элементине таңлаўлы тәсир етеди. Бундай клеткалар клетка- детекторлар деп аталады. Өз рецептив майданы қәсийетлерине бола, олар көриў майданында белгили элементлерди, мысалы контурлы сүўрет, конкрет узынлықтың сызығын, кеңлик ҳәм жайпаўыт, сүйир мүйеш, контрастты айырып көрсетеди.

2. Гештальтпсихологлар тәрепинен, белгиленген ҳәм жоқарыда сүўретленген фигура, форма ҳәм контурлардың пайда болыў нызамы

3. Объект контуры ҳәм үсти бети бойынша қолдың ҳәрекети, кеңисликте адам ҳәм оның дене бөлегиниң аўысыўы (өзгериўи) нәтийжесинде алынған турмыслық тәжирийбе.

## Тема. Есте сақлаў ҳәм қыял.

**Жоба:**

1. **Есте сақлаў ҳаққында түсиник, оның әҳмийети.**
2. **Есте сақлаў процесслери.**
3. **Есте сақлаў түрлери.**
4. **Қыял ҳаққында түсиник.**
5. **Қыял түрлери.**

**<u>ЕСТЕ САҚЛАЎ (ЯД).</u> Адам қабыл еткен, ислеген, сөзшең ямаса ойлаған нәрсесин ядында тутыўда, сақлаўға ҳәм буннан былай еслеўди көринетуғын адамзаттың оөтмиш тәжрийбесиниң сәўлелениўин есте сақлаў деп атайды**.

Есте сақлаўдан журдай болған адам, И. М. Сеченовтың көрсеткениндей-ақ бәрҳәма жаңа туўылған нәрестениң аўҳалында болар еди, хеш нәрсени үйрене алмайтуғын, хеш нәрсени ийелеп алмайтуғын маклуқ болар еди, және оның ис-ҳәрекетлери тек инстинктлер менен ғана белгиленер еди. Адамда есте сақлаў билимлеримизди, уқыплылықларымызды, көнлигиўлеримизди дөретеди, сақлаўды ҳәм байытады, онысыз табыслы түрде оқыў да, жемисли хызметте болўы мүмкин емес.

**Есте сақлаў-** бул қәде болғанындай-ақ жаңа нәрсени адамның санасында бир нәрсе менен байланыстырыў болады. Оқыў материалларын есте сақлап қалыў- бул оны бурынғы билимлер менен байланыстырыў, сырт ел сөзин есте сақлап қалыў - оны тийисли бир түсиник пенен байланыстырыў деген сөз болады. Бизиң санамызда сәўлеленген ҳәм бизиң ядымызда беккемленип қалған айырым ўақыялардың, фактлердиң, затлардың, ямаса қубылыслардың арасындағы байланысты ***ассоциация*** деп атайды. Ассоциативлик байланыстың түпки маңызы соннан ибарат, санада усы байланыстың басқа элементиниң пайда болыўын да келтирип шығарады. Мен бир адамның фамилиясын еситиўден ақ мениң санама оның образы пайда болады. Сол ўақыттағы есте сақлаў сезиў органлары тәрепинен сол ўақытта картинаның дәл ҳәм толық тутып қалыўы, алынған мағлыўматты хеш қандай қайта ислемеўи менен байланыслы. Бул есте сақлаў-мағлыўматтың сезиў органлары тәрепинен тиккелей сәўлелениўи. Оның даўамлылығы 0,1 ден 0,5 с. Бул есте сақлаў**<u>- образ.</u>**

**Яд процесси.** Яд- курамалы психикалық хызмет. Оның составынан айырым процесслерди ажыратып шығарыўға болады. Оның тийкарлары- есте тутыў, есте сақлаў(ҳәм усыған сәйкес түрде умытыў), еске түсириў ҳәм таныў болады.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**Есте тутыў-** ядтың хызмети есте тутыўдан, яғный сезиў ҳәм қабыл етиў процессинде ҳақыйқатлықтағы заттарының ҳәм қубылысларының тәсири астында санада пайда болатуғын образларды жәнe тәсирлерди беккемлеўден басланады. Физиологияның көз-қарасынан есте тутыў- бул қоздырыўшылықтың излериниң ҳәм усыған сәйкес нервлик байланыслардың мийде жүзеге келиў жәнe беккемлениў процесси болады.

**Есте сақлаў ҳәм умытыў.** Есте сақлаў бул ядлап алған нәрсени ядта тутыў, яғный мийдеги излерди ҳәм байланысларды сақлаў болады. Умытыў- ядтан жоқ болыў, шығыў, яғный излердиң гүңгиртленип кетиў, сапласыў, өшиў, байланыслардың иркилиў процесси болады. Характери жағынан бир-бирине қарама қарсы усы еки процес түп мәниси жағынан бир процесстиң ҳәр қыйлы сыпатламасы болады. Биз материалды есте тутыў туўралы ол умтылмаған ўақытта сөз етемиз, ал умытыў бул материалды есте жаман тутыў болады. Сонлықтанда есте сақлаў бул умытыўға қарсы гүрес жүргизиўден басқа нәрсе емес.

**Таныў ҳәм еске түсириў.** Еске түсириў -санада яд елеслериниң, бурын уғынған пикирлердиң пайда болыўы, яд болып кеткен ис-ҳәрекетлердиң әмелге асырылыўы болады, оның тийкарын излердиң жанланыўы, оларда қоздырыўшылықтың пайда болыўы қурайды. Таныў тәкирар қабыл еткен ўақытта таныслық сезиминиң пайда болыўы.  Еске түсириў қатаң ойлаў менен байланысқан ҳәм жигерлилик жағдайынан белгили бир күш жумсаўды талап ететуғын ең актив түрдеги еске түсириў болады.

Адамның ядының (есте сақлаўының) түрлериниң классификациясы ушын бирнеше тийкарлар бар. Олардың бири- материалды сақлаў, ўақты бойынша есте сақлаўдың бөлиниўи, екиншиси- материалдың анализаторға есте сақлаў, сақлаў ҳәм әмелге асырыў процесси. Биринши жағдайда *сол ўақыттағы, қысқа ўақытлық, оператив, узақ ўақытлық ҳәм генетикалық есте сақлаўды* көрсетеди. Екинши *жағдайда ҳәрекет, көриў, еситиў, ийис сезиў, сезиў, эмоционал ҳәм есте сақлаўды*ң басқа түрлери ҳаққында сөз барады. Көрип шығып есте сақлаўдың атап өткен түрлериниң тийкарғыларына қысқаша анықлама беремиз.

**<u>Қысқа ўақыт есте сақлаў</u>**- мағлыўматларды қысқа ўақыт аралығында сақлаў усылы есапланады. **Мнемикалық** излердиң сақланыўы бунда бир неше он секундттан артық болмайды. Қысқа ўақыт есте сақлаўда  толық емес, ал қабылланғанның тек улыўмаласқан образы, оның ең көбирек элементлери сақланады. Бул есте сақлаў саналы түрде алдын- ала есте сақлаў мақсетисиз, бирақ материалды кейин ала көз алдына келтириў мақсети менен жумыс ислейди.

Қысқа ўақытлы есте сақлаў адамның актуал деп аталыўшы санасы менен байланыслы.

**<u>Оператив есте сақлаў</u>** деп, мағлыўматты бир неше секундттан бир неше күнге шекемги диапазонда, алдын ала берилген, белгили бир мүддет даўамында сақлаўға мөлшерленген есте сақлаўды айтады. Бул есте сақлаўдың  мағлыўматын сақлаў мүддети адам алдында турған мәселе менен анықланады ҳәм усы мәселени шешиўге арналған. Буннан соң мағлыўмат оператив есте сақлаўдан өшип кетиўи мүмкин. Есте сақлаўдың бул түри өз қәсийетлери ҳәм мағлыўматты сақлаў даўамлылығы бойынша қысқа ўақытлы ҳәм узақ ўақытлының арасындағы жағдайды ийелейди.

**<u>Узақ ўақытлық</u>**- бул мағлыўматты дерлик шекленбеген мүддетке сақлаўға уқыплы есте сақлаў. Узақ ўақытлық есте сақлаў сақлағышына түскен мағлыўмат, көп мәрте жоғалтыўларсыз көз алдына келтириледи. Сондай-ақ, бул мағлыўматларды көп мәрте ҳәм системалы көз алдына келтириў оның узақ ўақытлық есте сақлаўда изин беккемлейди. Кейингиси адамның қашанлардур ядлағанын қәлеген ўақытта есине түсириў уқыбын береди. Узақ ўақытлық есте сақлаўдан пайдаланғанда еске түсириў ушын ойлаў ҳәм ерк күши керек, сонлықтан да, оның практикада ҳәрекет етиўи әдетте усы еки процесс пенен байланыслы.

**<u>Генетикалық есте сақлаўда</u>** мағлыўмат генотипте сақланады, мийрас болып өтеди ҳәм көз алдына келтириледи. Бундай есте сақлаўда мағлыўматты есте сақлаўдың тийкарғы биологиялық механизми мутациялар ҳәм усының менен байланыслы генлық дүзилистиң өзгериўи есапланады. Адамда генетикалық есте сақлаў-биз үйрениў ҳәм тәрбиялаў арқалы тәсир көрсете алмайтуғын бирден-бир есте сақлаў.

**<u>Көриў есте сақлаўы</u>**- көриў образларын сақлаў ҳәм көз алдына келтириў менен байланыслы. Ол қәлеген кәсип ийелери, әсиресе инженер ҳәм сүўретшилер ушын әҳмийетли. **<u>Еситиў арқалы есте</u>** сақлаў- бул ҳәр қыйлы мысалы музыкалы, сөйлеў сеслерин жақсы есте сақлаў ҳәм дәл анық көз алдына келтириў. Ол филологларға, шет тиллерин үйрениўшилерге, акустик ҳәм музыкантларға керек. **<u>Сөйлеў есте сақлаўының</u>** айрықша түрин сөз, ой ҳәм логика менен тығыз байланыслы болған сөзлик-логикалықты қурайды. Есте сақлаўдың бул түри соның менен характерленеди, бунда оған ийе адам ўақыялар мәнисин, пикир айтыў ямаса қандай-да бир тастыйықлаўдың логикасын, оқып атырған тексттың мәнисин х.т.б. тез ҳәм анық есте сақлап қалады. Бул мәнисти ол өз сөзи менен, бирақ дәл анық айтып бере алады. Есте сақлаўдың бул түрине илимпазлар, тәжирийбели лекторлар жоқары оқыў орынлары ҳәм мектеп муғаллимлери ийе.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**<u>Хәрекет есте сақлаўы</u>** есте сақлаў ҳәм сақлаўды, ал керек болғанда ҳәр қыйлы қурамалы хәрекетлерди ...л анық елеслете алыўды қурайды. Ол хәрекет, әсиресе мийнет ҳәм спорт көнликпелери ҳәм уқыпл...н қәлиплестириўде қатнасады.
Адамның қол хәрекетин жетилистириў есте сақлаўдың усы түри менен тиккелей байланыслы.
**<u>Эмоционал есте сақлаў</u>**- бул бастан кеширгенлерди есте сақлаў. Ол есте сақлаўдың барлық түрлеринин жумысында, бирақ әсиресе адамлар арасындағы қатнаста көринеди. Материалды беккем ядта сақлаўда эмоционал есте сақлаўға тиккелей тийкарланған, адамда эмоционал уўайым (бастан кешириў) пайда еткен нәрсе қыйыншылықсыз узақ ўақытқа есте қалады.
**<u>Ийис, дәм ҳәм есте сақлаўдың</u>** басқа түрлери адам турмысында айырықша роль атқармайды ҳәм жоқарыда атап өткен есте сақлаўларға салыстырғанда олардың мүмкиншиликлери шекленген.
Материалды есте сақлаў ҳәм көз алдына келтириў процессинде ерктиң қатнасы характери бойынша есте сақлаўды ерксиз ҳәм еркли деп екиге бөледи. Биринши жағдайда автомат тәризде жүз беретуғын есте сақлаў ҳәм көз алдына келтириўди нәзерде тутады. Екинши жағдайда болса бундай мәселе әлбетте бар, ал есте сақлаў ҳәм көз алдына келтириў процессиниң өзи ерклик күшти талап етеди.
**<u>Қыял.</u>** Қыял- басқа психикалық процесслерден бөлек туратуғын ҳәм соның менен бирге қабыллаў, ойлаў ҳәм есте сақлап қалыў арасындағы аралық жағдайды ийелейтуғын, адам психикасының айрықша формасы. Психикалық процесстиң бул формасының спецификасы соннан ибарат, қыял барлық психикалық процесслер ҳәм жағдайлар ишинде ең ҒпсихикалықҒ болып, тек адам ушын характерли ҳәм таң каларлық усыл менен адам организминиң ис-хәрекети менен байланыслы.
Бул феноменниң сырлылығына келетуғын болсақ, усы күнге шекем қыял механизми, соннан оның анатомия-физиологиялық тийкары ҳаққында ҳеш нәрсе мәлим емес. Адам мийиниң қайсы жеринде қыял шекленеди. Бизлерге белгили қайсы нерв органикалық структура менен байланыслы. Бул әҳмийетли сораўларға биз конкрет ҳеш нәрсе айта алмаймыз.
Қыял жәрдеминде адам дөретеди, өз ис-хәрекетин жобаластырады ҳәм оны басқарады. Адамның дерлик барлық материаллық ҳәм руўхый мәденияты адамның қыялы ҳәм дөретиўшилиги өними есапланады. Қыял адамға жағдайда бағдарланыў ҳәм практикалық хәрекетлердиң тиккелей болмаған араласыўысыз мәселелерди шешиў мүмкиншилигин беретуғын көргизбели-образлы ойлаўдың тийкары есапланады. Ол турмыстың практикалық хәрекет я мүмкин болмағанда ямаса қыйын болғанда, яки улыўма мақсетке муўапық болмаған жағдайларда жәрдем береди.
Қыялдың қабыллаўдан айырмашылығы соннан ибарат, оның образлары барлық ўақытта да ҳақыйқатлыққа туўры келмейди, онда фантазия, ойлап табыў элементлери бар. Егер қыял санаға ҳеш бири ямаса ҳақыйқатлыққа туўры келмейтуғын картиналарды салса ол **фантазия** деп аталады. Егер, соның менен бирге, қыял келешекке бағдарланса-ол **арзыў ямаса әрман** деп аталады. **Жаңадан елеслетиўши қыял етиў-** бул адам ушын жаңа болған объектлерди олардың сүўретлениўине, сызылмасына, схемасына қарай көз алдына келтириў болады.
**Творчестволық қыял етиўдиң** жаңадан қыял етип елеслетиўден айырмашылығы соннан ибарат, яғный творчестволық қыял етиў творчестволық ис процессинде жаңа образларды өз бетинше дөретиў болады. Аңсаған келешектиң образларын дөретиўди әрман етиў деп атайды.
Қ**<u>ыял төрт тийкарғы түрде болыўы мүмкин</u>**- *жедел, пассив, өнимли ҳәм репродуктив*. **<u>Актив</u>** ямаса жедел қыялдан пайдалана отырып адам өз қәлеўи менен, ерктиң күши менен өзинде тийисли образларды пайда етеди. **<u>Пассив</u>** қыял образлары тосаттан, адамның қәлеўи ҳәм еркине қарамай пайда болады. **<u>Өнимли қыялдың</u>** айырмашылығы, бунда ҳақыйқатлық адам тәрепинен тек ғана механикалық нусқаланып ямаса елеслетилместен саналы конструкциялайды. Бирақ бунда образда ол дөретиўшилик қайта жаңаланады. **<u>Репродуктив қыялда</u>** ҳақыйқатлықты қалай болса сол турысында көз алдына келтириў мәселеси турады, бунда фантазия элементлери болса да, бундай қыял дөретиўшиликке емес, ал көбирек қабыллаў ямаса есте сақлаўға уқсайды.
**Қыял етиўдиң әҳмийети.** Қыял етиў мийнет процессинде пайда болады ҳәм раўажланады. Қандай да бир буйымды соғыўдан бурын адам нени соғыўды, қалайынша соғыўды, усы соғылған буйым қалай болып шығатуғынын көз алдына келтиреди.
Адам қыялының жумысы әдебият ҳәм искусство менен шекленбейди. Көпшилик дәрежеде ол илимий, техникалық, дөретиўшиликтиң басқа түрлеринде көринеди. Бул жағдайлардың барлығында фантазия қыялдың түри сыпатында дурыс роль атқарады. Бул- түс көриў, галлюцинация, әрманлар.

## Тема. Ойлаў.

## Жоба:

1. **Ойлаў ҳаққында түсиник.**
2. **Ойлаўдың өзгешеликлери.**

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**3. Ойлаў процесиниң сыпатламасы.**
**4. Ойлаў формалары ҳәм түрлери.**
**5. Ақыл сапалары.**

**ОЙЛАЎ.** Ойлаў ең жоқарғы билиў процесси есапланады. Ол жаңа билим, дөретиўшилик сәўлелениўдиң жедел формасы ҳәм ҳақыйқатлықты адам тәрепинен қайта ислеўди қурайды. Ойлаў я ҳақыйқатта, я субъектте сол ўақытта болмаған нәтийжени пайда етеди. Ойлаўды (элементар формада ол ҳайўанларда да бар) жаңа билимди алыў, бар түсиниклерди дөретиўшилик түрлендириў сыпатында да түсиниў мүмкин.

Ойлаўдың басқа психологиялық процесслерден өзгешелиги соннан ибарат, ол барлық ўақытта шешиў керек болған проблемалы жағдай, мәселениң болыўы ҳәм бул мәселе берилген жағдайдың жедел өзгериўи менен байланыслы. Ойлаўдың қабыл етиўден айырмашылығы ол сезимли мағлыўмат шегарасынан шығады, үйрениў шегараларын кеңейтеди. Ойлаўда сенсор мағлыўмат тийкарында белгили бир теориялық ҳәм практикалық жуўмақлар исленеди. Ол турмысты тек ғана бөлек бир зат, қубылыс ҳәм олардың қәсийетлери түринде сәўлелендирип қоймастан, олар арасында бар болған көпшилик жағдайда тиккелей, қабыллаўда адамға берилмеген байланысларды белгилейди. Зат ҳәм қубылыслар қәсийети, олар арасындағы байланыслар ойлаўда улыўмаластырылған түрде, нызамлар түринде сәўлеленеди.

Турмыста ойлаў өз алдына психикалық процесс сыпатында ҳәрекет етпейди, ол басқа барлық билиў процесслеринде- қабыл етиў, дыққат, көз алдына келтириў, есте сақлаў, сөйлеўде көзге көринбей ҳәрекет етеди. Бул процесслердиң жоқарғы формасы әлбетте ойлаў менен байланыслы ҳәм олардың бул билиў процессинде қатнасыў дәрежеси олардың раўажланыў дәрежесин белгилейди.

Ойлаў- затлардың негизин анықлаўшы идеялар ҳәрекети. Оның жуўмағы образ емес, ал ой, идея есапланады. Ойлаўдың спецификалық нәтийжеси сыпатында түсиниў- предметлер классының олардың улыўма ҳәм айрықша өзгешеликлеринде улыўмаласқан сәўлелениўи шығыўы мүмкин.

Ойлаў-айрықша түрдеги *теориялық ҳәм практикалық* ис-ҳәрекет. Ойлаўдың теориялық түсиниги- бул сондай ойлаў, адам буның менен пайдалана отырып, мәселени шешиў процессинде түсиникке мүрәжат етеди, ойында ҳәрекетлерди орынлайды, тәжирийбе менен тиккелей иси болмай, сезиў органлары жәрдеминде алынған. Ол түсиник, талқылаў, ой жуўмағы түринде басқа адамлар тәрепинен алынған таяр билимлерден пайдалана отырып мәселени басынан ақырына шекем ядта талқылайды ҳәм шешимин излейди Теориялық айқынлық (уғымлылық) ойлаў илимий теориялық изертлеўлер ушын характерли.

**Ойлаўдың негизги формалары**. *Түсиник-* бул ойлаў формасы болып, онда затлардың ҳәм қубылыслардың улыўма және оның үстине ең әҳмийетли қәсийетлери сәўлеленеди. Ҳәрбир зат, ҳәрбир қубылыс көплеген ҳәрқыйлы қәсийетлер, белгилерге ийе болады. Усы қәсийетлерди, белгилерди ең әҳмийетли ҳәм әҳмийетсиз деп, еки категорияға бөлиўге болады.

**Түсиник-** билип алыўдың анағурлым раўажланған ҳәм ҳәр тәреплеме формасы болады, ол көз алдына келтириўге қарағанда ҳақыйқатлықты әдеўир кең ҳәм толық сәўлелендиреди. Билип алыўдың жәмийетлик тарийхый жақтан раўажланыўы процессинде түсиниктиң мазмуны кеңейеди, тереңлеседи ҳәм өзгереди. Мысалы, ҒатомҒ түсиниги.

**Пикир.** Пикирлерде дөгерек әтирапта дүньяның затлары менен қубылысларының ҳәм олардың қәсийетлери менен белгилери арасындағы байланыслар және қатнасықлар сәўлеленеди. Пикир- бул ойлаў формасы болып, онда затлар, қубылыслар ямаса олардың қәсийетлери жөниндеги қандай да бир реже тастыйықланады ямаса бийкарланады. Мысалы, ҒОқыўшы сабақты билединҒ пикир, бийкарлаў- ҒБул сөз фейил емесҒ. Пикир түсиниклердиң мазмунын ашып береди. Қандай да бир затты ямаса қубылысты билиў- ол туўралы дурыс ҳәм мазмунлы пикир айта алыў яғный ол туўралы пикир жүрите алыў деген сөз болады.

**Ойдан жуўмақ шығарыў**- сондай ойлаў формасы, оның процессинде адам ҳәрқыйлы пикирлерди салыстырып ҳәм анализ жасай отырып, олардың жаңа пикир келтирип шығарады. Мыс, геометриялық теоремаларды дәлиллеў- ойдан жуўмақ шығарыўдың типик мысалы болады. Адам ойдан жуўмақ шығарыўдың тийкарынан еки түрин индуктивлик ҳәм дедуктивлик жуўмақ шығарыўда пайдаланады.

**Индукция**- бул жеке пикирлерден улыўма пикирлерге қарап пикир жүритиў усылы, айырым фактлерди ҳәм қубылысларды үйрениў тийкарында улыўма нызамларды және қәделерди анықлаў болады.

**Дедукция**- бул улыўма пикирлерден жеке пикирге қарай пикир жүритиў, улыўма нызамларды ҳәм қәделерди билиўдиң тийкарында айырым фактлерди және қәделерди билип алыў болады.

**Индукция** қандай да бир жағынан биргеликили болған затлардың ҳәм қубылыслардың мүмкиншилиги болғанынша көбирек муғдары туўралы билимди топлаўдан басланады, бул нәрсе затлардағы ҳәм қубылыслардағы усас және парық ететуғын нәрсени итибарға алмаўға мүмкиншилик береди. Усы затлардың ҳәм қубылыслардың усас белгилерин улыўмаластыра отырып, улыўма жуўмақ ямаса нәтийже шығарады, улыўма қәдени ямаса нызамды анықлайды. Мысалы, ҒҮй ҳайўанларыҒ деген түсиникти

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

е[illegible]стирген ўақытта оқыўшылар сыйыр пайдалы, ат пайдалы, қой, шошқа да пайдалы с[illegible]ни[illegible] [illegible]ықлайды. Оннан соң оқыўшылар усының тийкарында Ғбарлық үй ҳайўанлары пайдалы- деген жу[illegible]қ шығарадыҒ.

Ойдан дедуктивлик жуўмақ шығарыў адамға улыўма нызамларды ҳәм қәделерди билиўдиң тийкарында айырым затлардың қәсийетлерин және сапаларын билип алыў мүмкиншилигин береди. Мысалы, барлық денелер қыздырылған ўақытта кеңейип кететуғынын биле отырып, адм жаздың шыжғыраған ыссы күнинде темиржол рельслери де кеңейип кететуғын, ал сонлықтан да қурылысшылар темир жолды салған ўақытта рельслер арасына белгили бир санлық қойып кететуғынын алдын ала биледи.

**<u>Ойлаўдың жеке өзгешеликлери</u>**. Адамлардың ойлаў хызметиндеги айырмашылықлар ойлаўдың ҳәрқыйлы сыпатларында көринеди. Ойлаўдың өз бетиншелиги адамның көбинесе басқа адамлардың жәрдемине мүтәж болмастан жаңа ўазыйпаларды ортаға қойыў ҳәм зәрүрли шешимлерди және жуўапларды таўа билиў уқыбы менен сыпатланды.

**<u>Ақылдың кеңлиги</u>** адамның хызметиниң ҳәр қыйлы тараўларын қамтыйтуғын билип алыў хызметинде, ой-өрисиниң кеңлигинде, билиўге жан-жақлы қумарлылығында көринеди. Ойлаўдың сыпатлы ретиндеги кең билип алыў хызмети ҳәртәреплеме ҳәм терең билимлерге тийкарланады.

**<u>Ақылдың тереңлиги</u>** ең қурамалы мәселелердиң түп маңызын түсине алыўда, басқа адамларда сораў пайда болмайтуғын жерде проблеманы көре алмаўшылықта көринеди. Терең ақылға қубылыслардың ҳәм ўақыялардың пайда болыўы себеплерин түсинип алыў зәрүрлиги, олардың буннан былай раўажланыўын алдан көре алыўшылық тән болады.

**<u>Ақылдың епшиллиги</u>** пикирдиң ўазыйпаларды шешиўдиң өтмши тәжрийдесинде беккемленип қалған усыллары менен әдислериниң қыймылдатпайтуғын тәсиринен еркин болыўында, жағдай өзгерген ўақытта өз ис-ҳәрекетлерин тез өзгерте алыў уқыбында көринеди.

**<u>Ақылдың тезлиги</u>**- бул адамның қурамалы жағдайды тез түсинип алыў, оны тез ойлап шығыў ҳәм дурыс шешимди қабыллаў уқыбы болады.

**<u>Сыншыл ақыл</u>**- бул адамның өзиниң ҳәм басқалардың пикирлерин объектив түрде баҳалап, ортаға қойылып атырған барлық режелерди ҳәм жуўмақларды пухта ҳәм ҳәртәреплеме тексере алыў уқыбы болады.

**<u>Ойлаўдың түрлери.</u>**

**<u>Затлық-тәсиршеңлик ойлаў</u>**- бул ойлаўдың затлар үстинде практикалық ҳәрекетлерди ислеў менен байланыслы түри болады. Әпиўайы формасы киши балаларға тән болады, олар ушын затлар туўралы ойлаў затлар үстинде ҳәрекет ислеў, олардан бир нәрселерди қурастырыў, соғыў дегенди билдиреди. Раўажланған формасында ол белгили бир кәсип ийелерине тән (химик-аналитик, ойлап табыўшы конструктор).

**<u>Көргизбели-образлы ойлаў</u>**- бул ойлаўдың қабыл етиўге ямаса көз алдына келтириўге сүйениўи зәрүр болған түри (жазыўшы, сазенделер).

**<u>Абстракт ойлаў</u>**- бул биз билетуғынымыздай-ақ қабыл етиўге ҳәм көз алдына келтириўге тән болған көргизбелиликтен журдай болған түсиниклер тийкарында ойлаў болады.

Ойлаўдың басқа процесслерден айырмашылығы, ол белгили бир логика менен әмелге асырылады. Демек, ойлаўдың структурасында төмендегидей- *салыстырыў, анализ, синтез, абстракция ҳәм улыўмаластырыў сыяқлы логикалық операцияларды* айрықшалаў мүмкин.

**<u>Салыстырыў-</u>** затлардың айырмашылық ҳәм уқсаслығын ашады. Салыстырыў нәтийжеси, сондай-ақ, классификация болыўы мүмкин. Айырым ўақытлары ол теориялық ҳәм практикалық сананың бирлемши формасы сыпатында да шығады.

Затлардың негизине еледе тереңирек кириў олардың ишки байланысларын, нызамлылықларын ҳәм қәсийетлерин ашыўды талап етеди. Бул *анализ ҳәм синтез* жәрдеминде әмелге асырылады.

**<u>Анализ (таллаў</u>**)-бул предметтиң оны қураўшы элементлерге кейин ала салыстырыў менен қыялда ямаса практикалық бөлиниўи.

**<u>Синтез</u>** бул аналитикалық берилген бөлимлерден бир пүтинликти қурыў. Анализ ҳәм синтез әдетте бирге әмелге асырылады, ҳақыйқатлықты еледе тереңирек билиўге жәрдем береди. ҒАнализ ҳәм синтез-деп жазған еди С.Л.Рубинштейин-барлық билим бериў процессиниң Ғулыўма бөлеклериҒ.

Олар тек ғана улыўма ойлаўға емес, ал сезимлик үйрениў ҳәм қабыллаўға да тийисли. Сезимлик билиўде анализ сол ўақытқа шекем тийислисинше шықпаған объекттиң қандай да бир сезимлик қәсийетин шығарыўда көринеди. Анализдиң билим бериў әҳмийети, ол ең тийкарғысын айырып, ҒбелгилепҒ ҳәм бөлиўи менен байланыслы. Теориялық, практикалық, образлы ҳәм абстракт интеллект өз қәлиплесиўинде ойлаў, биринши гезекте анализ, синтез ҳәм улыўмаластырыў операциясын жетилистириў менен байланыслы.

**<u>Улыўмаластырыў ҳәм конкретлестириў</u>**. *Абстракция улыўмаластырыўдың*- затларды ҳәм қубылысларды абстракцияланыў процессинде ажыратылып шығарылатуғын улыўма және ең әҳмийетли белгилерине қарай ойдан топарларға бириктириўдиң тийкарын қурайды. Мектеп оқыўшыларының тәлим

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

а...ў жумысында улыўмаластырыў әдетте жуўмақларда, анықламаларда, қәделерде, классифи...ци... ...саўда көринеди. Оқыўшыларға гейде улыўмаластырыў жасаў қыйын болады, өйткени әйтеўир ул...а емес, ал ең әҳмийетли белгилерди өз беинше ажыратып шығарыў бәрҳама олардың қолынан ке... бермейди.

**Конкретлестириў-** бул ойда улыўма нәрседен усы улыўма нәрсеге сәйкес келетуғын жалғыз нәрсеге өтиў болады. Оқыў хызметинде конкретлестириў- улыўма теориялық режени, қәдени, нызамды (грамматикалық, тарийхый) дәлиллейтуғын мысал, иллюстрация, конкрет факт келтириў деген сөз болады. Әҳмийети- ол бизиң теориялық билимлеримизди турмыс пенен, практика менен байланыстырады ҳәм ҳақықатлықты дурыс түсиниўге жәрдем береди. Конкретлесиўдиң болмаўы билимлердиң формаль болыўына алып келеди, бундай билимлер турмыстан ажыралып жалаңаш ҳәм пайдасыз абстракциялар болады.

**Абстракция-**бул ҳақыйқатта өз алдына өмир сүрмейтуғын қубылыстың қандай-да бир тәрепи ямаса аспектин белгилеў (айырыў). Абстракциялаў оларды, әдетте алдын ала өткерилген анализ ҳәм синтез тийкарында еледе тереңирек үйрениў ушын орынланады. Бул операциялардың нәтийжеси сыпатында жийи түсиниктиң қәлиплесиўи шығады.

Тек ғана қәсийетлер емес, ал ҳәрекетлер де, соннан мәселени шешиў усыллары, абстракцияланған болыўы мүмкин.

**Ойлаў менен сөйлеўдиң байланысы.** Егерде, нормаль адамның ойлаўы сөйлеў менен ажыралмас байланыслы болады. Пикир тилсиз, сөйлеўсиз пайда болмайды, жүз бермейди де, жасай алмайды да. Биз өзимизди еситтирип ямаса ишимизден айтатуғын сөзлер арқалы ойлаймыз, яғный ойлаў формасында жүз береди.

**Физиологиялық негизлери**. Мийдиң қабығында сөзлердиң жәрдеми менен пайда болатуғын екинши сигналлық нервлик байланыслар затлардың арасындағы ең әҳмийетли қатнасықларды сәўлелендиреди. И.П. Павловтың көрсеткениндей ақ, сөзлер ҳақыйқатлықтан алаң болыўдан ибарат екенлигинен ҳәм улыўмаластырыўға жол қоятуғынлықтан, ал тап бул нәрсе илимпаздың пикиринше адамзат ойлаўының түп маңызын қурғанлықтан да затлар арасындағы байланысларды ҳәм қубылысларды сәўлелендириў мүмкин болады.

Усыған муўапық түрде мийдиң сол ярым шарының қабығында, үш сөйлеў орайы, еситиў, ҳәрекет етиўши ҳәм көриў орайлары болады. Усындай орайлардың бири (***Вернике деген еситиў орайы***) қабыл етилип атырған сөзлерди түсиниўди тәмийинлейди. Оның жумысы бузылған ўақытта адамда сеслерди сезиў даўам еткени менен адам сөзлерди аңғарыў, танып алыў уқыбын жойытады, усының нәтийжесинде оның түсинип сөйлеў уқыбы да жойытылады. Сөйлеўдиң ***Брока деген ҳәрекет етиўши орайы сөзлерди айтыўды*** тәмийинлейди. Усы орайы бузылған ўақытта адам еситкен сөзлерди түсинседе, бир сөзде айта алмайды, ол тек бақырыў ҳәм сөзсиз қосық айтыў уқыбына ийе болады. ***Көриў орайының жумысы*** жазылған сөзди түсиниўди, оқыўды тәмийинлейди. Ол зыянланған ўақытта адамда көриў сақланып қалса да, ол оқыў уқыбын жойытады.

**Сөйлеў ҳәм оның ўазыйпалары.**

Бири-бири менен қатнас жасай отырып, адамлар сөзлерди қолланады ҳәм анаў ямаса мынаў тилдиң грамматикалық қәделерин пайдаланады. *Тил сөз белгилериниң системасы, адамлардың өз-ара қатнасын әмелге асырыўға жәрдем беретуғын қурал болады. Сөйлеў- бул адамлардың қатнас жасаў мақсетинде тилдиң пайдаланыў процесси болады.* Усы мәниде *тил искусствоның жетискенликлерин беккемлеў ҳәм әўладтан әўладқа мийрас етип қалдырыў қуралы болады.*

Солай етип ***сөйлеўдиң ўазыйпаларының бири- адамлардың арасында қатнас жасаў қуралы ретинде хызмет етиў болады.*** Сөйлеўдиң басқа бир ең әҳмийетли ўазыйпасы жоқарыда қарап шығарылған ойлаў- сөйлеў формасында әмелге асырылады, деген режеде келип шығады. ***Сөйлеў*** (атап айтқанда ишки сөйлеў- биз оның жәрдеми менен иштен ойлайтуғын ишки сессиз сөйлеў процесси) ***ойлаў қуралы болады***.

## Тема. Сезим ҳәм эмоциялар, ерк.

### Жоба

1. **Сезим ҳәм эмоциялар ҳаққында түсиник.**
2. **Эмоцонал жағдайлардың түрлери.**
3. **Сезимлердиң түрлери.**
4. **Мотив ҳәм мотивация.**

Инсанның ишки өмириниң айрықша, жүдә әҳмийетли тәрепин эмоция ҳәм сезимлер ийелейди. Субъект ушын жеке ишки дуньясының ҳақлығы ҳәм анықлығы, биринши гезекте, эмоционаллық шынлық, оның

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

бастан кешириўлери сыпатында көринеди. Бизиң хәр биримиз хәр бир мәўритте белгили бир эмоционал жағдайда боламыз, анаў ямаса мынаў сезимлерди бастан кеширемиз.

Эмоциялардың көп түрлилиги хәммеге белгили-қуўаныш, қапашылық, ашыў, таңланыў, түскинликке түсиў, қәўетерлениў, жек көриў х.т.б. Сезимлер дүньясы бизиң турмысымыздың барлық тәреплерине - басқаларға қатнас, бизиң жумысымыз, сәўбет хәм билиўге киреди. Инсан ис-хәрекетиниң айрықша тараўы-искусство тиккелей инсан эмоциялары хәм сезимлерине қаратылған.

Эмоциялар сүўретлеўши, феноменал планда субъекттиң қоршаған орталыққа, оның менен не жүз берип атырғанына надурыс қатнасын билдиреди. Бул қатнасты бастан кешириў эмоция ямаса сезим есапланады, олар адам менен сол ўақытта не, жағымлы ямаса жағымсызлық жүз берип атырғанлығын билдиреди.

Инсан жеделлиги дереги, ис-хәрекетке ийтермелеўши талап хәм мотивлер тараўында жатады. Олардың қанаатланыўы мақсет қойыў, анық турмыслық мәселелерди шешиўден ибарат. Талаптың қанаатланыўына бағдарланған, қойылған мақсетти әмелге асырылатуғын реал турмыслық шәртлер эмоционал бастан кешириўлердиң хәр қыйлылығын ескертеди. Талаптың қанаатланыў хәм мақсетке ерисиўге жәрдем етиўши шәрт, предмет хәм қубылыслар унамлы эмоцияларды-қанаатланыў, қуўаныш, қызығыўшылық, қозыў х.т.б пайда етеди. Керисинше, субъект тәрепинен талап хәм мақсетлердиң әмелге асырылыўы ушын тосқынлық етеди деп қабылланыўшы жағдайлар кери эмоцияларды хәм уўайымларды-қанаатланбаўшылық, қапашылық, қорқыў, қәўетелениў х.т.б пайда етеди.

Демек, эмоциялардың еки тәрепleме себепши болыўын констатлаў мүмкин-бул бир тәрептен, талаплар менен (мотивация), екинши тәрептен жағдайдың айрықшалығы менен. Эмоциялар бул еки ўақыялар қатары арасында байланыс хәм қатнас орнатады, субъектке хәзирги жағдайда оның талапларының орынланыўы ямаса орынланбаўы хаққында сигнал береди. ҒЭмоциялар-деп жазған еди А.Н.Леонтьев-ишки сигналлар функциясын орынлайды, ишки дегенимизде, олар тиккелей сол предметлик шынлықтың психикалық сәўлелениўи есапланбайды. Эмоцияның өзгешелиги соннан ибарат, олар мотивлер (талаплар) хәм табыс ямаса оған жуўап бериўши ис-хәрекет субъектиниң табыслы әмелге асыўы мүмкиншилиги арасындағы қатнасты сәўлелендиредиҒ.

С.Л.Рубинштейнниң анықлаўы бойынша эмоциялар талаплар (мотивлер)дың өмир сүриўиниң субъектив формасы есапланады. Бул демек, мотивация субъектке оған объект әхмийетлилиги талаплығы хаққында сигнал бериўши хәм оған ис-хәрекетти бағдарлаўға ийтермелеўши бастан кешириў формасында эмоционаллық жағдай түринде ашылады.

Бунда эмоция хәм мотивациялық процесслер теңлестирилмейди. Эмоционал бастан кешириўлер мотивлердиң өмир сүриўиниң жуўмақлық нәтийжелилигинен ибарат. Олар талапларды қанаатландырыў хәм мақсетке ерисиўге таярлайтуғын хәм белгилейтуғын барлық процесслерди сәўлелендирмейди.

Солай етип, эмоциялар-талап хәм мотивлер менен байланыслы хәм субъектке тәсир етиўши қубылыс хәм жағдайлардың әхмийетлилигин тиккелей-сезимлик бастан кешириўлер формасында сәўлелендириўши психикалық процесс хәм жағдайлардың айрықша классы. **Инсан сезими**-бул оның дүньяға, оның не ислеп атырғанына, тиккелей бастан кешириўлерде оның менен не жүз берип атырғанлығына қатнасы.

Эмоциялар ояныў функциясын атқарады-жүз берип атырғанларды бахалаўдан хәрекетке ояныў пайда болады. Бахалаў белгисине (унамлы ямаса унамсыз) муўапық, хәрекет я зәрүрли, керекли нәрсени өзиникине айландырыў, ийелеўге, ямаса сәтсиз хәрекеттиң тоқтаўына, ямаса басқасын таңлаўға бағдарланыўы мүмкин.

Ояныў менен эмоцияның нерв клеткаларының хәм улыўма барлық организмниң жеделлесиўи сыяқлы функциясы тығыз байланыслы. Эмоциялар орайлық нерв системасының хәм оның айырым структураларының ис-хәрекетиниң оптимал дәрежесин тәмийинлейди. Эмоционал процесслердиң көп функциялы системасы тонус регуляцисы хәм индивидтиң жеделлиги есапланады. Эмоционал жағдайдың ис-хәрекеттиң өнимдарлығына-оның темпи хәм ритми- тәсир етиўи-хәр биримизге белгили. Қуўаныш эмоциялары, ис-хәрекет табысына исениў адамға қосымша күш берип, еледе көбирек хәм жедел ислеўге ийтермелейди.

Эмоцияның синтезлеўши функциясы бөлек, ўақыт хәм кеңисликте ўақыя хәм фактлерди бир пүтинликке бириктириў, синтезлеўге мүмкиншилик береди. А.Р.Лурия көрсеткен еди, күшли эмоционал бастан кешириўди туўдырған жағдай менен туўры ямаса тосаттан байланысқан образлар жыйындысы, субъект санасында беккем комплекс пайда етеди. Оның элементлериниң бирин актуализациялаў, айырым ўақытлары субъекттиң еркине қарсы, санасында оның басқа элементлериниң жүзеге шығыўын келтирип шығарады.

Эмоциялар экспрессив (тәсирли) функцияны атқарады. Жийи жағдайда олар периферик характердеги (қызарыў, ағарыў, дем алыўдың тезлесиўи, жүрек урыўы) органикалық өзгерислер менен тәсирли хәрекетлер (мимикада-бет хәрекетинде, пантомимикада-дене ниң хәрекетинде, вокализация-даўыстың интонация хәм тембрында) менен өтеди. Күнделикли турмыста тәсирли хәрекетлерди, биз әдетте,

әтираптағы адамлар кейпияты, эмоционал жағдайындағы өзгерислерди дәл қабыллаймыз хәм халаймыз.

Эмоциялар айрықша функцияны атқарады-олар Ғмәниске мәселени қоядыҒ.

Мысалы, ҒКөплеген табыслы хәрекетлер менен толы күн, адамның кейпиятын түсириўи, онда жағымсыз эмоционал из қалдырыўы мүмкин. Күнделикли тәшўишлер менен бул из онша билинбей турады. Бирақ, адам кейинине қарап, өткен күнди қыялынан өткеретуғын пайытларда, оның кейпияты предметлик дерекке ийе болады-әйне усы ўақыядан онда эмоционал из қалдырғанын көрсетиўши аффектив сигнал пайда болады.

Бундай мәселени шешиў ушын айрықша ишки жумыс керек. (А.Н.Леонтьев)Ғ.

Эмоциялардың атап өтилген функциялары улыўма бир функцияның-ис-хәректтиң ишки ретлесиўиниң хәр қыйлы тәреплери есапланады.

**4. Сезим түрлери хәм формалары.** Инсанның эмоционал дүньясы хәр түрли хәм хәр қыйылы сапада. Эмоционал процесслер ямаса бастан кешириўлерге аффект, әсиресе, эмоция, кейпият, қумар, стресс, сезимлерди киритеди.

**Аффект**-субъект ушын турмыслық әхмийетли тосаттан өзгерислер менен байланыслы хәм саналық ис-хәрекетте кескин өзгерислер хәм тәсирли хәрекетлик көринислер менен өтетуғын күшли хәм салсытырмалы түрде қысқа ўақытлық эмоционал жағдай. Аффектив жағдай саналы ис-хәрекеттиң тоқтаўшылығында, субъекттиң минез-қулқы ушын саналық қадағалаўының бузылыўында көринеди.

Аффект реал жағдайда субъекттиң қәўипли, жийи тосаттан пайда болған жағдайлардан шығыў ушын жол табыўға уқыбы болмағанда раўажланады. Аффект әсте-ақырын таярланыўы мүмкин-кескин кери эмоционал жағдай пайда етиўши жағдайдың қайталаныўы, ол күшли, басқарып болмайтуғын аффектив жарылыўды пайда етиўи мүмкин болған аффектиң аккумуляциясына алып келеди.

Аффект Ғтарайған санаҒ деп аталыўшы феномен менен бирге жүреди, бунда ол пүткиллей арефлексив болып қалады хәм пайда болған аффект жағдайы хәм зорлап жүкленбеген хәрекет пенен өзине тартады. Сананың бузылыўы субъект кейин ала бул аффектти пайда еткен хәм оның өтиў барысының айырым пайтларын еслей алмаўына алып келиўи мүмкин. Аффекттиң алдын алыў ушын әдетте, оны пайда болыў басқышында, яғный оның пайда болыўына тосқынлық жасаў керек. Буның ушын аффект пайда етиўши жағдайлардан узағырақ болыў, шалғытатуғын хәрекетлерди орынлаў, буны ислесе жүз беретуғын қәлемеген ақыбетлерди көз алдына келтириў х.т.б

*Физиологиялық хәм патологиялық* аффекттиң психолого-юридикалық аспекти, жынайы хуқықта өз исине жуўап бере алыў хәм жуўап бере алмаў мәселесине суд психиатриясы курсында тоқтап өтемиз.

Эмоциялардың аффекттен айырмашылығы, узағырақ хәм кем жеделли жағдайды көрсетеди. Эмоциялар жағдайлық характерге ийе, яғный адамның бар болған ямаса мүмкин болған жағдайға, өз ис-хәрекети хәм өз хәрекетлерине баҳалаўшы қатнасын билдиреди. Эмоциялар идиаторлық характерге ийе-олар раел пайда болмаған, бастан кеширген ямаса көз алдына келтирилген жағдайлар хаққында көз алдына келтириўге байланыслы пайда болатуғын жағдай хәм ўақыяларды алды бурын сезиў уқыбына ийе.

Эмоцияның әхмийетли өзгешелиги олардың улыўмаластырыў хәм коммуникацияға уқыплылығынан ибарат. Адамның эмоционал тәжирийбеси оның жеке бастан кешириўлеринен жүдә кең, ол сондай-ақ басқа адамлар менен қатнаста пайда болатуғын эмоционал биргеликте бастан кешириўде қәлиплеседи.

**Кейпият** дегенимиз салыстырмалы түрде әззи көринген, турақлы эмоционал жағдай. Кейпият инсанның барлық минез-қулқына эмоционал рең береди. Егер адамның кейпияты жақсы болса, оның бир нәрсени қабыллаўы ямаса көз алдына келтириўи де унамлы реңде болады.

С.Л.Рубинштейн басқа эмоционал пайда болыўлардан айырмашылықлы түрде кейпияттың еки тийкарғы белгилерин атап өткен. Биринширден, олар предметли емес, ал жеке шахсына, адамның кейпияты жақсы болғанда, ол тек ғана қуўанышлы емес, ал оған қуўанышлы. Екиншиден, кейпият қандай да бир жеке ўақыяға бағышланған, арнаўлы бастан кешириў емес, ал таралған улыўма жағдай.

Кейпият адамның әтираптағыларға қатнасы қалай дүзилиўи, жүз берип атырғанларды қалай қабыллаўы хәм аңлаўы, өз турмысындағы ўақыяларға қандай көз-қараста екенлиги менен белгиленеди.

**Қумар-күшли**, терең, абсолют үстем эмоционал бастан кешириў. Қумар дыққатты жәмлеўде, ойлардың хәм күштиң жыйналыўында, олардың бир мақсетке бағдарланыўында көринеди. Қумарлық адамды пүткиллей қамрап алады, қумарлық сезе отырып адам жәбир шегиўши, қандай да бир күштиң хүкимларлығындағыға уқсап қалады. Қумарлық барлық күшти жыйнап, жәмлеп тек бир нәрсеге бағдарлағаны ушын зыянлы да болыў, бирақ соның менен бирге уллы болыўы да мүмкин. Дүньяда еле хеш бир уллы нәрсе улкен қумарланыўсыз әмелге асырылмаған.

**Стресс** экстремал турмыслық жағдайларда пайда болыўшы, адамнан нерв-психикалық күшиниң мобилизиациясын талап етиўши эмоционал бастан кешириўдиң айрықша формасынан ибарат. Ол қәўип, қорқыныш, өкпелеў жағдайларында х.т.б пайда болады. Стресс психикалық процесслердиң өтиўинде өзгерислерге, эмоционал қозғалысқа, ис-хәрекеттиң мотивацион трансформациясына, хәрекет хәм

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

с...леўдиң бузылыўына алып келеди. Айырым ўақытлары напряжение инсан ис-ҳәрекетине у...мл... ...сир етеди.
Стресс организмниң өмир сүриўиниң өзгериўшең жағдайларына масласыўы ушын зәрүр. Стре... ҳаққындағы тәлиматтың тийкарын салыўшы Г.Сельениң пикиринше, стресс өз раўажланыўында үш басқыштан өтеди- 1) Ғқәўетерлени реакциясыҒ, бунда организмниң қорғаўшы күшлери мобилизицияланады 2) Ғқàрсыласыў басқышыҒ, бунда стрессорға толық масласыў сәўлеленеди 3) Ғҳәлсиреў басқышыҒ егер стрессор күшли болса ҳәм адамға узақ ўақыт тәсир етсе буннан қашыў керек.
Адам стресс пенен өзи қалай гүресиўи мемкин деген сораўға Г.Селе былай жуўап береди ҒФизикалық жеделлик жәрдем береди, бирақ тек буның өзи жеткиликли емес. Ең әҳмийетлиси-жасаў Ғминез-қулық кодексиҒне ийе болыў. Өзиңизге Ғмақсет портҒын табың-бул илажы болғанша көбирек адамларға мийримлилик пайда етеди, көбирек дос арттырың. . .Егер сиз адамларға керек болсаңыз, зәрүр бослаңыз, сиз қутқарылған есапланасызҒ.
**Сезим-**адам тәрепинен шынлықтың предмет ҳәм қубылысларына өз қатнасының бастан кешириўиниң тийкарғы формаларының бири, ол салыстырмалы түрде турақлылық ҳәм беккемлилик пенен ажыралады. Инсан сезими эмоциялардың улыўмаласыўы сыпатында пайда болады-сезимлердиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы турақлы эмоционал қатнаслардың қәлиплесиўин билдиреди. Анық дүзилген жағдайда предметлердиң жағдайлық әҳмийетин сәўлелендириўши жағдайлық эмоциялар ҳәм аффектлерден парықлы рәўиште сезимлер турақлы мотивациялық әҳмийетке ийе қубылысларды айырады.
Жағдайлық ҳәм турақлы эмоционал бастан кешириўлердиң сәйкес емеслиги психологияда сезимлердиң **амбивалентлиги** деген аталған. Бастан кешириўлердиң амбивалентлиги жийи айырым турмыс реалларына ҳәм өткинши жағдайға эмоционал реакцияның турақлы эмоционал қатнаслардың сай келмеўинде пайда болады (мысалы, егер унамлы баҳаланатуғын адамлар, дослар адамға дыққатсыз болса, ашыўы келиўи).
**Әдеп-икрам** (этикалық) сезимлер адамның басқа адамларға, Ўатанға, шаңарағына, өзине болған қатнасын билдиреди. Мораллық сезимге муҳаббат, гуманизм, патриотизм, ҳақыйқатлық, абырой, уят ҳ.т.б киреди. Әдеп-икрам сезимлериниң ҳәр түрлилиги инсан қатнасының көп түрлилигин сәўлелендиреди. Әдеп-икрам сезиминиң ең жоқары формасы-*жақсылыққа муҳаббат*. Этикалық сезимлер инсан минез-қулқын ретлестиреди. Егер ол өзин қәлиплескен минез-қулық нормаларына сай тутса, буннан қанаатланады, өзин исенимли сезеди. Егер оның ҳәрекетлери улыўма белгиленген нормаларға муўапық келмесе, ол қолайсызлық, уят сезеди.
**Уят** тийкарында аңланбаған түрде айыпкершилик сезими жатады, бунда тек ғана өзиңе ашыў емес, ал қабылланған нормаларды ҳәм көрсетпелерди бузыўдан қорқыў бар. Инсан минез-қулқының жоқарғы әдеп-икрамлылық ретлестириўшиси ҳүждан. Этикалық емес ҳәрекетти ислеген адамның жағдайы қандай болатуғынлығы ҳәммеге белгили. Бул уўайымлар Ғҳүждан азабыҒ деп аталып, буның тийкарында гүна ҳәм жат болып кетиў кеселлиги, адамның басқалардан ажыралыўы жатады.
**Интеллектуал (**билиў) сезими адамның дүньяға билиў қатнасы менен пайда болады. Билиў сезиминиң предмети ҳәм билим алыў процесси ҳәм оның нәтийжеси де болыўы мүмкин. Интеллектуал сезимлерге қызығыўшылқ, билиўге қумар, сырды сезиў, таңланыўды жатқарыў мүмкин. Интеллектуал сезимниң шыңы муҳаббаттың ҳақыйқатлыққа улыўмаласқан муҳаббат сезими болады, ол турмыс сырына терең кириўге мүмкиншилик беретуғын үлкен ҳәрекетлениўши күш болады.
**Эстетикалық сезимлер** көркем баҳа ҳәм талғамда көринеди. Адам тәрбия процессинде раўажланған эстетикалық талғамға ийе болса, искуство шығармасы, тәбият картинасы, басқа адамды қабыллағанда өзи ушын жағымлы ямаса жағымсыз эмоцияларды сезеди, оның диапазоны жүдә кең-рәҳәтлениў сезими ҳәм қуўаныўдан-жек көриўге шекем.
Сезимлердиң қәлиплесиўи инсан субъективлигиниң раўажланыўының зәрүр шәрти есапланады. Мотив, идеал, минез-қулық нормалары билиўдиң өзи адам оның менен басшылық етиўи ушын жетерли емес. Тек ғана турақлы сезимлер предмети болып ғана, бул билимлер реал тилек ҳәм ис-ҳәрекет ретлестириўшиси болады.
Инсан сезимлери оның басқа адамлар менен қарым-қатнасына себепши, олар жәмийеттиң дәстүри ҳәм әдети менен ретлеседи. Инсан сезиминиң қәлиплесиў процесси оның ишки дүньясының дүзилиўи процесси менен тығыз байланыслы. Индивидуал раўажланыў процессинде сезимлер жағдайлық эмоциялардан кейин пайда болады.
Инсан сезиминиң пайда болыўының және бир тәрепи-олардың модаллығының айырмашылығы, бастан кешириўдиң сапасы. Инсанның эмоционал өмириниң бул аспекти америкалы психолог К.Изард тәрепинен ислеп шығылған дифференцияллы эмоция теориясында берилген. Ол он фундаментал эмоцияны айырған-қызығыўшылық-қозыў, қуўаныш, таңланыў, қайғы-азап шегиў, ашыў-қәҳәр, жек көриў-жеркениў, жаман көриў-менсинбеў, қорқыў-зәрреси ушыў, уялыў-тартыныў, айып-өкиниш. Дәслепки үш эмоцияны К.Изард унамлыға, қалған жетеўин унамсызға жатқарады.

**Қызығыў-қозыў**-жийи бастан кеширилетуғы унамлы эмоция, ол уқыплар, билимлер, ойлаўлардың раўажланыўында мотивацияның ең әҳмийетлиси есапланады. Қызығыўшылық-бул күнделикли жумысты нормал образда услап туратуғын жалғыз мотивация. Қызығыўшылық-қозыў-бул қамтып алыў, билиўге қуштарлық сезими. Қызығыўшылық эмоциясын сезиўши адамда изертлеў, араласыў, өз тәжирийбесин кеңейтиў, қызығыўшылық оятқан адам ямаса объектке жақынласыў тилеги пайда болады. Интенсив қызығыўшылықта ямаса қозыўда адам өзин көтериңки ҳәм тирише сезеди.

**Қуўаныш** исенимлилик ҳәм әҳмийетлилик сезими менен, қыйыншылықларды жеңиўге уқыплылық сезиў ҳәм өмирден ләззетлениў сезими менен сыпатланады. Қуўаныш өзинен қанаатланыў, этираптағылардан ҳәм дүньядан қанаатланыў менен өтеди. Қуўаныш жийи күш ҳәм энергетикалық көтерилиў менен өтеди. Қуўаныш-бул өз мүмкиншиликлерин әмелге асырғанда пайда болады. Өз мүмкиншиликлерин әмелге асырыўға тосқынлық етиў, бул қуўаныўға тосқынлық етиў деген. Бирақ қуўаныш өмирлик мақсетлерге ерисиўге бағдарланған ой ҳәм ҳәрекетлердиң туўры нәтийжеси болмаўы да мүмкин. Диний көз-қарастан қуўаныш-ең жоқарғы даналық.

**Таңланыў**-өткинши эмоция, ол тез пайда болып ҳәм тез өтип кетеди. Басқа эмоциялардан парықлы рәўиште, таңланыў узақ ўақыт минез-қулықты мотивировать етпейди. Таңланыўдың функциясы субъекттиң табыслы ҳәрекетлерге, жаңа ямаса тосаттан болатуғын ўақыяларға таярлаўдан ибарат.

**Қыйналыў**-ең кең тарқалған кери эмоция, ол қайғы ҳәм депрессияда доминант (үстин) есапланады. Қыйналыўдың психологиялық себеплери күнделикли турмыстағы көплеген проблемалы жағдайларды, талап етиўшилик жағдайларды, басқа да эмоциялар, көз алдына келтириўлерди ҳ.т.б өз ишине қамтыйды. Қыйналыўды бастан кеширiў қайғы, кейпияттың түсиўи, үмитсизлик, жалғызлық, изоляция, түскинлик сыпатында сүўретленеди. Қыйналыў-ҳәм қыйналып атырған адамға, ҳәм әтираптағыларға оған ҳәзир жаман екенлиги ҳаққында хабар береди. Қыйналыў-адам қыйналыўды пәсейтиў ушын, оның себеплерин сапластырыў оған себеп болып хызмет ететуғын объектке өз қатнасын өзгертиў ушын белгили бир ҳәрекетти әмелге асырыўға ийтермелейди. Қыйналыўдың ең аўыр формасы болған қайғының дереги жоғалтыў болады. Ең аўыр қайғы жақын адамыңды жоғалтқанда пайда болады. Қайғы жағдайын адам аўыр бастан кеширеди. Ўатандарлық психологияда адамның қайғына бастан кешириўиниң психологиялық механизми үйренилген. Атап өтиў орынлы, адамның әдеп-икрамлылық раўажланыўында қыйналыў ҳәм оның сарпланыўы жоқарғы руўхый түсиниўдиң шәрти.

**Қәҳәр-күшли** кери эмоция, адам қәлеген мақсетине ерисиў жолындағы тосқынлыққа жуўап ретинде пайда болады. Ашыўдың мақсетлериниң бир-жеке намысына тийиў. Қызығыўшылық ямаса қуўаныў жағдайының бузылыўы, алдаў, еркине қарсы бир нәрсени ислеўге мәжбүрлеў. Ашыўды бастан кеширiўде адам өз күшин сезеди ҳәм ашыў дерегине тасланыўды қәлейди. Ашыў қаншелли күшли болса, субъект өзин соншелли күшли ҳәм энергичный сезеди, физикалық ҳәрекетке талап соншелли күшли болады. Қәҳәрленгенде энергияның мобилизициясы соншелли күшли, бунда адам егер ашыўын қандай да бир жол менен шығармаса, жарылып кететуғынын сезеди. Қәҳәрленгенде ашыў аффект басқышына жетеди.

**Жек көриўшилик** сыяқлы эмоционал жағдай объектти жоқ етиў ямаса оны өзгертиў зәрүрлигин бастан кеширiў менен байланыслы жағдай, бул адам санасында баҳалы әҳмийетли, нормал ҳәм усы нормаллылық фонында қәсийетсиз-кемшиликли кескин келиспеў ақыбети. Материаллық предметлер де, социаллық ҳәрекетлер де, басқа адамлардың ҳәрекетлери де жек көриўшилик пайда етиўи мүмкин. Жек көриўшилик ашыў сыяқлы, өзине қаратылыўы да мүмкин, бунда өзин баҳалаў пәсейеди ҳәм өзин айыплаў пайда болады.

**Жеркениў** адамға өзин жаман көрип атырған адамнан күшлирек, ақыллырақ, қандай да бир қатнаста жақсырақ сезиниў керек болған жағдайлар менен байланыслы. Жеркениў-басқа адам, топар ямаса предметлерден үстинлиги оларды баҳасызландырыў сезими. Жеркениўши адам шетленеди, өзи ҳәм басқалар арасында аралық пайда етеди. Жеркениў, ашыў ҳәм жек көриў сыяқлы қайсы бир мәнисте душпанлылық сезими есапланады. Адам өзи жаман көрген нәрсеге душпанлардай қарайды.

**Қорқыў** эмоциялардың ишиндеги ең күшли ҳәм қәўиплиси. Қәўип ҳаққында хабар бериўши ўақыя, шәрт ямаса жағдай қорқыў себеби болыўы мүмкин. Қорқыў үлкен күш эмоциясы есапланады, ол субъекттиң санасына ҳәм минез-қулқына күшли тәсир көрсетеди. Қорқыў бахытсызлық, исенимсизлик, толық қорғаныўсызлықты алдын ала сезиў сыпатында бастан кешириледи. Адам өзине қәўипти сезеди. Қорқыў жағымсыз сезимнен зәрреси ушыўға шекем болыўы мүмкин. Қорқыў сезиминиң раўажланыўында кишкен ўақтындағы тәрбия үлкен роль атқарады. Гуманистик тәрбия қорқыўды бастан кеширiўди жоққа шығарады, ата-аналар баласын қорқытыўдан тыйып оны қәўиплерден қорқпаўға үйретеди. Қатал, норматив тәрбияда ата-ана балаға өзниң нормалрды бузыў алдындағы қорқынышын өткереди, қорқыўдың зыянлылығы жийи ата-аналар тәрепинен пәсейтирилип жибериледи ҳәм олар биле тура баланы қорқытады.

**Уят** эмоция сыпатында адамды сондай жағдайға салады, ол өзин кишкене, әзи, шарасыз, эмоционал қапа, ҳеш нәрсеге жарамсыздай сезеди. Уялыў ўақтынша, логикалық ҳәм нәтийжели ойлаў уқыбынан

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

а рады, айырым жағдайларда-жеңилиў, сәтсизлик сезимин пайда етеди. Уялыў өз-өзиңе жек ри йда етиўи мүмкин. Инсанның нормал қәлеўлери уялыў пайда етиўши жағдайға түспейди я а қорқынышсыз тәўбе етиўге уқыплылық, күшли, ерикли шахстың раўажланыўында әҳмийетли шәрт есапланады.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**<u>Айып</u>** надурыс ҳәрекет ислегенде пайда болады. Әдетте адамлар қағыйданы бузып ҳәм өз жеке пикирлер шегарасын басып өткенлигин аңлағанда айыплы сезеди. Олар өз мойнына жуўапкершиликти алыўдан бас тартқанда да айып сезеди. Айып әдетте адам өз ҳәрекетин өзи айыплағанда, басқалардың буған қандай қатнаста болғанынан бийғәрез жүз береди. Айып сезими өкиниў, өзин өзи айыплаў ҳәм өз баҳасын пәсейтиў сыяқлы реакцияларды пайда етеди. Айып адам өзиниң жеке жуўапкершилигин сезген жағдайда пайда болады. Айыпты бастан кешириў, Мен қәтелестим, басқаларға ямаса өзиме қарата наҳақ болдым деген қыйнаўшы сезимнен ибарат. Айып социаллық жуўапкершилик тәрбиясында уялыўды толықтырады, бирақ әйне ҳүжданның ояныўы ҳәм раўажланыў психологиялық жетилискенликке тәсир етеди.

Ҳәр қыйлы адамларда эмоция ҳәм сезимлер ҳәр қыйлы әҳмийетке ийе. Эмоционаллық адам темпераментиниң бир тәрепин қурайды. Яғный белгили бир мөлшерде туўма ҳәм нәсиллик негизи менен белгиленеди.

**<u>Инсан сезимлериниң жыйындысы</u>**-бул адамның дүньяға, ҳәм биринши гезекте жеке бастан кешириўлериниң түр ҳәм тиккелей формасында басқа адамларға қатнасы жыйындысы.

Ерк ҳаққында түсиник. Адам актив мақлуқ ретинде тек дөгерек әтираптағы дүньяны қабыл етип, тек оған қандай да бир қатнас жасап ғана қалмастан, ал оның тәсирине жуўап та береди, дөгерек-әтираптағы дүньяға тәсирин тийгизип, оны өз мақсетлеринде жаңаратып өзгертип турады. Бундай ўақытта Адам өзи азлы көпли аңғаратуғын белгили бир мақсетлерди гөзлейди.

Гейде мақсетке ерисиў қыйыншылық туўдырмайды ҳәм күш салыўды талап етпейди (мәселен, китап текшеде жатқан болса ҳәм адамның бос ўақты болса, мәксет- китап оқыў болады ҳ.т.б). Бирақ көбинесе мәксетке ерисиў қыйыншылықларды ҳәм тосқынлықларды жеңип шығыў менен байланыслы болады. Қыйыншылықлар менен тосқынлықлар еки түрли- *сыртқы ҳәм ишки* болады.

*Сыртқы тосқынлықлар* – бул адамның ғәрезсиз емес сыртқы тосқынлықлар, сыртқы кесент, басқа адамлардың қарсылық көрсетиўи, тәбийий тосқынлықлар болады.

*Ишки тосқынлықлар* адамның өзине ғәрезли болады, бул керек нәрсени ислеўди қәлемеўшилик, қарама-қарсы нийетлердиң болыўы, адамның уяңлығы, жаман кейип, ойсызлық пенен ҳәрекет етиў әдети, жалқаўлық, қорқыныш сезими, жорта меншеншилик етиўи ҳ.т.б.

**<u>Ерк -</u> адамның қыйыншылықларды ҳәм тосқынлықларды жеңип шығыўына байланыслы болған мақсетли ҳәрекетлерин жәнe қылықларын белгилейтуғын оның психикалық хызмети болады.**

Тосқынлықларды ҳәм қыйыншылықларды жеңип шығыў еркли күш салыў деп аталатуғын, адамның физикалық, интелектуаллық ҳәм моральлық күшлерин мобилизациялайтуғын нервлик- психикалық қатты күш жумсаўының айырықша ҳалатын талап етеди.

## Тема: Темперамент.

### Жоба:

1. **Темперамент ҳаққында түсиник.**
2. **Темпераменттиң физиологиялық негизлери.**
3. **Темперамент түрлери ҳәм олардың сипатламасы.**
4. **Тәлим-тәрбия процесинде балалардың темпераментлерин есапқа алыў.**

**<u>Темперамент ҳаққында түсиник.</u>** Барлық адамлар өз минез-қулқының өзгешеликлери менен айрықшаланады-биреў шаққан, жигерли, эмоционаллы, басқалар болса-әсте ҳәрекет ететуғын, жай, кимдур-туйық, қапа ҳәм индемес. Сезимлердиң пайда болыў тезлиги, тереңлиги ҳәм күши, ҳәрекеттиң шаққанлығы, адамның улыўма жигерлиги- оның темпераменти- жеке шахс қәсийетинде көринеди.

**Темперамент-** бул адамның психикалық ис-ҳәрекети ҳәм минез-қулқы динамикасын белгилейтуғын оның индивидуал өзгешелиги.

**Темперамент-** бул интенсивликтиң динамикалық сыпатламасы ҳәм реакция тезлиги. Эмоционал қозыўдың дәрежеси ҳәм салдамлылығы, қоршаған орталыққа масласыў өзгешелигине себепши болатуғын адамның туўма өзгешелиги.

Б.М.Теплов темпераментке төмендегидей анықлама береди ҒСол адам ушын характерли, эмоционал қозыў менен, яғный бир тәрептен сезим пайда болыўының тезлиги, екинши тәрептен-олардың күши

менен байланыслы психикалық өзгешеликлер жыйындысы темперамент деп аталадыҒ. Солай етип темперамент еки компонентке ийе-жеделлик ҳәм эмоционаллық. Минез-қулықтың жеделлиги, жигерлиги, умтылыў, тезлик ямаса керисинше жай басарлық ҳәм қос жақпаслық дәрежесин характерлейди. Өз гезегинде эмоционаллық белгини (унамлы ямаса унамсыз) ҳәм модаллық (қуўаныў, қайғы, қорқыў, ашыў ҳ.т.б) анықлай отырып эмоционал процесслердиң өтиўин характерлейди. С.Л.Рубинштейин темперамент ушын адамның тәсиршеңлиги ҳәм оның импульсивлиги (ерксизлиги) әсиресе әҳмийетли, тәсиршеңлик сол адамға тәсир етиўшиниң күши ҳәм турақлылығы менен, ал импульслық-ояныў күши ҳәм ояныўдан ҳәрекетке өтиў тезлиги менен сыпатланады деп атап өткен еди.

Әййемги Грецияда врач Гиппократ темперамент концепциясын усынған еди. Ол темперамент организмниң төрт суйықлығына-қан (латын тилинде сангве), силекей (грекше флегма), қызғыш-сары өт (грекше холе), қара өт (грекше мелайн холе) ҳәм олардың қайсы бириниң қанда көплигине байланыслы деп үйреткен еди. Бул суйықлықлардың араласпасы, деп тастыйықлаған еди Гиппократ, сангвиник, холерик, меланхолик ҳәм флегматик темпераментлери типлериниң тийкарында жатады. ҒТемпераментҒ термининиң өзи латын тилинен Ғ*бөлеклердиң тийисли өз ара қатнасы*Ғ деген мәнини аңлатады.

Темпераменттиң бул тийкарғы түрлери эмоционал жағдайлардың пайда болыў динамикасы ҳәм интенсивлиги бойынша өз ара айырмашылықланады. Холериклер ушын тез пайда болатуғын ҳәм күшли сезимлер тән, сангвиниклер ушын-тез пайда болыўшы, бирақ әззи сезимлер, меланхоликлер ушын-әсте пайда болыўшы, бирақ күшли сезимлер, флегматиклер ушын-әсте пайда болыўшы ҳәм күшли сезимлер тән. Сондай-ақ, холерик ҳәм сангвиникалық темпераменттегилер ушын ҳәрекет шаққанлығы, улыўма ҳәрекетшеңлик ҳәм сезимлерди сыртқа күшли шығарыў (ҳәрекетте, сөйлегенде, мимикада) характерли. Меланхолик ҳәм флегматикалық темпераменттегилерге, керисинше, әсте ақырын қыймылдаў ҳәм сезимлерин әззи көрсетиў тән.

<u>Турмыслық психология көз-қарасынан темпераментлер типин төмендегидей сыпатлаў мүмкин.</u>

**Холерик-** шаққан, айырым ўақытлары шалт, көрсе қызар, сөз, мимика, ҳәрекетлеринде анық көринетуғын күшли, тез алысатуғын сезимлерге ийе, айырым ўақытлары-күйгелек. Күшли эмоционал реакцияларға бейим адам.

**Сангвиник-** шаққан, жедел, ойнақшыған. Барлық тәсирлерге эмоционал жуўап беретуғын, îíøà êүøëè áîëìàғàí ҳәì áèðëè âêèíøèñè òàç àëìàñòûðàòûғын сезимлери сыртқы ìèíåç-қóëқûíäà көринетуғын адам.

**Меланхоликте**- эмоционал тәшўийшлериниң ҳәр түрлилиги аз бирақ, үлкен күш ҳәм олардың узақлылығы менен айырмашылықланады. Ол барлық нәрсеге жуўап бере бермейди, ал егер жуўап берсе, өз сезимлерин онша көрсете бермесе де күшли бастан кеширеди.

**Флегматик-** әсте қыймылдайтуғын, салдамлы ҳәм кең пейил, эмоционал кеўлине тийиў ҳәм өзинен шығарыў жүдә қыйын адам. Ол сезимлерин дерлик сыртқа шығармайды.

Бирақ барлық адамларды усы төрт тийкарғы темперамент бойынша айырыў мүмкин деп ойлаў қәте болар еди. Тек айырым адамлар ғана сол типтиң таза ўәкили есапланады, басқа көпшиликте болса бир неше темпераментлердиң белгилериниң биригиўин көремиз. Бир адамның өзи ҳәр қыйлы жағдайларда ҳәр қыйлы темпераменттиң белгилерин анықлаўы мүмкин.

***Қайсы темперамент жақсы деген сораў қойыўға болмайды***. Олардың ҳәр бири өзиниң унамлы ҳәм унамсыз тәреплерине ийе.

Холериктиң қумарлық, жеделлик, энергиясы, сангвиниктиң шаққанлық, тирешелик, ҳақ кеўиллиги. Меланхоликтиң сезимлериниң тереңлиги ҳәм турақлылығы, флегматиктиң өзин услаўы ҳәм асығыслықтың болмаўы- жеке шахстың қәсийетлериниң баҳалы мысаллары, олардың ийелеўи айрықша темперамент пенен байланыслы. Соның менен бирге темпераментлердиң қәлеген биринде жеке шахстың қәлемеген белгилери пайда болыў қәўипи бар. Мысалы, холерик темпераменти адамды шыдамсыз, шалт, бәрха ҒжарылыўҒларға бейим қылып таслаўы мүмкин. Сангвиник темпераменти жеңилтеклик, пытыраңқы, сезимлердиң тереңлиги ҳәм турақлылығының жетиспеўшилигине алып келиўи мүмкин. Меланхолиялық темпераменттеги адамда жүдә туйықлық, өз бастан кешириўлерине толық шүңгип кетиў, жүдә уялшақлық пайда болыўы мүмкин. Флегматикалық темперамент адамды уяң, қос жақпас, өмирдиң барлық тәсирлерине қатнассыз қылып таслаўы мүмкин.

Темперамент- адамның нерв ис-ҳәрекетиниң жоқарғы типиниң сыртқы көриниси сонлықтан да, тәрбия, өзин-өзи тәрбиялаў нәтийжесинде бул сыртқы көринис бурмаланыўы, өзгериўи, ҳақыйқый темпераменттиң ҒмаскировкасыҒ жүз бериўи мүмкин.

<u>**Темперамент ҳаққында билимниң қысқаша шолыўы.**</u> Темперамент ҳаққында билимниң дөретиўшиси әййемги грек врачы **Гиппократ** есапланады. Ол адамлар төрт тийкарғы Ғорганизмниң ширелериҒ-қан, флегма, сары өт ҳәм қара өт өз-ара қатнасы менен айырмашылықланады деп тастыйықлаған еди. ҒОрганизм ширелериниңҒ өз-ара қатнасы грекше ҒкрасисҒ сөзи менен белгиленген, соң бул сөзди латын тилиндеги ҒсәйкесҒ Ғдурыс илажҒ сөзи менен өзгерткен. Гиппократтың илимине сүйене отырып, және бир белгили антик дәўирдиң врачы ***Клавдий Гален*** темпераментлер типологиясын ислеп шығып, оны өзиниң белгили Ғ--Ғ трактатында баянлаған. Оның тәлиматына муўапық темперамент

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

организмде қайсы бир ширениң көплигине байланыслы. Ол темпераменттиң 13 түрин ажыратқан, бирақ ...ң олар төртеўге келтирилген. Темперамент түрлериниң бул төрт атамасы ҳәммеге жақсы таныс сангвиник (латын тилинен қан), холерик (грек тилинен өт), меланхолик (грек тилинен қара өт) ҳәм флегматик (грек тилинен силекей).

***Иммануил Кант,*** айтқан еди, физиологиялық көз-қарастан, темперамент ҳаққында сөз кеткенде физикалық конституцияны (күшли ямаса әззи) ҳәм комплекцияны (суйық, өмирлик күш жәрдеминде денеде нызамлы ҳәрекетлениўши, буған сондай-ақ бул ширелерди қайта ислеўде ыссы ямаса суўықты киритеди) нәзерде тутады.

Бирақ психологиялық көз-қарастан, жанның темпераменти сыпатында (сезим ҳәм қәлеўлер уқыплылығы), бул қан қәсийетине тийисли көринислер сезим ҳәм тилек ойынлары аналогиясы бойынша денелик ҳәрекетлениўши себеплер менен (бунда қан ең әҳмийетлиси) белгиленген.

Темпераментлер ҳаққында илимниң баслы бөлиниўи-сезим темпераменти ҳәм ҳәрекет темпераменти болып екиге бөлинеди, улыўма төрт темпераментти береди.

Сезим темпераментлерине **Кант** төмендегилерди киритken А) сангвиник ҳәм В) оның қарама-қарсысы-меланхолик. Биринши өзгешеликке ийе, сезимге тез ҳәм күшли тәсир етеди, бирақ сезим тереңге кирмейди (узақ болмайды), екинши темпераментте болса сезимлер кем көринген, бирақ тамырын тереӊ жибереди. Бунда қайғы ямаса кеўил хошлыққа бейимлиликти емес, ал сезимлер темпераменти айырмашылығын аңлаў керек.

Заманагөй психологиялық илимде көпшилик конституцион концепциялар онда адамның психикалық қәсийетлериниң қәлиплесиўинде қоршаған орталық ҳәм социаллық жағдайлардың ролине жетерлише баҳа берилмегенлиги өткир сынға алынады.

***Павловтың*** изертлеўлериниң арқасында ўатандарлық психологияда темперамент ҳаққында белгили дәрежеде адамның туўма минезлемеси себепши болған жеке шахстың қәсийети сыпатындағы түсиник пайда болды. Мысалы Б.Г.Ананьев Хомо сапиенс түри ўәкили сыпатында адамның тийкарғы қәсийетлери тек ғана зейинде емес, ал темпераменттеде көринеди деп есаплаған.

Ўатандарлық психологияда темперамент теориясының раўажланыўына ***Б.М.Теплов*** үлкен үлес қосты. Оның темперамент қәсийетлерин үйрениўге арналған жумыслары, тек ғана темперамент машқаласына заманагөй көз-қарасты белгилеп қоймастан, темпераментти және де экспериментал изертлеў ислеп шығыўы ушын тийкар болды. Теплов темперамент қәсийетлерине психикалық ис-ҳәрекеттиң динамикасын характерлеўши турақлы психикалық қәсийетлерди киритken. Темпераменттиң индивидуал өзгешеликлерин ол темпераменттиң анаў ямаса мынаў ҳәр қыйлы раўажланыў дәрежеси менен түсиндирген.

**Темпераменттиң физиологиялық тийкарлары.** И.П.Павлов ийтлерде шәртли рефлекслердиң ислеп шығылыўы өзгешеликлерин үйрене отырып, олардың минез-қулқындағы ҳәм шәртли-рефлекторлы ис-ҳәрекеттиң кешйиўиндеги индивидуал айырмашылыққа дыққат аўдарған. Бул айырмашылықлар биринши гезекте шәртли рефлекслердиң пайда болыў анықлығы, сондай-ақ, олардың өшиўи өзгешелиги сыяқлы минез-қулық аспектлеринде көринген. Бул жағдай атап өтилген айырмашылықлар тек ғана экспериментал жағдайдың ҳәр қыйлылығы менен түсиндирилмейтуғыны ҳәм бунық тийкарында нерв процесслериниң бирнеше фундаментал қәсийетлери жатырғанлығында деген гипотезаны алға сүриўге мүмкиншилик берди. Павловтың пикиринше, бул қәсийетлерге қозыў, тоқтаў, олардың сабырлылығы ҳәм шаққанлығы күши киреди.

Нерв процесслери күши- бул нерв клеткаларының күшли қозыў ҳәм узақ ўақытлық тоқтаўды бастан кешириў уқыплылығы, яғный нерв клеткаларының шыдамлылығы ҳәм мийнетке жарамлылығы. Нерв процессиниң күши күшли қоздырыўшыларға-күшли қоздырыўшылар күшли нерв системасында, күшли қозыў процессин пайда етеди, әззи нерв системасында-қозыўдың әззи процессин ҳәм тоқтаўды пайдаететуғын тийисли реакцияда көринеди.

Салдамлылық бул нерв процесслериниң пропорционал өз-ара қатнасын нәзерде тутады. Қозыў процессиниң тоқтаўдан басымлылығы шәртли рефлекслердиң пайда болыў тезлиги ҳәм олардың өшиўиниң әстелигинде көринеди. Тоқтаў процессиниң қозыўдан басымлығы шәртли рефлекслердиң әсте пайда болыўы ҳәм олардың өшиўиниң тезлиги менен белгиленеди.

Нерв процесслериниң шаққанлығы-бул нерв системасының сыртқы орталық жағдайлары талабы менен тез жуўап ретинде қозыў процессин тоқтаў процесси менен ҳәм керисинше алмастырыў (өзгертиў) уқыплылығы.

Павлов тәрепинен белгиленген нерв процесслери қәсийетлери нерв системасының типи, ямаса жоқары нерв ис-ҳәрекети типин белгилеўши белгили бир комбинацияларды пайда етиўи мүмкин. Бул тип индивид ушын характерли болған нерв системасының тийкарғы жыйындыларынан-күш, салдамлылық ҳәм жеделликтен, қозыў ҳәм тоқтаўдың өз-ара қатнасынан қуралады. Павловтың пикирше, нерв системасының Гиппократ тәрепинен атап өтилген темперамент типлерине жақын болған төрт

тийкарғы типи бар. Нерв процесслериниң күшиниң көриниўиниң айырмашылықларына қарап күшли хәм әзи, олар өз гезегинде салдамлы хәм шалағай болып бөлиниўи мүмкин. Бунда шалағай типте қозыў тоқтаўдан үстем болады. Сондай-ақ, ең соңғысы күшли салдамлы типлер шаққан хәм қос жақпас болып бөлинеди

Павлов тәрепинен белгиленген нерв системасы типлери тек ғана саны емес, ал тийкарғы сыпатламасы бойынша да темпераменттиң классикалық төрт типине сай

1.Сангвиник-күшли, салдамлы, шаққан тип

2. Флегматик-күшли, салдамлы, аз хәрекетленетуғын (қос жақпас) тип

3. Холерик-күшли, бирақ шалағай, қозыўға салыстырғанда тоқтаў процесслери әзи

4. Меланхолик-қозыў хәм қозыўдың әзи процесслери (әзи тип).

Солай етип, нерв системасы типи дегенде Павлов нерв системасының қоршаған орталық хәм тәрбия тәсиринде аз өзгерген хәм туўма қәсийетлерин түсинген. Нерв системасының бул қәсийетлери нерв системасының улыўма типиниң психикалық көриниси есапланған темпераменттиң физиологиялық тийкарын қурайды.

**<u>Темперамент типлери хәм олардың психологиялық сыпатламасы.</u>** Темперамент типлериниң конкрет көринислери хәр қыйлы. Инсан темпераменти өзгешеликлери тек ғана минез-қулықта көринип қалмастан, билиў ис-хәрекети динамикасы хәм сезим тараўы өзгешелигин белгилейди, инсанның хәрекет хәм қәлеўлеринде, сондай-ақ, интеллектуал ис-хәрекети, сөйлеў өзгешелиги х.т.б сәўлеленеди.

Хәзирги ўақытта биз барлық темпераментлер типлерине толық психологиялық сыпатлама бериў мүмкиншилигине ийемиз. Дәстүрий төрт типке психологиялық сыпатлама дүзиў ушын әдетте темпераменттиң тийкарғы қәсийетлери пайдаланылады. Бул қәсийетлердиң көпшилиги Б.М.Теплов хәм оның шәкиртлериниң мийнетлеринде ашып берилген, соң ўатандарлық илимпазлар изертлеўлеринде кейинги раўажланыўын тапқан. Бул изертлеўлер барысында Теплов тәрепинен усынылған атамалардың айырымлары өзгерген, сондай-ақ жаңа қәсийетлер ашылған. Мысалы, Теплов тәрепинен ҒэмоционалқозыўҒ деп аталған темперамент қәсийети, психологиялық әдебиятта жийи сензитивлик (сезимлилик), ал сыртқы тәсир пайда еткен ерксиз хәрекетлердиң реактивлиги-реактивносить деп аталады. Темпераменттиң басқа да қәсийетлериниң атамалары өзгерген. Соның менен бирге темперамент қәсийетлерине экстраверсия-интроверсияны кирите баслаған. Бул түсиниклер адамның ис-хәрекети хәм реакциясы неден-(сол ўақытта (экстраверсия) пайда болатуғын сыртқы тәсирлерден бе ямаса келешек хәм өтмиш пенен байланыслы (интроверсия) ой, түсиник хәм образлар менен байланыслы болған көпшилик ғәрезли болған) пайда болғанлығын анықлайды.

**<u>Холерик</u>**- бул нерв системасы тоқтаў үстинен қозыўдың басымлылығын анықланатуғын адам, нәтийжеде ол тез, жийи ойланбай хәрекет етеди, өзин тоқтата алмай, ирке алмай қалады, хәрекетлеринде шалт, шаққан шыдамсызлық көрсетип, күйгелеклик, бийбаслық, өзин услай алмаў көринеди. Оның нерв системасының салдамлы болмаўы оның жеделлиги хәм жигерлилигиниң өзгериўинде цикликти белгилейди, қандай-да ис пенен қызығып кетип, ол жан-тәни менен берилип ислейди, бирақ оған күши узаққа жетпейди, күши таўсылған ўақытта ол хәмме нәрсеге қолы суўып қалады. Күйгелеклик жағдай, жаман кейпият, күштиң пәсейиўи хәм уяңлық пайда болады.

**<u>Сангвиник-</u>** күшли, салдамлы, шаққан нерв системасына ийе, шаққан реакция ийеси, оның хәрекетлери ойланған, қуўнақ, усының нәтийжесинде ол турмыс қыйыншылықларына күшли қарсылық көрсете алады. Оның нерв системасының шаққанлығы сезимлердиң, қызығыўшылықлардың, көз-қараслардың өзгериўшеңлигине, жаңа жағдайларға аңсат бейимлесиўге себепши болады. Бул жақсы сәўбетлес адам, жаңа адамлар менен тез тил табысып кетеди, сонлықтан да оның таныслары көп, бирақ ол қарым-қатнас хәм сүйиўшиликте турақлылық пенен айрықшаланбайды. Ол бәрха қозыўда, қызығарлы жумыслар көп болған жағдайда ғана өнимдарлы хызметкер, кери жағдайда ол зеригерли, уяң болып басқа нәрсеге алаң болып кетеди. Стресслық жағдайларда ҒарысланреакциясыҒ пайда болады, яғный өзин ойлап, жедел қорғайды, шараяттың нормалласыўы ушын гүреседи.

**<u>Флегматик</u>**- күшли, салдамлы, бирақ қос жақпас нерв системасына ийе, ақыбетинде жүдә эсте тәсирленеди, онша көп сөйлемейди, эмоциялар эсте-ақырын пайда болады (қуўантыў хәм күлдириў қыйын), жоқары мийнет сүйгишликке ийе, күшли хәм узақ даўам етиўши шимиркендириўшилерге жақсы қарсылық ете алады, бирақ күтилмеген, жаңа жағдайларда тез реакция қайтарыў уқыбына ийе емес. Барлық үйренгенлерин беккем ядта сақлап қалады, арттырылған стереотип хәм уқыпларынан ўаз кешиў қолынан келмейди, жумысын, досларын, турмыс тәризин хәм әдетлерин өзгерткенди жақтырмайды, жаңа жағдайларға қыйын хәм әсте көнлигеди. Кейпияты турақлы хәм бир тегис. Аўыр кеўилсизликлер болған жағдайда флегматиклер сыртқы көринисинен тыныш болып қалады.

**<u>Меланхолик-</u>** нерв системасы әзи, хәттеки күшли болмаған қоздырыўшыларға да жоқары тәсиршеңликке ийе, ал күшли туршиктириўши ҒүзилисҒ ҒбөгетҒ Ғқоян стрессыҒ пайда етиўи мүмкин, сонлықтан да стресслық жағдайларда (имтихан, жарыс, қәўип х.т.б) меланхиоликтиң ис-хәрекиниң нәтийжелери күнделикли турмыстағыдан пәс болыўы мүмкин.

Жоқары сезимталлық тез шаршаў ҳәм искерликтиң пәсейўине алып келеди (көбирек дем алыўды талап етиледи). Әйтеўир себеплер де көз жас, кеўил қалыўды пайда етеди. Кейпияты жүдә өзгериўшең, бирақ әдетте меланхолик өз сезимлерин көрсетпей, жасырыўға урынады, өз тәшўишлерин ҳеш кимге айтпайды, көпшилик жағдайда қапа, түскин, өзине исенимсиз, қәўетерли, онда невротикалық бузылыслар жүз бериўи мүмкин. Бирақ нерв системасының жоқары сезимталлығына ийе бола отырып, меланхоликлер жийи жақсы раўажланған көркем ҳәм интеллектуаллық уқыпларға ийе болады.

Анаў ямаса мынаў ересек адам темпераменттиң қайсы типине ийе екенлигин айтыў қыйын. Нерв системасының типи нәсилден өтетуғын болса да, абсолют өзгермейтуғын болып қалмайды. Ўақыттың өтиўи менен, сондай-ақ системалы шынығыўлар, тәрбия, турмыслық жағдайлар тәсиринде нерв процесслери әззилеўи ямаса күшейиўи, олардың өтиўи тезлесиўи ямаса пәсейиўи мүмкин. Мысалы, балалардың арасында холерик ҳәм сангвинкилер көп (олар шоқ, кеўилли, тез ҳәм жеңил тәсирленеди, жылағаннан соң бир минуттан кейин басқа нәрсеге алаң болып, шақалақ атып күледи, яғный нерв процесслериниң ҳәрекетшеңлиги жоқары). Жасы үлкен адамлар арасында керисинше флегматик ҳәм меланхоликлер басым.

Темперамент- бул адамның жоқары нерв системасының сыртқы кӧриниси, сонлықтан да тәрбия, өзин-өзи тәрбиялаў нәтийжесинде бул сыртқы көринис бурмаланыўы, өзгериўи, ҳақыйқый темпераменттиң ҒмаскировкаҒсы жүз бериўи мүмкин. Сонлықтан да темпераменттиң ҒтазаҒ типлери сийрек ушырасады, анаў ямаса мынаў тенденцияның басым болыўы инсан минез-қулқында барлық ўақытта да көринеди.

**1-таблица. Темпераментлер типлери ҳәм уллы адамлар.**

| Гиппократ бойынша темперамент типлери | Қысқаша минезлеме | И.П.Павлов бойынша нерв системасы қәсийетлери | Уллы инсанлар |
|---|---|---|---|
| Флегматик | Пасив, жүдә мийнеткеш, әсте масласыўшы, эмоциялар әсте көринеди | Тыныш, күшли, салдамлы, кем ҳәрекет | И.А. Крылов<br>М.И. Кутузов<br>И. Ньютон |
| Сангвиник | Жедел, шаққан, аңсат масласады | Тирише, күшли, салдамлы, шаққан | М.Ю. Лермонтов<br>Наполеон I<br>В.А. Моцарт |
| Холерик | Жедел, шаққан, айтқанында туратуғын, эмоцияларын басқара алмайды | Тез қозыўшы, күшли, шалағай, шаққан | Петр I<br>А.С. Пушкин<br>А.В. Суворов<br>М. Робеспьер |
| Меланхолик | Пассив, тез шаршайды, қыйын масласады, жүдә сезимтал | Әззи, шалағай, шаққан ямаса кем ҳәрекет | Н.В. Гоголь<br>П.И. Чайковский |

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**Ис-ҳәрекетте темпераменттиң роли.** Ҳәр бир ис-ҳәрекет инсан психикасы ҳәм оның динамикалық өзгешеликлерине белгили бир талап қояды, барлық ис-ҳәрекет ушын жарамлы темпераменттиң өзи жоқ. Образлы түрде сүўретлеў мүмкин, холерикалық темпераменттеги адамлар жедел, тәўекелшиликли (жаўынгер), сангвиниклер-шөлкемлестириўшилик жумыслары ушын (сиясатшылар), меланхоликлер-илим ҳәм искусствода, дөретиўшилик жумыслар ушын (ойшыллар), флегматиклер-жоба менен ислейтуғын ҳәм өнимдарлы ис-ҳәрекетлер ушын (дөретиўши) жарамлы. Бир неше кәсип ҳәм жумыслар ушын адамның белгили бир қәсийетлери қадаған етилген, мысалы, ушыўшы-истребитель ушын жай басарлық, қос жақпаслық, нерв системасының әззилиги. Демек, флегматик ҳәм меланхоликлер бундай жумыс ушын жарамсыз.

Мийнет ҳәм оқыўда темпераменттиң роли соннан ибарат, оннан ҳәр қыйлы қолайсыз жағдай, эмоциоген фактор, педагогикалық тәсир пайда ететуғын психикалық жағдайлардың жумысына тәсирине байланыслы. Темпераменттен нерв-психикалық басым (мысалы, жумысқа баҳа бериў, жумысты қадағалаўды күтиў, жумыс пәтин жеделлестириў, тәртип-интизамлық тәсирлер ҳ.т.б) дәрежесин белгилеўши ҳәр қыйлы факторлардың тәсирине байланыслы.

Темпераменттиң ис-ҳәрекет талапларына масласыўының төрт жолы бар.

*Биринши* жолы-кәсиплик таңлаў, оның ўазыйпаларының бири-бул жумысқа зәрүрли темперамент қәсийетлерине ийе болмаған адамларды жолатпаў. Бул жол тек ғана жеке шахсқа күшли талап қоятуғын кәсипке таңлаўда әмелге асырылады.

Темпераменттиң ис-ҳәрекетке масласыўының *екинши жолы* адамға қойылып атырылған талаптың, жумыстың жағдайды ҳәм усылларының индивидуаллығынан ибарат.

*Үшинши жолы*-темпераменттиң ис-ҳәрекетке унамлы қатнасын қәлиплестириўи ҳәм тийисли себеплер арқалы темпераменттиң кери тәсирин жеңиўден ибарат.

Темпераменттиң ис-ҳәрекет талапларына масласыўдың төртинши, тийкарғы ҳәм ең кең таркалған жолы-оның индивидуал стилин қәлиплестириў. Жумыстың индивидуал стили дегенимизде ҳәрекеттиң сол адам ушын характерли ҳәм ис-ҳәрекеттиң нәтийжели жуўмағына ерисиўди тәмийинлейтуғын жеке өзгешеликке ийе усыллар системасы ҳәм ҳәрекетлер усылы түсиниледи.

Темперамент минез-қулық ҳәм қарым-қатнас усылларында из қалдырады, мысалы сангвиник дерлик барлық ўақытта сәўбетте инициатор болады, таныс емес адамлар арасында өзин еркин сезеди, жаңа өзгеше жағдай оны тек қоздырады, ал меланхолик болса керисинше қысынады, жаңа жағдай, жаңа адамлар арасында албырап қалады. Флегматиклер де жаңа адамлар менен қыйын тил табысады, өз сезимлерин аз көрсетеди ҳәм узақ ўақытқа шекем кимдур оның менен таныспақшы екенлигин аңламайды. Ол муҳаббат қатнасларын дослықтан баслаўға бейим ҳәм ақыры, бирақ жылдам метаморфозларсыз сүйип қалады, өйткени онда сезимлер ритми пәсейген, сезимлер турақлылығы оны бир адамды жақсы көриўши етип қояды. Холерик, сангвиниклерде болса, керисинше, муҳаббат жийи жарылыў сыяқлы, бир қарастан пайда болады, бирақ жүдә турақлы болмайды.

Инсан жумысының өнимдарлығы оның темпераментиниң өзгешелиги менен тығыз байланыслы. Егер жумыста бир талап түринен екиншисине тез-тез өтип турыў, шешим қабыллаўда оперативлик талап етилсе, сангвиниктиң айрықша шаққанлығы қосымша нәтийже бериўи мүмкин. Флегматик ҳәм меланхоликлер керисинше, холерик ҳәм сангвиниклерге салыстырғанда қатал регламентация ҳәм бир қәлиптеги жумыста үлкен өнимдарлық ҳәм шаршаўға қарсылыққа ийе.

Минез-қулықлық қатнаста темпераменттиң ҳәр қыйлы типиндеги адамлардың реакциясы өзгешелигин алдын ала көриў ҳәм оларға адекват дыққат қаратыў мүмкин ҳәм шәрт. Атап өтиў керек, темперамент минез-қулықтың мазмунлық емес, ал тек ғана динамикалық сыпатламасын белгилейди. Бир темперамент тийкарында ҳәм ҒуллыҒ ҳәм социаллық санда жоқ шахс болыўы мүмкин.

И.П.Павлов жоқары нерв ис-ҳәрекетиниң және үш Ғҳақыйқый инсанылық типлерҒин атап өткен, олар-ойлаўшылық, көркем, орташа. Ойлаўшы тип ўәкиллери (шеп ярымшарының екинши сигналлық системасы басым) ақыллы, турмыслық қубылыслардың толық анализине, конкрет емес абстракт ойлаўға бейим. Бул типтеги адамлар әдетте математика, философия менен қызығады, оларға илимий жумыслар унайды.

Көркем типтеги адамларда (шеп ярымшарының биринши сигналлық системасы басым) ойлаў образлы, оған жоқары эмоционаллық, қыялдың айқынлығы, ҳақыйқатлықты қабыллаў тиришелиги ҳәм тиккелейлиги из қалдырады. Оларды биринши гезекте искусство, театр, поэзия, музыка, жазыўшылық ҳәм көркем өнери қызықтырады. Олар қарым-қатнастың кең шеңберине тырысады. Ал ойлаўшы типтеги адамларды, скептикалық түрде ҒқурғақҒ сыпатында баҳалайды. Көпшилик адамлар (80 процентке шекем) Ғартын орталықҒқа, орташа типке жатады. Олардың минезинде азғана рационал ямаса эмоционал баслама бар ҳәм бул кишкене балалық дәўириндеги тәрбияға, турмыслық жағдайларға байланыслы. Бул 12-16-жасларда көрине баслайды, бираз өспиримлер ўақтының көпшилигин әдебият, музыка, искусствоға бағышласа, басқалар-шахмат, физика, математикаға бағышлайды.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

Заманагөй изертлеўлердиң тастыйықлаўынша, оң ҳәм шеп ярым шарлар спецификалық функцияларға ие ҳәм анаў ямаса мынаў ярым шардың басымлығы инсан шахсының индивидуал өзгешеликлерине анағурлым тәсир көрсетеди.

**7. <u>Темпераменттиң экстраверсия-интроверсия менен өз-ара қатнасы.</u>** Айзек басқа авторлардың көплеген жумысларына изертлеўлер ҳәм анализлер өткериў нәтийжесинде жеке шахс структурасының фундаментал параметрлери **ҒневротизмҒ** ҳәм **Ғэкстраверсия-интроверсияҒ** екенлигин көрсеткен.

Белгили психолог К.Юнг адамларды жеке шахс склады бойынша экстраверт (Ғсыртқа муражаат еткенҒ) ҳәм интровертлерге (Ғөз ишине муражаат еткенҒ) деп бөлген. Экстравертлер сәўбетлес, жедел, оптимист, шаққан, оларда ЖНҲ типи күшли, темпераменти бойынша олар сангвиник ямаса холериклер. Интровертлер аз сөйлейтуғын, басық, ҳәммеден ажыралған, өз ҳәрекетлеринде тек өз түсинигине тийкарланады, шешим қабыллаўға шынтлап қарайды, өз эмоцияларын қадағалайды. Интровертлерге флегматик ҳәм меланхоликлер киреди. Бирақ өмирде таза экстраверт ямаса интроверлер сийрек ушырасады. Бизиң ҳәр биримизде бул екиўиниң де көринислери бар, бул нерв системасының туўма қәсийетлеринен, жас, тәрбия, турмыслық жағдайларға байланыслы. Таң қаларлығы, экстравертлерде оң ярымшары баслаўшы есапланады, буны бираз сыртқы пишининен де аңлаў мүмкин-олардың шеп көзи көбирек раўажланған, шеп көзи ашығырақ ҳәм мәнилирек (адамның нерви атанақ тәризинде жүреди, яғный оң ярымшардан дениниң шеп тәрепине ҳәм шеп ярымшардан-дениниң оң тәрепине). Интровертлерде шеп ярымшар баслаўшы есапланады.

Экстраверсия жоқары невротизм менен бирге холерик темпераментиниң пайда болыўына себепши, Ғинтроверсия+невротизмҒ меланхолик темпераментин белгилейди, невротизмниң қарама-қарсысы-эмоционал турақлылық, салмақлылық экстраверсия менен биргеликте сангвинистикалық минез сыпатында көринеди, ал интроверсия менен бирге флегматикалық сыяқлы.

Таң қаларлығы, қарама-қарсы темпераменттеги адамлар беккем ҳәм келисимли шаңарақ қурады, мысалы, қозыўшы холерик ҳәм тыныш флегматик, сондай-ақ қапа меланхолик ҳәм кеўилли сангвиник-олар бир-бирин толқтырады, бири-бирине керек. Дослық қатнасықларда көбинесе бир темпераменттеги адамлар тил табысады (еки холериктен тысқары олар, екеўиниң де шыдамсызлығы себепли тез-тез урысады).

Сондай-ақ, флегматиклер ең универсал партнер сыпатында анықланған, өйткени оларды қәлеген, өзиникинен басқа темпераментлер (көпшилик авторлардың пикиринше, еки флегматик жубы жүдә сәтсиз шыққан) қанаатландырады.

Айзенк Ғэкстраверсия-интроверсияҒ параметрлери тийкарының физиологиялық параметрлерин анықлаўға урынған, ол Павлов гипотезасына тийкарланып, экстравертленген минез-қулық қозыўдың күшли тоқтаў потенциалының пайда болыўы менен белгиленеди, сол ўақытта интровертлер болса минез-қулқы тоқтаў потенциал әззилигиниң ҳәм қозыў потенциалы күшиниң нәтийжеси деп есаплаған. Айзенк усының тийкарында экстраверт ҳәм интровертлерге бөлинетуғын экспериментал белгилерди анықлаған.

| | **Интроверт** | **Экстраверт** |
|---|---|---|
| Қабыллаў ригидлиги | Күшли | әззи |
| Өжетлик | Үлкен | Кишкене |
| Умтылыўшылық дәрежеси | Бийик | Пәс |
| Үйирсеклик | Пәсейген | Жоқарылаған |
| Шәртли байланыслардың пайда болыўы | Тез | Әсте |
| Қабыллаўдағы константлық | Пәс | Жоқары |

Атап өткенимиздей, факторлық анализдиң басқа ўәкиллери факторлардың көпшилик санын-жеке шахс белгилерин анықлаған.

Адамлардың нормал психологиялық сыпатламасы сыяқлы факторларға (жеке шахс белгилери) бир неше мысаллар келтиремиз. А факторы эмоционал бастан кешириўлер динамикасының өзгешелигин сүўретлейди. Бул фактор бойынша жоқары баҳалы адамларды эмоционал көринислердиң байлығы ҳәм айқынлығы, минез-қулқының тәбийғыйлығы ҳәм еркинлиги, бирге ислесиўге таяр турыўшылық, әтираптағыларға дыққатлы ҳәм жақсы қатнас, кең пейиллик ҳәм кеўилшеңлик айырықшалайды. Олар жәмәәтте жақсы келиседи, қатнаслар дүзиўде жедел. Қарама-қарсы полюста (фактор бойынша пәс баҳа) аффекттың уяңлығы, тирише эмоциялардың болмаўы сыяқлы белгилер әҳмийетке ийе. Бул адамлар суўық, қатал, қарым-қатнаста формал. Олар адамлардан бөлекленеди, китап ҳәм затлар менен қатнаста болғанды тәўир көреди, бир өзи ислегенди унатып, жәмәәтлик илажларға қосылмайды. Исте дәл, ўазыпасын анық орынлайды, бирақ жетерлише ийкемшил емес. Е факторы-доминантлық (өжетлик, қайсарлық)-конформность (покорность, ғәрезлилик). Фактор бойынша жоқары баҳалар ҳәкимшилик, өз бетиншеликке (еркинлик), ғәрезсизликке умтылыўшылық, социаллық жағдайлар ҳәм ҒабыройлыларҒды

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

м... синбеўди көрсетеди. Бул адамлар қорықпай, энергиялы ҳәм жедел ҳәрекет етеди. Өз жеке нызам... ар... ...м түсиниклери менен, агрессив түрде еркин ҳуқықларын қорғай отырып жасайды ...м этираптағылардан да өз бетиншелик көрсетиўин талап етеди. Бул фактор бойынша төмен баха алыўшы адам, айтқанға жүретуғын, комфортлы, өз көз-карасында тура алмайды, күшлирек адамның изине ереди, өзине өз уқыбына исенбейди, сонлықтан жийи ғәрезли болып қалады, айыпты мойнына алады, барлық ўазыйпаларға бағынады. I ôàêòîðû ìîðàëëûқ òàëàïëàðäû ñàқëàўғà óìòûëûўäû ñûïàòëàéäû. Ôàêòîðäûң æîқàðғû әҳìèéåòè ïîëñûíäà жуўапкершилик, ўазыйпаны орынлаў, шын кеўиллик, мораллық принциплердиң күшлилиги, ригидлық, бахалылықлардың тоқтаўы сыяқлы сезимлер турады. Бул фактор бойынша төмен бахаға ийе адам, турақсызлық, бахалылықлардың өзгериўине бейим, баслаған исин тез таслайды.

Медицина тараўы қәнигелери ҳәм ислеп атырған шыпакерлер тәрепинен темпераменттиң ҳәр бир типи ушын адамлардың аўқатланыў тийкары ислеп шығылған. Бирақ соны да айтып өтиў керек, алынған изертлеўлер илимий-тастыйықланған емес, ал көбирек статистикалық характерге ийе. Ҳәр бир адам өзи типин анықлап алып, бул мағлыўматларды ҳәм өзиниң гастрономиялық қәлеўлерин салыстрып көриўи мүмкин.

Холерик ҳәм сангвиниклерге пайдалы

- Специялар кориандр, корица, укроп, сельдерей, семечкалар (ас қабақ ҳәм айғабағар), ревень, изюм, чернослив, маслина, замаррықлар.
- Мийўелер қара жүзим, мазалы алма, алмурт, кәрели, анар, фиги, әнжир, ананас, қаўын.
- Палызлар көк нокат, салат, брюссель капустасы, спаржа, кабачки, қыяр, реңли капуста, түрпи, жас картофель, шпинат, аз-ғана помидор, горох, мәш, лобия (чечевица емес).
- Дән өнимлери ақ ҳәм сур нан, манна ҳәм сулы ботқасы, лапша, макаронлар.
- Жармалар арпа, гүриш.
- Майлар дузланбаған сары май, оливкя, соя майлары.
- Сүт өнимлери творог, сүт.
- Гөш қара мал, ешки, шөже, таўық, түйе таўық, ғаз.
- Балық сельдь, теңиз, хәўиз ҳәм дәрья балығы.

Егер холерик ямаса сангвиник дени саў болса, оларға пияз, чеснок (жүдә көп емес, май менен бирге, жақсысы винегрет, котлетлер менен), ғозалар (аз муғдарда), греча (көп емес), қара нан (бирақ бийидай наннан аз), шошқа гөши (арасында), қатық (кешкурын бир стакан), колбаса (жийи), лимон (тек чайда), ашшы алма, капуста (аз муғдарда), гешир (жақсысы салатта), ғарбыз (ҳәр күни емес), бал (тек чайға).

Егер сангвиник ямаса холерик аўырып қалса, ол қатал диетаға өтеди.

<u>Флегматик ҳәм меланхоликлерге пайдалы</u>

- Специялар гвоздика, корица, имбирь, шафран, тмин, лавр жапырағы, қызыл ҳәм әсиресе қара бурыш, горчица, хрен, көк чай, изюм, чернослив, сухофрукты, ревень, ғозалар (аз муғдарда), замаррықлар, маслина (аз муғдарда), сельдерей, петрушка, пияз, чеснок.
- Мазалы затлар бал.
- Мийўлер алмалар (антоновка, гольден), алмурт, анар, хурма, жемислер (әсиресе жабайы өсиўши), ериклер, шийе.
- Палызлар брюссель ҳәм реңли капуста, кабачки, гешир, баклажан, жас картофель, редиска, шпинат, ләблеби, жас түрпи, салғам, горох, чечевица.
- Дәнлер арпа, сулы.
- Дән өнимлери манна ботқасы, лапша, макарон, тары, сулы печеньеси (бирақ сулы ботқасы емес, ол флегматиклерге қадаған), греча (аз муғдарда), мәкке, гүриш (аз муғдарда), сондай-ақ мәйек сары уўызы.
- Гөш жас мал, мал баўыры, шөже.
- Балық сельдь аз дузлы (суўда жибитилген), теңиз балығы, икра.
- Май күйдирилген, дузланбаған, айғабағар, мәкке (аз муғдарда).
- Сыр қәлеген, бирақ таза таярланған емес
- Сүт-қатық өнимлери (аз муғдарда) ешки сүти, иримшик.

## Тема: Характер.

**Жоба:**

1. **Характер хаққында түсиник.**
2. **Характер машқаласын үйрениў тарийхынан.**
3. **Характер дүзилиси.**

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**4. Характер акцентуация ҳәм оның түрлери.**
**5. Характерлердиң қәлиплесиўи ҳәм оны тәрбиялаў.**

**<u>Характер ҳаққында түсиник.</u>** ҒХарактерҒ деген сөз биз оны қайсы ўақытта қолланамыз. Биринשиден, адамның минез қулқын баҳалаған ўақытта. Екиншиден, усы адамның минезқулқының ол ушын тосынан пайда болған өзгешеликлери туўралы емес, ал оның ушын турақлы, үйренишикли болып қалған минезқулық формалары туўралы сөз болған ўақытта. Үшиншиден, биз адамның жеке келбетин, оның дүньяға деген қатнасын билдиретуғын минез-қулық формалары туўралы сөз болғанда ҒхарактерҒ деген сөзди қолланамыз

Адамлар дөгерек-әтираптағы дүньяға: басқа адамларға, коллективке, мийнетке, өзине-өзи ҳәрқыйлы қатнас жасайды ҳәм усының менен бири-биринен парық етеди. Усы қатнас адамның минез-қулқында, ис-ҳәрекетинде билинеди.

**Характер-бул жеке адамның ең әҳмийетли қәсийетлериниң дара бирикпеси болып, ол адамның дөгерек-әòèðàïòàғû äóíüÿғà æàñàéòóғûí қàòíàñûí көрсетеди ҳәм оның минез-қулқында, ис-ҳәрекетлеринде билинеди. Үйреншикли формаларында беккемленген қатнас болады.**

Мәселен, егерде биз қайырқомлық усы адамның характериниң өзгешелиги, деп атап көрсетсек, усының менен биз оның адамларға жасайтуғын қатнасы қандай ҳәм бир ўақыттың өзинде белгили бир жағдайдағы оның минез-қулқы қандай екенин демек, тийисли жағдайларда оннан қандай қылықларды күтиўге болатуғынын көрсетип беремиз.

Характер жеке адамның басқа тәреплери, атап айтқанда темпераменти ҳәм уқыплары менен өз-ара байланыслы болады. Темперамент характердиң жүзеге келиў формасына тәсир жасай отырып, оның анаў ямаса мынаў белгилерин өзине тән түске енгизеди. Мәселен, холериктиң табанлылығы ғажжа-ғаж хызметинде, флегматиктики салдамлы исшеңлигинде билинеди. Мийнет сүйгишлик те усылай болады, холерик жеделли, қумарланып, флегматик бир қәлипте ҳәм асықпастан мийнет етеди. Басқа жағынан, темпераменттиң өзи де характеридиң тәсири астында қайта дүзеледи, күшли характерли адам өз темпераментиниң гейпара унамсыз тәреплерин тыйып, оның жүзеге келиўин қадағалап тура алады.

Уқыплар да характер менен ажыралмас байланыслы болады. Жоқары дәрежедеги уқыплар характердиң топар менен бирлик сезими ҳәм оның ийгилиги ушын жумыс ислеў тилеги, өзине қатты талапшаң болыўшылық сыяқлы белгилери менен биригип кетеди. Уқыплардың дәрежеси қыйыншылықларды табанлы түрде жеңип шыға алыўшылық, сәтсизликлердиң тәсири астында руўхы түсип кетпеўшилик, шөлкемлескенлик пенен ислеп, инициатива көрсете алыўшылық пенен байланыслы болады.

**Характердиң физиологиялық негизлери.** И.П. Павловтың тәлийматына муўапық, адмның үйреншикли минез-қулқы- бул адамның дөгерек-әтираптағы социаллық орталықтың қайта-қайта тәкирарлана беретуғын тәсирлерине беретуғын, қатты беккемленип қалған жуўапларының системасы болады.

Характердиң физиологиялық негизлери-нерв системасы типиниң белгилериниң ҳәм жеке турмыс тәжрийбесиниң, тәрбияның нәтийжесинде қәлиплескен ўақытша байланыслардың қурамалы турақлы системаларының қосындысы болады.

**Характердеги типик ҳәм жеке нәрсе.** Жоқарында айтылғанлардан характер мийрас етип алынбайтуғын ҳәм ол жеке адамның тәбийий, сондай-ақ турақлы ҳәм өзгермейтуғын қәсийети болмайтуғыны анық. Характер дөгереке-әтираптағы орталықтың, адамның турмыс тәжрийбесиниң, оның тәрбияланыўының тәсири астында қәлиплеседи ҳәм раўажланады. Усы тәсирлер, биринשиден, **жәмийетлик-тарийхый** (ҳәрбир адам белгили бир жәмийетлик-тарийхый дүзим, белгили бир социаллық орталық шәраятларында жасайды ҳәм олардың тәсири астында жеке адам ретинде қәлиплеседи) ҳәм екиншиден **дара өзине тән** (ҳәр бир айырым адамның турмыс хызмет шәраятлары, оның өмир жолы өзине тән және тәкирарланбайтуғын болады) тәсирлер болады. Сонлықтан да ҳәрбир адамның характери оның жәмийетлик аўҳалы менен де, жеке, дара турмысы менен де белгиленеди.Турмыстың ҳәм хызметтиң барысында ҳәрбир адамда характердиң жеке белгилери де қәлиплесип және раўажланып барады.

**Характердиң белгилери.** Адамның ҳақыйқатлыққа қатнас жасаўды жүзеге келетуғын адам минез-қулқының жеке үйренишикли формаларын характердиң белгилери деп түсинеди. Характердиң белгилерин тийкарғы еки топарға бөлиў қабыл етилген.

**Биринши топарды** характердиң жеке адамның бағдарланыўшылығын билдиретуғын белгилери, яғный ҳақыйқатлыққа жасалатуғын қатнаслар системасы (жәмийетке, коллективтиң ағзалары ретинде басқа адамларға қатнас жасаў, өзине-өзи, өзиниң жеке келбетине қатнас жасаў) қурайды.

Усыған муўапық түрде характердиң белгилериниң **екинши топарын-** ерклилик белгилерин айырып шығарады. Адамда характердиң ерклилик белгилериниң раўажланыўына қарай күшли ҳәм ҳәлсиз характер туўралы сөз етиледи. Босаңлық улыўма алғанда ҳәтте унамлы бағдарланыўшылық болған жағдайда да характерге унамсыз баҳа береди. **Жәмийетликте, коллективте, басқа адамларға қатнас жасаўды билдиретуғын характердиң белгилери.**

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**Коллективизм-** характердиң бир белгиси болып, ол адамның коллективте болыўға, оның турмысына қатнасыўға, ол гөзлеген мақсетлер ушын гүресиўге коллективтиң барлық ағзаларына жолдаслық жәрдем көрсетиўге умтылыўына билдиреди.

Характердиң коллективизмге қайшы келетуғын унамсыз белгиси **өзимшиллик** болады. Өзимшил адамның ис- ҳәрекетин өз қара басының мәплерин гөзлеўшилик, биринши гезекте өз қара басының пайдасы туўралы ғамхорлық етиўге умтылыўшылық бағдарлап турады.

**Қайырқомлық**-адамларға олардың, сезимлерине, машқалаларына дыққатлы, мийирманлық, абайлылық пенен қатнас жасаў, адамға жәрдем бериўге мудамы таяр турыўшылық анаў ямаса мынаў жағдайда қандай жәрдем керек екенин пәмлей алыўшылық болады.

Адамларға жарамас, қайырқомлықсыз қатнас жасаўда билдиретуғын характердиң унамсыз белгиси-**турпайылық**, мектеп жасында минез-қулықтың кең таралған кемшилиги болады.

Адамның жәмийетке ҳәм басқа адамларға жасайтуғын қатнасын билдиретуғын характердиң ең әҳмийетли белгилериниң бири **ҳадаллық** болады. Ис-ҳәрекетиниң минсиз таза болыўы ҳадал мийнет ушын характерли болады.

**Характердиң мийнетке қатнас жасаўды билдиретуғын белгилери**. Характердиң мийнет етиў тилегин билдиретуғын белгисин **мийнет сүйгишлик** деп атайды.

**Характерди қәлиплестириў ҳәм оны тәрбиялаў.** Адам характериниң қәлиплесиўинде тәбийий ҳәм сойиаллық нәрсениң усындай өз-ара қатнасын мақулламаўға болады, ал И.М.Сеченовтың өзи де тап усы санларға айырықша әҳмийет бермеген шығар, бәлким. Бирақ, ол сойиаллық факторлар характердиң қәлиплесиўинде биологиялық факторларға қарағанда теңи-тайы жоқ анағурлым әҳмийетли роль атқарады, дегенде пүткиллей ҳақлы еди.

Характердиң қәлиплесиўи қаршадай балалық дәўиринен басланады. Характерди тәрбиялаўдың ең әҳмийетли қуралы- **мийнет** болады. **Тәрбияшының жеке үлгиси** де характерди тәрбиялаўға тәсир жасайды. **Өзин-өзи тәрбиялаў**-анағурлым үлкен жастағы адамларда қәлиплескен болады.

## Уқыплылық.

### Жоба:

1. **Уқыплылық ҳаққында түсиник.**
2. **Уқыплылықлардың теориялары.**
3. **Уқыплылықлардың түрлери ҳәм олардың характеристикасы.**
4. **Талант, зейин, нәсиллик.**
5. **Уқыплылықлардың раўажланыўы.**

**Уқып.** Адамның қандай да бир хызметке уқыбы бар екени туўралы айтыўға не тийкар бола алады. Буған еки көрсеткиш, хызметти меңгериў тезлиги ҳәм жетискенликлердиң сапасы тийкар болады. Егерде адам, бириншиден, қандай да бир хызметти тез ҳәм табыслы меңгерсе, тийисли уқыпларды ҳәм көнлигиўлерди басқаларға қарағанда аңсат ийелеп алса, ал, екиншиден, орташа дәрежеден анағурлым жоқары жетискенликлерге ериссе, оны уқыплы деп есаплайды.

Бул неден ғәрезли болады. не ушын басқа да барлық тең жағдайларда бир адамлар басқа бир адамларға қарағанда қандай да бир хызметти тезирек ҳәм аңсатырақ меңгерип алады және онда көбирек табысларға ериседи. Мәселен ҳәрбир хызмет адамның психикалық процесслерине анализаторлардың жумысына, тәсиршеңлик тезлигине, жеке келбетиниң қәсийетлерине белгили бир талапларды қоятуғынында болып отырады. Бир адамлар тийисли сыпатларға ийе болыўы, ал басқа биреўлеринде олар босаң раўажланған болыўы итимал. Егерде адамлар тийисли хызметтиң талапларына ең көп дәрежеде жуўап беретуғын жеке-психологиялық өзгешеликлерге ийе болса, усы нәрсениң өзи олар усы хызметке уқыплы дегенди билдиреди.

Уқыплылық - бул адамның усы хызметтиң талапларына жуўап беретуғын ҳәм оны табыслы түрде орынлап шығыўының шәрти болатуғын жеке-психологиялық өзгешеликлери болады.

**Шахстың уқыплары ҳәм зейинлери.** Зийреклик ҳаққында тийкарғы түсиниклерди белгилеўде ҒуқыплылықҒ түсинигинен келип шығыў қолайлырақ. ҒУқыплылықҒ түсинигинде оны практикалық ақыллы контекстте қолланғанда мениңше үш қәсийет киреди.

**Бириншиден,** уқыплылық деген бир адамды екиншисинен өзгешелендиретуғын *жеке-психологиялық айырмашылықлар* көзде тутылады, барлық адамлар теңдей болған қатнаста, қәсийетлер ҳаққында ис жүрген жерде хеш ким уқыплылық ҳаққында сөз айтпайды. **Екиншиден,** улыўма барлық жеке өзгешеликлерди уқыплылық деп атамайды, ал тек *қандай да бир ис-ҳәрекетти ямаса көплеген ис-*

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

*ҳәрекетлерди* орынлаўда табыслылыққа қатнасы барларын нәзерде тутады. Қызбалық, уяңлық, ас[illegible]па[illegible] ҳәрекет етиў сыяқлы айырым адамлардың жеке өзгешелиги болған қәсийетлер уқыплылық [illegible] аталмайды, себеби қандай-да бир ис-ҳәрекеттиң орынланыўының табыслылығы шәрти деп қаралмайды.

**Үшиншиден**, ҒуқыплылықҒ түсиниги сол адамда бурыннан ислеп шығылған билим, көнликпе ямаса билимнен ибарат емес. Бираз ўақытлары устаз оқыўшысының жумысына кеўли толмайды, ал бул оқыўшының билими басқа оқыўшылардыкинен кем емес, бирақ устаз басқа балалардың усынша билимине де қанаатланады. Өз наразылығын устаз былайынша түсиндиреди, оқыўшы жетерлише шуғылланбай атыр, егер ол көбирек шуғылланса Ғусындай уқыпларын дыққатқа алыпҒ ол буннанда көбирек билимге ийе болар еди.

Бул мысал, турмыста уқыплылық дегенимизде әдетте бар көнликпе, билим ҳәм уқыплардан ибарат болмаған, бирақ бул билим ҳәм көпликпелерди ийелеўдиң аңсат ҳәм тезлигин көрсетеди.

Бизлер уқыпты индивидтиң (жеке шахстың) туўма мүмкиншиликлери сыпатында түсине алмаймыз, себеби уқыпты биз Ғадамның жеке-психологиялық өзгешелигиҒ деп анықлама бердик, ал бул кейингиси болса өз-өзинен туўма бола алмайды. Тек анатомо-физиологиялық өзгешеликлер ғана яғный уқыплардың раўажланыўы тийкарында жатырған туўма бола алады, уқыплардың өзи болса барлық ўақытта раўажланыў нәтийжеси болады.

Солай етип, уқыпты адамның туўма өзгешелиги сыпатында түсиниги бийкар етилди, бирақ уқыпты раўажландырыўдың көпшилик жағдайларында бир неше туўма өзгешеликлер бар екенлигин биз бийкарламаймыз.

Айырым ўақытлары ҒтәбийғыйҒ, ҒтәбияттанберилгенҒ ҳ.т.б сөзлер менен билдирилетуғын ҒтуўмаҒ түсиниги-жийи практикалық анализде уқып пенен байланыстырылады.

Барлық жағдайларда бизлер уқыплардың өзиниң туўмалығын емес, ал олардың раўажланыўының тийкарында жатырған зейинлерди нәзерде тутамыз. Туўма зейинлер ҳаққында сөз ете отырып бизлер нәсилден өтетуғын зейинлер ҳаққында айтпаймыз. Бул еки түсиникти уқсаслықта бар болған кәтешиликлер жүдә кең тарқалған. ҒТуўмаҒ сөзин айтыў, Ғнәсилден өткенҒ деген сөзди айтқан менен тең деп шамалайды. Бул әлбетте қәте. Өйткени туўылыўдан алдын жатырда раўажланыў дәўири бар. ҒТуўмалықҒ ҳәм ҒтуўмаҒ сөзлери психологиялық әдебиятта усы белги қәсийет нәсилден өтиў жолы менен ата-бабаларынан өткен екенлигине ҳақыйқый тийкар болған жағдайда, бунда да тек ғана бул қәсийет тәрбия ямаса үйретиў нәтийжеси емес екенлигин көрсетиўди қәлегенде ямаса бул қәсийет организмниң айырым биологиялық ҳәм физиологиялық өзгешеликлерине барып тақалатуғынлығын көрсетиўди қәлегенде қолланылады. Солай етип, Ғнәсилден өткенҒ сөзи тек ғана ҒтуўмаҒ емес, ал ҒбиологиялықҒ, ҒфизиологиялықҒ ҳ.т.б. сөзлердиң синоними болады.

ҒТуўма зейинлерҒ түсиниги ҳеш бир жағдайда да Ғнәсилден өткен зейинлерҒ түсиниги менен бир мәнисте емес. Уқыплылық өз негизи бойынша динамикалық түсиник. Уқыплылық тек ҳәрекетте, тек раўажланыўда бар. Психологиялық планда уқыплылық ҳаққында, ол өз раўажланыўына шекем қалай жасаўы ҳаққында, сондай-ақ, өз раўажланыўын тоқтатқан, өзиниң толық раўажланыўына жеткенлиги ҳаққында айтып болмайды.

Абсолют еситиў балада даўыс бәлентлигин билиў мәселесине шекем уқып сыпатында болмаған. Буған шекем тек анатомо-физиологиялық факт сыпатында зейин болған.

Өзине тән музыка уқыплылығы- абсолют еситиў деп аталады, яғный бундай уқыпқа ийе адам бәлентлилиги белгили болған басқа даўыслар менен салыстырмай-ақ, айырым даўыслардың бәлентлилигин биле алады. Абсолют еситиўде Ғтуўма уқыплылықҒ яғный тийкарында туўма зейинлер жатырған типик мысалын көриў көриўге тийкарлар бар. Бирақ абсолют еситиў болмағанда, басқа уқыпларға-салыстырмалы еситиў, тембрлы еситиў ҳ.т.б сүйене отырып басқа жағдайларда абсолют еситиў тийкарында әмелге асырылатуғын сондай бир уқыпты ислеп шығыўды аңлатады. Даўыс бәлентлигин билиўдиң психологиялық механизми еки жағдайда еки түрли болады, бирақ практикалық нәтийжелери айырым жағдайларда бирдей болыўы итимал.

Сол ўақыт ямаса дәўир де бул түсиниклерге бираз өзгерислер киритеди. Мысалы Ғмузыкалы талантлылықҒ түсиниги бир даўыслы музыкадан басқасын билмеген халықлардыкине салыстырғанда бизлер ушын басқаша мәниге ийе. Тарийхый раўажланыў музыкалық талантлылықты өзгертиўди де көрсетеди.

Демек ҒталантлылықҒ түсиниги оны жәмийетлик-мийнет практикасының конкрет, тарийхый раўажланып атырған формасы менен өз-ара байланыспай мәниге ийе емес.

Және бир ең әҳмийетли жағдайды атап өтемиз. Талантлылықтан табыс емес, ал усы табысқа ерисиў мүмкиншилиги ғәрезли. Ҳәттеки мәселениң психологиялық тәрепи менен шеклене отырып соны айтып өтиўимиз керек, қәлеген ис-ҳәрекетти табыслы орынлаў ушын тек ғана талантлылық емес, ал тийисли көнликпе ҳәм уқыплылқларға ийе болыў талап етиледи. Адам қаншелли феноменал ҳәм музыкалық талантқа ийе болмасын, егер ол музыкаға оқымаса ҳәм музыкалы ис-ҳәрекет пенен турақлы түрде шуғылланбаса, ол опера дирижеры ямаса эстрада пианисти функциясын атқара алмайды.

Төмендеги еки жағдай арасында үлкен айырмашылық бар Ғбул адам өз таланты менен мынандай ис-ҳәрекет түрлерин табыслырақ атқарыў мүмкиншилигине ийеҒ ҳәм Ғбул адам өз таланты менен мынандай ис-ҳәрекетке бейимҒ. Талант ис-ҳәрекетти таңлаўдың анықлаўшы белгилеўши бирден-бир факторы есапланбайды (ал класслық жәмийетте ол көпшиликте улыўма сайлаға тәсир етпейди), сондай-ақ ис-ҳәрекетти орынлаўда табыслылықты белгилеўши бирден-бир фактор болып та есапланбайды.

**Уқыплылық** - бул адамның усы хызметтиң талапларына жуўап беретуғын ҳәм оны табыслы түрде орынлап шығыўының шәрти болатуғын жеке-психологиялық өзгешеликлери болады.

Тәбийи, туўма факторлар уқыпларды раўажландырыўда қандай да бир роль атқарады ма.

Айырым илимпазлар адам уқыпларының туўма, туқым қуўып келип шығыўын мойынлайды. Олар уқыплардың түри де, олардың туўылған күнинен баслап алдын-ала белгиленген болады, бул тәбияттың өзине тән сыйлығы деп есаплайды. Илимий психология бул надурыс көз-қарасты пүткиллей бийкарлайды. Тәлим-тәрбия бериў, адамның турмыс ҳәм хызмет шәраятлары оның уқыпларын актив түрде қәлиплестиреди. Бирақ бул, тәбийи, биологиялық факторлар уқыплардың қәлиплесиў процессинде улыўма ҳеш қандай роль атқармайды, деген билдирмейди. Уқыпларды раўажландырыўдың бундай алдын-ала тәбийи шәртлерин зейин деп атайды.

Зейин-адамлар арасындағы жеке тәбийи айырмашылықларды жүзеге келтиретуғын мийдиң, нерв системасының, анализаторлардың гейпара тәбийи анатомиялық-физиологиялық өзгешеликлери болады. Қолайлы зейинлер ҳәм ең қолайлы турмыс жәнe хызмет шараятларында баланың уқыплары, мәселен, сазенделик, әдебий көркемлик-сүўретлеў, математикалық уқыплары оғада ерте қәлиплесиўи ҳәм оғада тез раўажланып кетиўи итимал (ал бул нәрсе гейде уқыплардың тәбийи болып көриниўине алып келеди) В.А.Моцарт дәслепки музыкалық пьесаларын қ-ң жасында дөрете баслады. Атақлы сүўретши К.П.Брюллов 9 жасар шағында сүўретшилик Академиясына оқыўға кирди, А.С.Пушкин 8 жасынан, Н.А.Некрасов 9 жасынан қîñûқ жаза баслады.

Уқыплардың жоқары дәрежеде раўажланыўын талант деп атайды. Талант-бул бир жағынан, белгили бир хызметти айрықша табыслы, творчестволық түрде орынлаўға мүмкиншилик беретуғын уқыплардың, екинши жағынан, усы хызметке бейимликтиң, оған деген өзине тән зәрүрликтиң, үшинши жағынан, қатты мийнет сүйгишликтиң ҳәм табанлылықтың ең қолайлы биригиўи болады. талант тек илим ҳәм искусство тараўында ғана емес, ал инсанның ҳәрқандай хызметинде жүзеге келиўи итимал. Сонлықтан емлеўши врач та, муғаллим де маман рабочий да талантлы бола алады.